

# ХЪЫБЫРЫФIЫР ИУАН КЪЫЗЭРИIУЭТАР

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Псалъэр цIыху зэрыхъуар*

ЩIэдзапIэм деж Псалъэр* щыIащ. Ар Тхьэм деж щыIащ, а
Псалъэр Тхьэуэ аращ. 2ЩIэдзапIэм къыщегъэжьауэ, а Псалъэр
Тхьэм деж щыIащ.
3Тхьэм а Псалъэм псори къригъэгъэщIащ. Тхьэм къигъэщIа
псоми ящыщ а Псалъэм къримыгъэгъэщIауэ зыри щыIэкъым.
4МыкIуэдыжын гъащIэ хэлъащ а Псалъэм, а гъащIэри цIыху-
хэм нэху яхуэхъуащ. 5Нэхур кIыфIыгъэм къыщонэху, кIыфIы-
гъэр нэхум пэлъэщакъым.
6Тхьэм къигъэкIуауэ, лIы гуэр дунейм къытехьащ. Иуант абы
и цIэр. 7Иуан нэхум щыхьэт техъуэну къэкIуащ, цIыху псоми а

1:1 Псалъэр – а Псалъэм хэлъщ Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэу псори къэзыгъэщIу, цIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлри Тхьэм и акъылыфIагъэри. А Псалъэр цIыху хъуащ, Хьисэ Мэссихьыр арщ.

нэхумкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъун щхьэкIэ. 8Езыр нэхутэкъым,
ауэ нэхум щыхьэт техъуэн щхьэкIэ, Тхьэм къигъэкIуащ ар. 9Нэху
пэжу цIыху псори къэзыгъэнэхур дунейм къытехьэну щытащ.

10А Псалъэр дунейм къытехьащ. Тхьэм а Псалъэм дуней псо-
ри къригъэгъэщIащ, апхуэдэу щыт пэтми, дунейм и цIыхухэм
ар къацIыхужакъым. 11Езым и къэралым къэкIуащ, ауэ абы и
цIыхухэм* ар ядакъым. 12Ауэ ар зыда цIыху псоми, езымкIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэхэм, Тхьэм и бын хъуну хуитыныгъэ къари-
тащ. 13Ахэр Тхьэм и бын зэрыхъуа щIыкIэр бын къызэралъху
щIыкIэм хуэдэукъым. Ахэр Тхьэм и бын зэрыхъуар цIыхухъур
цIыхубзым зэрехъуапсэм, е лIыр бын зэрыхуейм щхьэкIэкъым,
атIэ Тхьэм бын хуэхъуныр къызыбгъэдэкIар езы Тхьэр арщ.

14А Псалъэр цIыху хъуащ, икIи къытхэтащ. Абы и щIыхьы-
шхуэри тлъэгъуащ. Ар Адэ лъапIэм и Къуэ закъуэм и щIы-
хьышхуэр арщ. НэфI щыхуэныгъэрэ щыпкъагъэрэ абы игу илъу
щытащ.

15Иуан абы щыхьэт техъуащ. Мыпхуэдэу жиIащ макъ
хэIэтыкIакIэ:

– Мыращ жыхуэсIар: «Си ужькIэ къэкIуэнур сэр нэхърэ нэхъ
лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыкъэхъун и пэкIэ ар щыIащ».

16Езым и фIыгъуэшхуэм щыщу зы нэфI щыхуэныгъэр адрей
нэфI щыхуэныгъэм къыкIэлъыкIуэу къытлъигъэсащ. 17Торэт
хабзэр Тхьэм и унафэкIэ къытхуэзыгъэнар Мусэ бегъымбарыр
арщ, ауэ нэфI щыхуэныгъэмрэ щыпкъагъэмрэ къызыбгъэдэкIар
Хьисэ Мэссихьыр арщ. 18Тхьэр и нэкIэ зыми илъэгъуакъым
игъащIэм. Къуэ закъуэу Адэ лъапIэм деж щыIэм Тхьэр зыхуэ-
дэр къытхуигъэнэхуащ.

### *УмэхъакIуэ Иуан щыхьэт зытехъуар*

*(Маттэ 3:1-12; Марк 1:2-8; Лука 3:15-17)*

19Иуан Хьисэ щыхьэт зэрытехъуар мыращ; Ерусалим щыщ
журтхэм дин пашэхэри левитхэри* Иуан еупщIыну ягъэкIуащ.

– Уэ ухэт? – жаIэу щеупщIым, 20 Иуан, пэжыр имыбзыщIу,
нахуэу жиIащ:

---

1:11 и къэралым … и цIыхухэр – Израил къэралымрэ Израил цIыхухэмрэщ.

1:19 левитхэр – Левий зи цIэ дин пашэ унагъуэ лъэпкъым щыщу Тхьэм и унэшхуэм щылажьэу щытахэр арщ.

– Сэракъым Мэссихьыр.*

21 – АтIэ ухэт уэ? – еупщIащ ахэр. – Уэ у-Иляс бегъымбар?*

– Хьэуэ, – жиIащ Иуан.

– Бегъымбарыр* уэра? – еупщIащ ахэр.

– Хьэуэ, – жиIащ абы.

22 – АтIэ ухэт уэ? – еупщIащ Иуан. – ДыкъэзыгъэкIуахэм етты-
жыну жэуапыр къыджеIэ. Сыт уэ уи щхьэм щхьэкIэ къыдже-
пIэнур?

23 – Ешайа бегъымбарым* «Зиусхьэным и гъуэгур занщIэ
фщIы, жиIэурэ губгъуэ нэщIым джэ макъ гуэр къыщоIу» жы-
хуиIэ макъыр сэращ, – жиIащ Иуан.

24А лIыкIуэхэр фарисейхэм* ящыщт. 25Ахэр Иуан къеупщIащ:

– Мэссихьыр уэрмырамэ, Илясри уэрмырамэ, бегъымбарри
уэрмырамэ, сыт цIыхухэр щIэбумэхьыр*?

26 – Сэ цIыхухэр соумэхъ, – яжриIащ Иуан. – Ауэ фымыцIыху
гуэр къыфхэтщ. 27Аращ си ужькIэ къэкIуэнур. Ар сэр нэхърэ
нэхъ лъапIэщ. Абы и вакъэ лъэпсхэр хуэстIэтэнуи схуэфащэ-
къым сэ.

28А псори къыщыхъуар Вифание жылэращ, Иорданыпсым и
адрыщIу Иуан цIыхухэр щиумэхъыу щытарщ.

*Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэр*

29 Хьисэ етIуанэ махуэм къакIуэу щилъагъум, Иуан жиIащ:

– Мис Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэу дунейм и цIыхухэм я
гуэныхьхэр ятезыхыжыр. 30 Мыращ жыхуэсIар: «Си ужькIэ
къэкIуэну лIыр сэр нэхърэ нэхъ лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
сэ сыкъэхъун и пэкIэ ар щыIащ». 31Ар сэ сцIыхуртэкъым, ауэ сэ
цIыхухэр сыумэхъыну сыкъыщIэкIуар израил цIыхухэм ар
хэтми езгъэщIэн щхьэкIэщ.

---

1:20 Мэссихь – Даут пащтыхьым и унагъуэ лъэпкъым къытехъукIауэ, бегъымбархэм къызэрыжаIам тету, израил цIыхухэм щхьэхуитыныгъэрэ мамыр псэукIэрэ яригъэгъуэтыну Тхьэм ахэр къызэригъэгугъа пщы лъапIэр арщ.

1:21 Иляс бегъымбарыр – абы щIылъэм къигъэзэжу, Мэссихьым и гъуэгу хуигъэпсыну журтхэр поплъэ. Еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 4:5-6.

1:21 бегъымбарыр – Мэссихьыр дунейм къызэрыкIуэнумкIэ цIыхухэм хъыбар яригъэщIэну къэлъэгъуэн хуея бегъымбарыр арщ.

1:23 Ешайа бегъымбарыр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:3.

1:24 фарисейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

1:25 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.

Хьисэ щыхьэт техъуэурэ, Иуан жиIащ итIанэ:
[32] – Тхьэм и Псэ ЛъапIэр тхьэрыкъуэм хуэдэу уафэм Хьисэ
къыхуехауэ къызэрыщхьэщытыр слъэгъуащ. [33] Езыр сэ сцIыхур-
тэкъым, ауэ цIыхухэр сыумэхъыну сыкъэзыгъэкIуам къызжи-
Iащ: «Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къызыхуехауэ, зыщхьэщыт цIыхур
арщ цIыхухэр Тхьэм и Псэ ЛъапIэкIэ зыумэхъынур». [34]Апхуэдэу
зэрыхъуар сэ слъэгъуащ, ар Тхьэм зэри-Къуэми щыхьэт сы-
тохъуэ сэ.

*Хьисэ и гъуэгу япэу техьа цIыхухэр*

[35]Иуан езым и гъуэгу ирикIуэ лIитI и гъусэу, а щIыпIэм деж
щытащ етIуанэ махуэми. [36]Хьисэ къакIуэу щилъагъум, Иуан
жиIащ:

– Мис Тхьэм и къурмэныпхъэ щынэр.

[37] Иуан и гъуэгу ирикIуэ лIитIым абы ар жиIэу щызэхахым,
Хьисэ и ужь иуващ. [38]Хьисэ къызэплъэкIри, ахэр езым и ужь
иуващ щилъагъум, яжриIащ:

– Сыт фэ фызыхуейр?

– Равви, дэнэ ущыпсэур? – къеупщIащ ахэр. (Раввим къикIыр «Дин ЕгъэджакIуэщ».)

[39] – ФыкъакIуи, флъагъунщ, – яжриIащ Хьисэ.

Ахэр кIуэщ, зыщыпсэур ялъагъури, а махуэр Хьисэ деж щагъэкIуащ. Ар сыхьэтыр плIым дежт.*

[40] Иуан Хьисэ теухуауэ жиIар зэхэзыхыу, Хьисэ и ужь иува
лIитIым я зыр Симон Петр и къуэш Индрисщ.

[41] Индрис и къуэш Симон япэщIыкIэ къигъуэтри жриIащ:

– Мэссихьыр къэдгъуэтащ. (Мэссихьым къикIыр «Христосыр» арщ.)

[42] Индрис Хьисэ деж Симоныр къишащ. Симон щилъагъум,
Хьисэ къыжриIащ:

– Уэ у-Симону Иуан урикъуэщ. КифэкIэ къоджэнущ. (Кифэм къикIыр «Мывэщ».)

---

1:39 сыхьэтыр плIым дежт – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «епщIанэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэ нэужьым сыхьэтыр плIырщ.

### *И гъуэгу ирикIуэну, Хьисэ Филиппрэ Нафанаилрэ къызэрыхуриджар*

[43] Хьисэ Галилей хэкум кIуэну триубыдащ етIуанэ махуэм.
Хьисэ Филипп хуэзри, жриIащ итIанэ:

– Си ужь къиувэ.

[44]А Филиппыр Индрисрэ Петррэ зыдэс Вифсайдэ къалэм*
щыщт. [45] Филипп кIуэщ, Нафанаил къигъуэтри, жриIащ:

– Торэт хабзэм иту Мусэ бегъымбарми адрей бегъымбар-
хэми зи гугъу ящIар къэдгъуэтащ. Ар Исуф и къуэу Назарет
къалэм* щыщ Хьисэр аращ.

[46] – Назарет фIыгъэ зыхэлъ гуэр къыдэкIын? – къеупщIащ
Нафанаил.

– КъакIуи, еплъ! – жриIащ абы Филипп.

[47]Нафанаил къакIуэу щилъагъум, абы теухуауэ Хьисэ жиIащ:

– Мис Израил щыщ цIыху щыпкъэу гъэпцIагъэ гуэри зыхэ-
мылъыр.

[48] – Дэнэ сыкъыщыпцIыхурэ? – къеупщIащ Нафанаил Хьисэ.

– Филипп къоджэн и пэкIэ, ахъуо жыгым и щIагъым ущы-
щIэтым, услъэгъуащ, – жиIащ Хьисэ.

[49] – Равви, уэ Тхьэм ури-Къуэщ, Израилым урипащтыхьщ, –
къыжриIащ Нафанаил.

[50] – Ахъуо жыгым и щIагъым ущIэту услъэгъуащ зэрыб-
жесIам щхьэкIэ, уи фIэщ хъуащ, – жиIащ Хьисэ. – Абы нэхърэ
нэхъ гъэщIэгъуэныщи плъагъунущ.

[51] Хьисэ Нафанаил жриIащ итIанэ:

– Пэж дыдэр нывжызоIэ, уафэр зэIухауэ, ЦIыху Лъэпкъым
и Къуэм* деж мелыIычхэр дэкIуейуэ икIи къехыу* флъагъунущ.

---

1:44 Вифсайдэ къалэр – Галилей гуэлым и ищхъэрэ къуэкIыпIэ Iуфэм Iутащ.

1:45 Назарет къалэр – еплъ Маттэ 2:23.

1:51 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

1:51 мелыIычхэр дэкIуейуэ икIи къехыу – еплъ 1 Мусэ 28:12.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Канэ жылэм щыIа хьэгъуэлIыгъуэр*

Галилей хэкум* щыщ Канэ жылэм* хьэгъуэлIыгъуэ щыIащ
ещанэ махуэм. Хьисэ и анэри абы ирихьэлIащ. 2Хьиси абы и
гъуэгу ирикIуэхэри а хьэгъуэлIыгъуэм ирагъэблэгъауэ щытащ.
3 Фадэр щаухым, анэм Хьисэ жриIащ:
– Санэ яIэжкъым.
4 – А цIыхубз, сыт сэ си Iуэхуу абы хэлъыр? Си пIалъэр иджы-
ри къэсакъым, – жриIащ Хьисэ и анэм.
5 – Хьисэ сыт къывжиIэми, вгъэзащIэ, – яжриIащ Хьисэ и
анэм IуэхутхьэбзащIэхэм.
6Мывэм къыхэщIыкIауэ псылъих щытт абдежым, журтхэм
я дин хабзэм тету загъэкъэбзэн щхьэкIэ. Дэтхэнэ псылъэми
литр ищI-щэрэ тIощIрэ хуэдиз ихуэрт.
7 – Псылъэхэм псы изу ивгъахъуэ, – яжриIащ Хьисэ Iуэху-
тхьэбзащIэхэм. Арати, изыбзэу ирагъэхъуащ. 8Хьисэ яжриIащ
итIанэ:
– Псылъэхэм хуэм-хуэмурэ къифхи, хьэгъуэлIыгъуэм и тхьэ-
мадэм зэфэн хуэфхь.
Апхуэдэуи ящIащ. 9 Тхьэмадэр фадэ хъуа псым еIубащ. Са-
нэр къыздикIар ищIэртэкъым, а псыр псылъэхэм къизыха Iуэху-
тхьэбзащIэхэрт зыщIэр. ХьэгъуэлIыгъуэм и тхьэмадэм щауэр
къриджэри, 10 жриIащ:
– СанэфIыр Iэнэм япэ къытрагъэувэ. ХьэщIэхэр куэд ефа
нэужь, санэ нэхъ пудыр Iэнэм къытрагъэувэ, ауэ уэ фадэфIыр
иджыри къэс щыбгъэтащ.
11Хьисэ и нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэм ящыщу япэрейр аращ.
А нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэр Галилей хэкум щыщ Канэ жылэм
щигъэлъэгъуащ. И щIыхьышхуэр къигъэнэхуащ апхуэдэу, и
гъуэгу ирикIуэхэми езымкIэ фIэщхъуныгъэу яIэри нэхъ быдэ
хъуащ.

---

2:1 Галилей хэкур – еплъ Маттэ 2:22.

2:1 Канэ жылэр – Назарет къалэм километрихкIэ пэжыжьэу, ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ.

[12]И анэри, и къуэшхэри, и гъуэгу ирикIуэхэри и гъусэу, Хьисэ
Капернаум къалэм* кIуащ абы и ужькIэ. Махуэ зыщыплIкIэ
щыIащ а къалэм.

*Хьисэ сатуущIэхэр Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIихуар*
*(Маттэ 21:12-13; Марк 11:15-17; Лука 19:45-46)*

[13] Журтхэм я IутIыж махуэшхуэр* къэблэгъащ, Хьисэ Еру-
салим дэкIуеящ. [14] Тхьэм и унэшхуэм щIыхьащ. ЩыщIыхьэм,
выхэр, мэлхэр, тхьэрыкъуэхэр зыщэхэри,* ахъшэ зыхъуэжхэри*
Iэнэхэм пэрысу абы щIилъэгъуащ. [15]КIапсэм щIопщ къы-
хищIыкIри, еуэурэ, Тхьэм и унэшхуэм щIэт псори, выхэри мэл-
хэри я гъусэу, къыщIихуащ. Ахъшэ зыхъуэжхэми я Iэнэхэр
щхьэпридзащ, я ахъшэхэри ирикъухьащ.
[16] – Мыхэр Iуфх. Си Адэм и унэр сатущIыпIэ фымыщI, –
яжриIащ Хьисэ тхьэрыкъуэ зыщэхэм.
[17]«Уэ уи унэм сызэрыфIэлIыкIым щхьэкIэ согузавэ» псалъэ-
хэр Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтыр* Хьисэ и гъуэгу ирикIу-
эхэм ягу къэкIыжащ абдежым.
[18]Журтхэм Хьисэ къыжраIащ абы щыгъуэ:
– Мыр пщIэну хуитыныгъэ зэрыуиIэм и щыхьэту сыт хуэдэ
нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ дыбгъэлъагъун?
[19] – Мы тхьэ унэр зэхэфкъути, сэ махуищкIэ зэтезгъэувэ-
жынщ, – жэуап яритащ Хьисэ абыхэм.
[20] – Мы тхьэ унэр илъэс плIыщIрэ хыкIэ ящIащ, – жаIащ
журтхэм, – уэ ар махуищкIэ зэтебгъэувэжыфынуи?
[21]Хьисэ тхьэ унэ жыхуиIар езым и пкъырат. [22]Хьисэ лIахэм
къахэтэджыкIыжа нэужь, абы и гъуэгу ирикIуэхэм а псалъэхэр
ягу къэкIыжри, Тхьэм и псалъэ тхахэмкIи Хьисэ жиIа пса-
лъэхэмкIи фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ.

---

2:12 Капернаум къалэр – еплъ Маттэ 8:5.

2:13 IутIыж махуэшхуэр – еплъ Маттэ 26:2.

2:14 выхэр, мэлхэр, тхьэрыкъуэ зыщэхэр – къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм и унэшхуэм и пщIантIэм щащэрт абыхэм.

2:14 ахъшэ зыхъуэжхэр – еплъ Маттэ 21:12.

2:17 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтыр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 68:10.

*ЦIыху псоми ягу илъыр Хьисэ ещIэ*

[23]IутIыж махуэшхуэм Ерусалим щыщыIэм, Хьисэ нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэ къигъэлъэгъуахэр я нэгу щIэкIати, цIыху куэ-
дым абыкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ. [24]Ауэ Хьисэ цIыхухэм
дзыхь яхуищIыртэкъым, ахэр псори фIыуэ ицIыхурти. [25]ЦIы-
хум теухуауэ зыгуэр зэригъэщIэн щхьэкIэ цIыху гуэр щыхьэт
къытехъуэну Хьисэ хуэныкъуэтэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
цIыхухэм ягу илъыр езым ищIэрти.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЩIэрыщIэу фыкъальхужын хуейщ*

Фарисейхэм ящыщ лIы гуэр щыIащ Никодим и цIэу. Ар журт
пашэхэм ящыщт . [2]Хьисэ деж жэщу къакIуэри, абы къыжриIащ:
– Равви,* уэ Тхьэм къыбгъэдэкIа дин егъэджакIуэу узэры-
щытыр дощIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр имыгъусэмэ, уэ къэб-
гъэлъагъуэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр къигъэлъэгъуэн зыми
лъэкIынукъым.
[3] – Пэж дыдэр бжызоIэ, цIыху гуэрми, щIэрыщIэу къамылъ-
хужмэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр* илъагъун лъэкIынукъым,
– жиIащ Хьисэ.
[4] – ЦIыхур жьы хъумэ, дауэ къызэралъхужынур? – къеупщIащ
Никодим. – И анэм и ныбэм ихьэжу, щIэрыщIэу къалъхужыну?
[5] – Пэж дыдэр ныбжызоIэ, – жэуап итыжащ Хьисэ, – псымрэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэмрэ къахэкIыу, щIэрыщIэу къамылъхуж-
мэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэн лъэкIынукъым цIыхум.
[6] ЦIыхум къыхуэхъур цIыхущ, ауэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм къыхэкI
цIыхур Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зи гум илъ цIыхущ. [7] «ЩIэрыщIэу
фыкъалъхужын хуейщ» жысIэу зэрыбжесIар умыгъэщIагъуэ.
[8]Жьыр езыр здыхуеймкIэ къопщэ. И макъри зэхыбох, ауэ къыз-
дикIри здэкIуэри пщIэркъым. Аращ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
къыхэкIа дэтхэнэ цIыхуми и Iуэхур зытетыр.
[9] – Ар дауэ зэрыхъур? – еупщIащ Никодим Хьисэ.

---

3:2 Равви – «дин егъэджакIуэр» арщ.

3:3 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

[10] – Уэ израил дин егъэджакIуэхэм уащыщщ, ар умыщIэу
ара? – жэуап иритащ Хьисэ. [11] – Пэж дыдэр ныбжьызоIэ, дэ тщIэ-
ращ дызытепсэлъыхьыр, тлъэгъуаращ щыхьэт дызытехъуэри,
ауэ щыхъукIи ди щыхьэтыгъэр фэ вдэркъым. [12] Мы дунейм и
Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ нывжесIащ, фэ фи фIэщ хъуркъым.
Уафэм и Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ нывжесIэмэ, дауэ фи фIэщ зэры-
хъунур? [13] Уафэм зы цIыхуи дэкIуеякъым, ауэ уафэр зи псэупIэ
ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къехащ. [14] Мусэ бегъым-
барым* губгъуэ нэщIым блэр зэрыщиIэтыгъам хуэдэу, ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэри цIыхухэм яIэтын хуейщ,* [15] езымкIэ фIэщ-
хъуныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыми мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун
щхьэкIэ.

[16] – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэ-
дизкIэ фIыуэ илъэгъуати, езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и
КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри мыкIуэду къелын икIи
мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ. [17] Тхьэм дунейм и цIы-
хухэр игъэкъуэншэну аракъым езым и Къуэр дунейм къыщIи-
гъэкIуар, атIэ и Къуэм къыпкърыкIэу дунейм и цIыхухэр мы-
кIуэду къригъэлын щхьэкIэщ. [18] Тхьэм езым и КъуэмкIэ фIэщ-
хъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри игъэкъуэншэнукъым, ауэ фIэщхъу-
ныгъэ зимыIэ дэтхэнэри  Тхьэм игъэкъуэншакIэщ и Къуэ за-
къуэмкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ зэрымыхъуам щхьэкIэ. [19] Тхьэм
цIыхухэр щIигъэкъуаншэр мыращ: Нэхур дунейм къытехьащ,
ауэ цIыхухэм нэхум нэхърэ кIыфIыгъэр нэхъыфIу ялъэгъуащ,
абыхэм ялэжь Iуэхухэр бзаджагъэти. [20] Бзаджагъэ зылэжь дэт-
хэнэми  нэхур илъагъу хъуркъым, илэжьа Iуэхухэри нахуэ мы-
хъун щхьэкIэ, нэхум екIуалIэркъым. [21]Ауэ щыпкъагъэр зылэжь
дэтхэнэри нэхум йокIуалIэ, Тхьэм и псэм зэрыщыщым папщIэ
а Iуэхухэр зэрилэжар нахуэ хъун щхьэкIэ.

*Иуан Хьисэ зэрытепсэлъыхьар*

[22]Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Иудей хэкум* кIуащ абы и
ужькIэ. Абыхэм я гъусэу Хьисэ а щIыпIэм щыIэурэ, цIыхухэр

---

3:14 Мусэ бегъымбарыр – еплъ 4 Мусэ 21:4-9.

3:14 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэри цIыхухэм яIэтын хуейщ – а псалъэхэм Хьисэ къригъэкIар езыр жорым зэрыраIулIынури, Тхьэм и деж зэрыдэкIуеижынури арщ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр Хьисэр аращ. Еплъ Маттэ 8:20.

3:22 Иудей хэкур – Израил къэралым и хэкухэм ящыщу щытащ.

иумэхъырт. 23 Салим жылэм пэгъунэгъуу Енон зи цIэ щIыпIэм
псы куэд щыIэти, Иуан цIыхухэр абы щиумэхъырт. Ахэр Иуан
деж къакIуэрти, зрагъэумэхъырт. 24А зэманым Иуан лъэ-
хъуэщым щIадзащIыкIэтэкъым.* 25 Иуан и гъуэгу ирикIуэхэм
ящыщхэмрэ зы журт гуэррэ диным тету зызэрыбгъэкъэбзэжын
IуэхугъуэмкIэ зэныкъуэкъуу щIадзащ. 26 И гъуэгу ирикIуэхэр
и деж къакIуэри, Иуан къыжраIащ:

– Равви, еплъ, Иорданыпсым и адрыщIым уэ узигъуса икIи
щыхьэт узытехъуа лIым цIыхухэр щеумэхъ икIи цIыху псори
абы и деж къокIуэ.

27 – Тхьэм лъимыгъэкIмэ, зыми зыри ищIэн лъэкIынукъым,
– жиIащ Иуан. 28 – «Мэссихьыр сэракъым, ауэ Мэссихьым и пэ
къихуэу Тхьэм сыкъигъэкIуащ» зэрыжысIамкIэ фэ фызищы-
хьэтщ. 29 НысащIэр зейр щауэр арщ. Ауэ щауэм и гъусэу аб-
дежым щыту щауэм и макъыр зэхэзыхыр мэгуфIэ. А гуфIэгъуэ
нэсыр сэри си гуфIэгъуэщ. 30 Ар нэхъ ин хъун хуейщ, сэ нэхъ
цIыкIу сыхъун хуейщ.

### *Уафэм къехыр*

31 – ИщхьэкIэ къехыр псоми ящхьэжщ. Ауэ щIылъэм щыщыр
щIылъэм ейщ, щIылъэм тетхэр зэрыпсалъэм хуэдэу ари мэ-
псалъэ. Уафэм къехыр псоми ящхьэщ. 32Илъэгъуахэмрэ зэхи-
хахэмрэ щыхьэт ятохъуэ ар, ауэ и щыхьэтыгъэр зыми идэр-
къым. 33Абы и щыхьэтыгъэр зыдам Тхьэр зэрыщыпкъэр идауэ
мэхъу. 34 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм къигъэкIуам Тхьэм и
псалъэхэрщ жиIэр. А цIыхум и гум Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр
кърилъхьэ зэпытщ. 35Адэ лъапIэм езым и Къуэр фIыуэ елъагъу-
ри, и IэмыщIэ псори кърилъхьащ. 36 Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъу-
ныгъэ зиIэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъуащ, Къуэм емыдаIуэм
мыкIуэдыжын гъащIэ иIэнукъым, Тхьэм и губжьыр къытехуэ-
нущ абы.

3:24 лъэхъуэщым щIадзащIыкIэтэкъым – еплъ Марк 6:17-18.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Самарие щыщ цӀыхубзым Хьисэ зэрепсэлъар*

Иуан и гъуэгу ирикӀуэхэм нэхърэ Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэр
нэхъыбэ хъуурэ, Хьисэ ахэр зэриумэхъым и хъыбарыр фари-
сейхэм зэралъэӀэсар Хьисэ къищӀащ. [2] (Ахэр зыумэхъыу щытар
Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэр арщ, езы Хьисэкъым.) [3]А хъыбарыр
щызэхихым, Иудей хэкум икӀри, Галилей хэкум кӀуэжащ Хьисэ.
[4]Самарие хэкум* кӀуэцӀрыкӀыну къыпэщытт Хьисэ. [5] КӀуэ-
урэ, Самарие хэкум щыщ Сихар къалэм нэсащ; а къалэр Екъуб
езым и къуэ Исуф иритыгъа щӀыгу Ӏыхьэм* пэгъунэгъут. [6]А
щӀыпӀэм Екъуб и псыкъуийр итт. Гъуэгум иригъэшати, псы-
къуийм деж щетӀысэхащ Хьисэ. Сыхьэтыр пщыкӀутӀым дежт
ар.*
[7]Хьисэ псыкъуийм деж щысу, самарие цӀыхубз гуэр псыхьэ
къэкӀуащ.
– Псы тӀэкӀу сегъафэ, – жриӀащ Хьисэ. [8]Хьисэ и гъуэгу
ирикӀуэхэм шхын къащэхуну къалэм кӀуат абы щыгъуэ.
[9] – Уэ ужуртщ, сэ Самарие сыщыщ цӀыхубзщ, – къыжриӀащ
самарие цӀыхубзым Хьисэ. – Псы уезгъэфэну дауэ укъызэ-
лъэӀуфрэ? – (Апхуэдэу щӀыжиӀар журтхэмрэ самарие цӀыху-
хэмрэ зэхыхьэу щыттэкъыми, аращ.)
[10] – Тхьэм и тыгъэр зыхуэдэри «Псы тӀэкӀу сегъафэ» къыбже-
зыӀари уэ пщӀэуэ щытатэмэ, абы уелъэӀунт, абыи гъащӀэ къозы-
тын псы уригъэфэнт, – жриӀэжащ Хьисэ цӀыхубзым.
[11] – Зи щӀыхь ин, – къыжриӀащ цӀыхубзым, – псыкъуийр
куущ, уэ псы къызэрипхын уиӀэкъым. А гъащӀэ къызэзытыну
псыр дэнэ къыздипхынур? [12] Ди адэшхуэ Екъубщ мы псыкъуийр
къытхуэзыгъэнар. Езыри и къуэхэри мы псым щыщ ефэу, и
былымхэри иригъафэу щытащ. Абы нэхърэ унэхъыщхьэ уэ?
[13] – Мы псым щыщ хэт ефэми, псы хуэлӀэжынущ, – жэуап
иритыжащ Хьисэ. [14] – Ауэ сэ ест псым ефэр игъащӀэкӀэ псы
хуэлӀэжынукъым. Сэ абы естыну псыр цӀыхум игу илъу, зэи

4:4 Самарие хэкур – Иудей, Галилей хэкухэм я зэхуакум дэлъ хэкурщ. Журтхэмрэ Самарие исхэмрэ лъэпкъкӀэ, хабзэкӀэ, динкӀэ зэмыщхьу зэрыщытам щхьэкӀэ зэбийт.

4:5 щӀыгу Ӏыхьэр – еплъ 1 Мусэ 48:22.

4:6 сыхьэтыр пщыкӀутӀым дежт – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкӀмэ, «еханэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикӀыр щэджагъуэрщ.

мыгъуж псынэ хуэхъунущ, мыкIуэдыжын гъащIи а псынэм
къритынущ.
15 – Зи щIыхь ин, – къыжриIащ цIыхубзым, – псы сыхуэмылIэ-
жыну, псыхьи сыкъэмыкIуэжыну а псым щыщ къызэт.
16 – КIуэи, уи щхьэгъусэм къеджи, къэкIуэж, – жриIащ Хьисэ.
17 – Щхьэгъусэ сиIэкъым, – къыжриIащ цIыхубзым.
– Щхьэгъусэ узэримыIэр пэжу жыпIащ, – жриIащ Хьисэ цIы-
хубзым. 18 – Уэ щхьэгъуситху уиIащ, иджы уиIэр уи щхьэгъусэ-
къым. А къыжыпIар пэжщ.
19 – Зи щIыхь ин, уэ узэрыбегъымбарыр къэсщIащ, – къыж-
риIащ цIыхубзым. 20 – Ди адэжьхэр мы Iуащхьэм Тхьэм ще-
лъэIуу щытащ, ауэ фэ, журтхэм, жывоIэ Тхьэм ущелъэIун хуейр
Ерусалим дежу.
21 – Уэ, цIыхубз, – жиIащ Хьисэ, – уи фIэщ гъэхъу, мы Iуащ-
хьэми Ерусалими Адэ лъапIэм фыщыщемылъэIун махуэ
къэсынущ. 22 Фэ, самарие цIыхухэм, фызэлъэIу Тхьэр фщIэр-
къым, ауэ дэ дызэлъэIу Тхьэр дощIэ, мы дунейм и цIыхухэр
мыкIуэду къезыгъэлыр журтхэм ящыщщи.
23Хьисэ жиIащ итIанэ:
– Адэ лъапIэм щыпкъэу елъэIухэр гурэ псэкIи щыпкъагъэкIи
щелъэIун махуэр къэсынущ икIи къэсакIэщ. Апхуэдэу елъэIу-
хэращ Адэ лъапIэм и щIасэр. 24 Тхьэр псэщ, абы елъэIухэри
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и лъэкIыныгъэкIи щыпкъагъэкIи елъэIун
хуейщ.
25 – ХристоскIэ зэджэ Мэссихьыр къызэрыкIуэнур сощIэ, –
къыжриIащ цIыхубзым. – Ар къакIуэмэ, Iуэху псори къыдгури-
гъэIуэнущ.
26 – А жыхуэпIэр сэращ, иджыпсту къопсалъэрщ, – жриIащ
Хьисэ абы. 27Абы хэту, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къэсыжащ.
Хьисэ цIыхубз гуэрым епсалъэу щалъагъум ягъэщIэгъуащ,
арщхьэкIэ абыхэм ящыщ зыми зыри жиIакъым: «Сыт
къыпыпхынур?» е «Сыт ущIепсалъэр?» жиIэу.
28 А цIыхубзым и кхъуэщыныр къигъанэщ, къалэм дыхьэжри,
цIыхухэм яжриIащ:
29 – ФыкъакIуи, феплъыт, лIы гуэрым сэ сщIа псори къыз-
жиIэжащ. Арауэ пIэрэ Мэссихьыр?
30 Къалэм къыдэкIри, Хьисэ деж къэкIуащ цIыхухэр.
31 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къелъэIуащ:
– Равви, шхэ.

32 Хьисэ яжриIащ:

– Фэ фи мынэIуасэ шхыныгъуэ сиIэщ.

33Апхуэдэу щыжиIэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр, «Зыгуэрым
шхын къыхуихьауэ пIэрэ?» жаIэу зыр зым еупщIыжащ.

34 – Сэ си шхыныгъуэр сыкъэзыгъэкIуар зыхуейр злэжьыну,
абы и Iуэхур нэзгъэсыну аращ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
35 – МазиплI дэкIмэ, гъавэ Iухыжыгъуэр къэсынущ, аракъэ фэ
жыфIэр? АтIэ сэ нывжызоIэ, фи напIэр къэфIэти, губгъуэхэм
фиплъэ! Гъавэр гъуэжьыбзэ хъури, я Iухыжыгъуэр къэсащ.
36 Гъавэр иджы Iузыхыжым и Iыхьэр егъуэтыж, мыкIуэдыжын
гъащIэм щхьэкIэщ гъавэр щIыIуихыжыр. Апхуэдэу, жылэ
зысэри гъавэр Iузыхыжри зэдэгуфIэнущ. 37«Зым жылэ есэ,
адрейм гъавэр Iуехыж» жыхуаIэ псалъэжьыр пэж хъуащ. 38 Фэ
гугъу фызыдемыхьа гъавэр Iуфхыжыну фызгъэкIуащ. А гъавэм
нэгъуэщIхэр гугъу дехьащ, ауэ фэри абыхэм я Iуэхум фыхыхьащ.

39А къалэм дэс самарие цIыху куэдым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ
яIэ хъуащ, а цIыхубзыр Хьисэ щыхьэт къытехъуэурэ,
«Сэ сщIа псори къызжиIащ» зэрыжиIам щхьэкIэ. 40Абы
къыхэкIкIэ, самарие цIыхухэр Хьисэ деж къыщыкIуэм, я деж
зыщиIэжьэну къелъэIуащ. КъыщелъэIум, абыхэм я деж
махуитIкIэ къэнащ. 41Хьисэ и псалъэхэр щызэхахым, абыкIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэхэр нэхъыбэж хъуащ.

42 – Уэ жыпIам и закъуэкъым фIэщхъуныгъэ диIэ зыгъэхъуар,
– жраIащ абыхэм цIыхубзым, – атIэ ди тхьэкIумэкIэ зэхэтхащ
езым жиIэр, дунейм и цIыхухэр мыкIуэду къезыгъэлыр пэжу
арауэ зэрыщытыр къэтщIащ.

*ПащтыхьымI хуэлажьэ Iэтащхьэм*
*и къуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:5-13; Лука 7:1-10)*

43А махуитIыр дэкIа нэужь, Хьисэ а щIыпIэм икIри, Галилей
хэкум кIуащ; 44 бегъымбарым езыр щапIа къалэм щIыхь
къызэрыщыхуамыщIыр Хьисэ и нэгу щIэкIати. 45Хьисэ Галилей
хэкум къыщыкIуэм, абы ис цIыхухэм ирагъэблэгъащ, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр махуэшхуэм Ерусалим щыIати, а
махуэхэм Хьисэ абы щилэжьа псори щалъэгъуат.

[46]Хьисэ Галилей хэкум ит Канэ жылэм кIуэжащ аргуэру. А жылэращ псыр фадэ зыщищIыгъар. Пащтыхьым хуэлажьэ Iэтащхьэ* гуэр Капернаум къалэм дэст. Абы и къуэр сымаджэу хэлът. [47]Хьисэ Иудейм къикIыу, Галилейм къызэрыкIуар а Iэтащхьэм щызэхихым, абы деж къэкIуащ.

– КъакIуи, си къуэ сымаджэу лIэн гъунэгъу хъуар схуэгъэхъуж, – жиIэри къелъэIуащ.

[48] – Нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэмрэ Iуэху телъыджэхэмрэ фэ фымылъагъумэ, фIэщхъуныгъэ фиIэ хъунукъым, – жриIащ абы Хьисэ.

[49] – Зи щIыхь ин, си къуэр мылIэ щIыкIэ къакIуэ, – къыжриIащ Хьисэ пащтыхьым хуэлажьэ Iэтащхьэм.

[50] – КIуэж, уи къуэр псэунущ, – жиIащ Хьисэ.

Хьисэ жриIа псалъэхэр и фIэщ хъури, а лIыр кIуэжащ. [51] Iэтащхьэр кIуэжу гъуэгу здытетым, абы и унэIутхэр къыпежьэри къыжраIащ:

– Уи къуэр псэунущ.

[52] – Сыхьэтыр дапщэм деж нэхъыфI хъууэ щыщIидзар? – еупщIащ абыхэм Iэтащхьэр.

– Дыгъуасэ шэджагъуэнэужьым сыхьэтыр зым деж* плъыржьэрыр щхьэщыкIащ, – къыжраIащ унэIутхэм.

[53]Ар къыщыжраIэм, Iэтащхьэм игу къэкIыжащ и къуэм плъыржьэрыр щыщхьэщыкIар «Уи къуэр псэунущ» жиIэу Хьисэ къыщыжриIэгъа сыхьэт дыдэм зэрытехуэр. Езыми езым и унагъуэми фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ абы и ужькIэ.

[54]Иудейм къикIыжу Галилейм къыщыкIуам, етIуанэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэу Хьисэ къигъэлъэгъуар аращ.

---

4:46 пащтыхьым хуэлажьэ Iэтащхьэр – ар зыхуэлажьэу щытар Ирод Антипэу Галилей, Перей хэкухэм я пщырщ.

4:52 сыхьэтыр зым деж – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «екланэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэнэужьым сыхьэтыр зырщ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ псыхъурей зыгъэпскIыпIэм деж*
*лIы гуэр зэрыщигъэхъужар*

Журт махуэшхуэ къэсащ абы и ужькIэ икIи Хьисэ Ерусалим
къэкIуащ. 2 Мэл Куэбжэ зи цIэм деж псыхъурей зыгъэпскIыпIэ,
журтыбзэкIэ ВифездэкIэ еджэу, Ерусалим щыIэщ. Щхьэ зытелъ
сэхитху а зыгъэпскIыпIэм иIэщ. 3 Сымаджэ куэд щылът абде-
жым: нэфи, лъаши, пкъыуэ хъуаи. Ахэр псым зыкъигъэхъеиным
пэплъэрт, 4 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным и мелыIычыр а
зыгъэпскIыпIэм зэзэмызэ къехырти, псыр игъэщэнауэрт. Псыр
щэнэуа нэужь, абы япэу хыхьар, сыт хуэдэ узыфэ иIэми, хъу-
жырт. 5 Илъэс щэщIрэ икIэ сымаджэу щыта лIы гуэр сымаджэ-
хэм яхэлът. 6 Ар щилъагъум, куэд щIауэ зэрысымаджэр ищIэрти,
Хьисэ абы еупщIащ:

– Ухъужыну ухуей? - жери.

7 – Зи щIыхь ин, – жиIащ сымаджэм, – псыр щыщэнауэкIэ,
зыгъэпскIыпIэм сыхэзышэн гъусэ сиIэкъым. Сэ сынэмысурэ,
нэгъуэщI гуэр сяпэ йощри, псым хохьэ.

8 – КъызэфIэувэ, уи алэрыбгъур къащти, зекIуэ, – жиIащ
Хьисэ.

9 А лIыр напIэзыпIэм хъужащ, и алэрыбгъур къищтэри къи-
кIухьащ.

Ар къыщыхъуар щэбэт махуэт.* 10 Арати, журтхэм а лIы
хъужам жраIащ:

– Нобэ щэбэт махуэщи, уи алэрыбгъур къэпщтэж хъунукъым
хабзэкIэ.

11 – Сэ сызыгъэхъужам «Уи алэрыбгъур къащти, зекIуэ»
къызжиIащ, – къажриIэжащ а лIым абыхэм.

12 – «Уи алэрыбгъур къащти, зекIуэ» къыбжезыIар хэт хъуну?
– жаIэри еупщIащ.

13 ЛIым зыгъэхъужар хэтми ищIэртэкъым; абдежым щызэхэт
цIыху гупышхуэм яхэзэрыхьыжат Хьисэ.

14 А лIым Тхьэм и унэшхуэм щрихьэлIэри, Хьисэ абы жриIащ:

– Мис, уэ ухъужащ. Нэхъей къыпщымыщIын щхьэкIэ,
гуэныхь зыхэлъ умыщIэ дяпэкIэ.

5:9 щэбэт махуэр – журтхэм я махуэ лъапIэр арщ. А махуэм Iуэху ящIэну хуиткъым.

[15]А лIыр ежьэжщ, журтхэм я деж кIуэри, зыгъэхъужар зэры-
Хьисэр яжриIащ. [16]Апхуэдэ Iуэхухэр щэбэт махуэм зэрищIэм
щхьэкIэ, журтхэм Хьисэ кърахуэкIыу щIадзащ, яукIынуи и ужь
къихьащ.

[17] – Си Адэм иджыри къэс зэпымычу Iуэху елэжь, сэри Iуэху
солэжь, – яжриIэрт Хьисэ абыхэм.

[18]Арати, Хьисэ яукIыну нэхъри нэхъ ерыщу абы и ужь ихьащ
журтхэр. И ужь щIихьар я хабзэкIэ мыхъунур щэбэт махуэм
зэрищIам и мызакъуэу, Тхьэм зыхуигъадэурэ, «Тхьэр си Адэщ»
зэрыжиIэм щхьэкIэт.

*Къуэ лъапIэм иIэ тепщэныгъэр*

[19] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, – Къуэ
лъапIэм езыр-езыру зыри хузэфIэкIыркъым. Адэ лъапIэм
илэжьыу илъагъум фIэкIа, нэгъуэщI зыри илэжьын хузэфIэ-
кIыркъым. Адэ лъапIэм илэжьыр абы и Къуэми елэжь. [20] Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Адэ лъапIэм езым и Къуэр фIыуэ елъагъу.
Абы илэжь псори езым и Къуэм кърегъэлъагъу, мы Iуэхухэм
нэхърэ нэхъ Iуэхушхуэхэри къригъэлъагъунущ и Къуэм, флъэ-
гъумэ фымыгъэщIэгъуэн флъэмыкIыну. [21] Адэ лъапIэм лIахэр
къызэригъэтэджыжым икIи къызэригъэпсэужым хуэдэу, абы и
Къуэми езыр зыхуей цIыхухэр къегъэпсэуж. [22]Адэ лъапIэм зыми
хьэкум* трищIыхьыркъым, хьэкум Iуэху псори абы и Къуэм
иритащ, [23] цIыху псоми Адэ лъапIэм щIыхь зэрыхуащIым
хуэдэу, абы и Къуэми щIыхь къыхуащIын щхьэкIэ. Абы и
Къуэм щIыхь къыхуэзымыщIым ар къэзыгъэкIуа Адэ лъапIэми
щIыхь хуимыщIу арщ.

[24] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, сэ си псалъэхэм едаIуэу, сыкъэзы-
гъэкIуамкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ
хъуащ. Тхьэм ар игъэкъуэншэнукъым, ар лIэныгъэм IэщIэкIы-
жри, гъащIэм IэщIыхьащ. [25] Пэж дыдэр нывжызоIэ, лIахэм
Тхьэм и Къуэм и макъыр зэхахыу, езым едаIуэхэми гъащIэ
щагъуэтыну махуэр къэсынущ икIи къэсакIэщ. [26] Адэ лъапIэм
цIыхухэм гъащIэ зэрыритым хуэдэу, абы и Къуэми цIыхухэм
гъащIэ иритыну тепщэныгъэ къритащ. [27] Сэ, ЦIыху Лъэпкъым

5:22 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

и Къуэу* сызэрыщытым щхьэкIэ, цIыхухэм хьэкум ятес-
щIыхьыну Адэ лъапIэм тепщэныгъэ къызитащ.
[28] – Ар фымыгъэщIагъуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кхъэм щIэлъ
псоми Тхьэм и Къуэм и макъыр зэхахыу, кхъэм къыщыщIэ-
кIыжыну махуэр къэсынущ. [29] ФIы зыщIахэр псэуну къэтэджы-
жынущ, Iей зыщIахэри я къуаншагъэм хуэфащэр ягъуэтыжыну
къэтэджыжынущ. [30] Зыри злэжьын слъэкIынукъым сэр-сэру,
Тхьэм къыжиIэу зэрызэхэсхым хуэдэущ, цIыхухэм хьэкум зэра-
тесщIыхьыр. Сэ ятесщIыхь хьэкумыр захуэщ, сэ сызыхуей-
ракъым злэжьыр, сэ сыкъэзыгъэкIуар зыхуейращ злэжьыну зи
ужь ситыр.

*Хьисэ щыхьэт техъуэхэр*

[31] – Сэр-сэру щыхьэт сызытехъуэжмэ, си щыхьэтыгъэр
ирикъунукъым, [32]щыхьэт къыстехъуэ нэгъуэщI гуэр щыIэщ.
Абы щыхьэтыгъэу къысхуиIэр зэрыщыпкъэр сощIэ.
[33] – Фэ Иуан лIыкIуэхэр хуэвгъэкIуащ, езыри щыпкъагъэм
щыхьэт техъуащ. [34] Зы цIыху гуэри щыхьэт къыстехъуэну сэ
сыхуэныкъуэкъым, ауэ фэ фымыкIуэду Тхьэм фыкъригъэлын
щхьэкIэ, ар жызоIэ. [35] Иуан нэху идзу блэ уэздыгъэм хуэдэт.
Абы и нэхум тэлайкIэ фригуфIэну фыхуеящ.
[36] – Иуан щыхьэтыгъэу къысхуиIам нэхърэ нэхъ щыхьэты-
гъэшхуэ сиIэщ. Сэ злэжьын хуей Iуэхуу Адэ лъапIэм си пщэм
къыдилъхьар солэжь. А Iуэхухэращ Адэ лъапIэм сыкъызэ-
ригъэкIуамкIэ щыхьэт къыстехъуэр. [37]Адэ лъапIэу сэ сыкъэзы-
гъэкIуар езым и щхьэкIэ щыхьэт къыстехъуащ. Абы и макъыр
фэ зэи зэхэфхакъым, езыми фытеплъакъым. [38]Абы сыкъызэ-
ригъэкIуамкIэ фIэщхъуныгъэ зэрывимыIэм щхьэкIэ, абы и пса-
лъэхэр фигу илъ зэпыткъым. [39] Тхьэм и псалъэ тхахэм мыкIуэ-
дыжын гъащIэ хэвгъуэтэн фи гугъэу, ар фи фIэщу щIыводжыкI.
Аращ сэ щыхьэт къыстехъуэр. [40]Апхуэдэу щыт пэтми, а гъащIэр
фиIэ хъун щхьэкIэ, си деж фыкъэкIуэну фыхуейкъым.
[41] – ЦIыхухэр зыщызгъэтхъуну сыщIэкъуркъым сэ. [42]Сэ фэ
фызоцIыху: Тхьэм и фIылъагъуныгъэр фигу илъкъым. [43] Сэ си
Адэм и цIэкIэ сыкъэкIуащ, ауэ фэ сывдэркъым; абы и цIэкIэ
нэгъуэщI гуэр къакIуэмэ, ар вдэнущ. [44] Тхьэ закъуэм къыбгъэ-

5:27 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

дэкI щытхъум фымылъыхъуэу, зыр зым фыщытхъужмэ, дауэ фIэщхъуныгъэ фиIэ зэрыхъунур?

[45] – Адэ лъапIэм и пащхьэм сэ фыщызгъэкъуэншэну фи мыгугъэ. Фэ фызыщыгугъ Мусэ бегъымбарырщ фызыгъэкъуэншэнур. [46]МусэкIэ фIэщхъуныгъэ фиIатэмэ, сэркIи фIэщхъуныгъэ фиIэнт, Мусэ зи гугъу ищIар сэращи. [47]Абы итхар фи фIэщ щымыхъукIэ, дауэ сэ жысIэр фи фIэщ зэрыхъунур?

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ цIыху минитху зэригъэшхар*
*(Маттэ 14:13-21; Марк 6:30-44; Лука 9:10-17)*

Галилей гуэлым* (Тивериадэ гуэлыр арщ) Хьисэ кхъуафэжьеймкIэ зэпрыкIащ абы и ужькIэ. [2] Сымаджэхэр игъэхъужурэ, Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр зэралъэгъуам щхьэкIэ цIыху гупышхуэ абы и ужь иту кIуэрт. [3]Хьисэ Iуащхьэм дэкIащ, и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу абдежым щетIысэхащ. [4] Журтхэм я IутIыж махуэшхуэр* къэблэгъат.

[5]Хьисэ, къаплъэри, цIыху куэд къыкIэлъыкIуэу щилъагъум, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ Филипп зи цIэм жриIащ:

– Мы цIыхухэм едгъэшхын щIакхъуэ дэнэ къыщытщэхунур?

[6]Хьисэ ар щIыжиIар Филипп игъэунэхуну арат, езым ищIэн хуейр ищIэжырт.

[7] – Дэтхэнэми щIакхъуэ бзыгъэ лъысу къэпщэхун щхьэкIэ, динар* щитIри мащIэщ, – жэуап иритыжащ абы Филипп.

[8]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Симон Петр и къуэш Индрис жиIащ:

[9] – Хьэ щIакхъуитхурэ* бдзэжьеитIрэ зиIэ щIалэ цIыкIу гуэр къытхэтщ, ауэ мыпхуэдиз цIыхум ар яхурикъун?

[10] – ЦIыхухэр евгъэтIысэх, – жиIащ Хьисэ. А щIыпIэр удзыпцIэт. Минитху хуэдиз хъу лIыхэр етIысэхащ. [11] Хьисэ щIакхъуэхэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, и гъуэгу ирикIуэхэм

6:1 Галилей гуэлыр – еплъ Маттэ 4:18.

6:4 журтхэм я махуэшхуэ IутIыжыр – еплъ Маттэ 26:2.

6:7 динар – а зэманым лэжьакIуэм и махуэ лэжьапщIэу щытащ.

6:9 хьэ щIакхъуэр – ар «арпэм» къыхэщIыкIащ.

яритащ. ЩIакхъуэр цIыхухэм хуагуэшащ абыхэм, бдзэжьейхэм
щыщуи щхьэж зыхуейм хуэдиз иратащ.
[12] ЦIыхухэм зыщагъэнщIым, Хьисэ езым и гъуэгу ирикIуэхэм
яжриIащ:

– Зыри хэмыкIуэдыкIын щхьэкIэ, къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуэфхьэсыж.

[13]Арати, хьэ щIакхъуитхум щыщу шхахэм къадэхуа щIакхъуэ
бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри, матэ пщыкIутIым ярыз хъуащ.
[14]Хьисэ къигъэлъэгъуа нэщэнэ гъэщIэгъуэнычэр щалъагъум,
цIыхухэм жаIащ:

– ИпэжыпIэкIэ, дунейм къэкIуэн хуей бегъымбарыр* мыращ.

[15]Ауэ цIыхухэр къакIуэу, езыр яубыду, лIыгъэкIэ пащтыхь
ящIыну ягу зэрилъыр ищIэрти, IукIыжри, Iуащхьэм и закъуэу
дэкIуеижащ Хьисэ.

*Хьисэ псы гущIыIум тету зэрыкIуар*
*(Маттэ 14:22-27; Марк 6:45-52)*

[16] Пщыхьэщхьэ щыхъум, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр псы
Iуфэм Iухьащ. [17]Абдежым кхъуафэжьейм щитIысхьэри, гуэлым
зэпрыкIыу КапернаумкIэ кIуэну ежьащ. КIыфI хъуат, ауэ Хьисэ
абыхэм къахыхьэжакIэтэкъым. [18] Гуэлыр къигъэукъубейуэ,
жьышхуэ къепщэрт. [19] Стадие* тIощIрэ тхурэ-щэщI хуэдизкIэ
кхъуафэжьейр яхуа нэужь, псы гущIыIум тету Хьисэ къакIуэурэ,
кхъуафэжьейм пэгъунэгъу къэхъуауэ ялъэгъуащ. Ар щалъагъум,
псори шынащ. [20]Ауэ Хьисэ яжриIащ:

– Сэращ ар, фымышынэ!

[21]Хьисэ кхъуафэжьейм къррагъэтIысхьэну хуеящ ахэр, ауэ
асыхьэтым кхъуафэжьейр псы Iуфэм есылIащ.

*ЦIыхухэм мыкIуэдыжын гъащIэ езыт щIакхъуэр Хьисэщ*

[22] Гуэлым и адрыщIкIэ щыт цIыху гупышхуэм Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэр зэрытIысхьэгъа кхъуафэжьейм фIэкI
нэгъуэщI кхъуэфэжьей абы зэрыIумытам гу лъатащ етIуанэ
махуэм. Хьисэ игъуэгу ирикIуэхэм а кхъуафэжьейм ядимытIысхьауэ, я закъуэу ахэр зэрыIукIами гу лъатащ. [23]Абы

---

6:14 бегъымбарыр – еплъ 1:21.

6:19 стадие – метри 192-рэ мэхъу.

хэту, Зиусхьэн Хьисэ Тхьэм фIыщIэ хуищIа нэужь, цIыхухэм
щIакхъуэхэр щашха щIыпIэм и гъунэгъуу, Тивериадэ къалэм*
къикIыу нэгъуэщI кхъуафэжьейхэр къесылIащ. [24]А цIыху
гупышхуэм Хьисэи абы и гъуэгу ирикIуэхэри а щIыпIэм
щымыIэжу щалъагъум, кхъуафэжьейхэм итIысхьэжри, Хьисэ
лъыхъуэу Капернаум къалэм* кIуащ.

[25]Хьисэ гуэлым и адрыщIым къыщагъуэтым, жраIащ:

– Равви, сыт щыгъуэ уэ мыбы укъыщыкIуар?

[26] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, –
нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр зэрыфлъэгъуам щхьэкIэкъым
фыкъыщIыслъыхъуэр, атIэ щIакхъуэхэм щыщ фшхыри,
зывгъэнщIащи аращ. [27] Шхынығъуэ кIуэдыжынум и ужь
фимыт, зи ужь фитын хуейр цIыхухэм мыкIуэдыжын гъащIэ
езыт шхыныгъуэрщ. А шхыныгъуэращ ЦIыху Лъэпкъым и
Къуэм къывитынур, Тхьэуэ Адэ лъапIэм ЦIыху Лъэпкъым и
Къуэр зэридэм и щыхьэт мыхъурыр абы къытригъэуащи.

[28]Арати, Хьисэ къеупщIащ:

– НтIэ, Тхьэр зыхуей Iуэхухэр длэжын щхьэкIэ, сыт дэ тщIэн
хуейр?

[29] – Тхьэм къигъэкIуамкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ хъунырщ
Тхьэр зыхуей Iуэхур, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

[30] – Сыт хуэдэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ ди нэгу щIэбгъэкIын,
ар ди нэкIэ тлъагъуу, уэркIэ фIэщхъуныгъэ диIэ хъун щхьэкIэ?
Сыт пщIэнур? – къыжраIащ абыхэм. [31] –«Уафэм къех щIакхъуэр
яшхыну Тхьэм къаритащ» жиIэу Тхьэм и псалъэ тхахэм зэры-
хэтым хуэдэу,* ди адэжьхэм губгъуэ нэщIым мэнн зи цIэ шхы-
ныр* щашхыу щытащ.

[32] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ, – Мусэ бегъым-
барыракъым уафэм къеха щIакхъуэр къывэзытар, атIэ си Адэр
арщ уафэм къикI щIакхъуэ пэжыр къывэзытыр; [33] уафэм къехыу,
дунейм и цIыхухэм гъащIэ езытыращ Тхьэм и щIакхъуэр.

[34] – Зи щIыхь ин, а щIакхъуэр даIимауэ къыдэт зэпыт, –
къыжраIащ абыхэм.

---

6:23 Тивериадэ къалэр – Галилей гуэлыр и дыгъэ къухьэпIэ Iуфэм Iутщ.

6:24 Капернаум къалэр – еплъ Маттэ 8:8.

6:31 мэнн зи цIэ шхыныр – израил цIыхухэр Мысырым (Египет) къикIыжа нэужь, губгъуэ нэщIым щитам, Тхьэм абыхэм яригъэшхыу щыта шхыныр арщ. Еплъ 2 Мусэ 16:4-15.

6:31 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 77:24.

[35] – ЦIыхухэм гъащIэ езыт щIакхъуэр сэращ, – яжриIащ
Хьисэ. – Си деж къакIуэр мэжэлIэжынукъым, сэркIэ фIэщхъу-
ныгъэ зиIэр игъащIэкIэ псы хуэлIэжынукъым. [36]Ауэ зэрыв-
жесIам хуэдэу, сэ сыфлъэгъуа пэтми, итIани фIэщхъуныгъэ фиIэ
хъуркъым. [37]Адэ лъапIэм къызит цIыху псори си деж къэ-
кIуэнущ, си деж хэт къакIуэми, сэ збгъэдэзгъэкIыжынукъым.
[38]Сэ сызыхуейр сщIэну аракъым уафэм сыкъыщIехар, атIэ сэ
сыкъэзыгъэкIуар зыхуейр сщIэн щхьэкIэщ. [39] Сэ сыкъэзыгъэ-
кIуа си Адэр зыхуейр абы къызита цIыхухэм ящыщ зыри
мыкIуэдыну, къемэтмахуэми а цIыхур сэ къэзгъэтэджыжыну
арщ. [40]ИпэжыпIэкIэ, Къуэ лъапIэр зылъагъуу, ар зи фIэщ хъуа
дэтхэнэми мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ зэрыхъунырщ си Адэр
зыхуейр; а цIыхур сэ къемэтмахуэм къэзгъэтэджыжынущ.

[41] Хьисэ «Уафэм къеха щIакхъуэр сэращ» зэрыжиIар ягу
темыхуэу, [42] журтхэм къыпадзыжащ:

– Исуф и къуэ Хьисэкъэ мыр, зи адэмрэ зи анэмрэ тцIыху-
ракъэ? «Сэ уафэм сыкъехащ» щхьэ жиIэрэ?

[43] – ЖысIэр фигу щIримыхьыр сыт? – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
[44] – Сэ сыкъэзыгъэкIуа Адэ лъапIэм къысхуимышэмэ, си деж
къэкIуэн зыми лъэкIынукъым. Си деж къакIуэр къемэтмахуэм
сэ къэзгъэтэджыжынущ. [45] Бегъымбархэм мыпхуэдэу ятхащ:*
«Тхьэм абыхэм псоми щыпкъагъэр яригъэщIэнущ». Адэ лъа-
пIэм жиIэм едаIуэу, ахэр зэзыгъащIэ дэтхэнэри си деж къэкIуэ-
нущ. [46] Тхьэм щыщым фIэкIа Адэ лъапIэр зыми илъэгъуакъым.
Аращ Адэ лъапIэр зылъэгъуар. [47] Пэж дыдэр нывжызоIэ, сэркIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэм мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъуащ. [48] ЦIыху-
хэм гъащIэ езыт щIакхъуэр сэращ. [49] Фи адэжхэм губгъуэ
нэщIым мэнн шхыныр щашхыу щытащ, итIани лIащ. [50]Сэращ
уафэм къеха щIакхъуэр. Ар зышхыр лIэнукъым. [51] ЦIыхухэм
гъащIэ езыт щIакхъуэу уафэм къехар сэращ. Мы щIакхъуэм
щыщ зышхыр игъащIэкIэ псэунущ. Дунейм и цIыхухэм гъащIэ
яIэ сщIын щхьэкIэ, стыну щIакхъуэр си пкъыр арщ.

[52] – Мы лIым и пкъыр дигъэшхын зэрылъэкIынур дауэ? –
жаIэу, журтхэм хуабжьу зэныкъуэкъуу щIадзащ.

[53] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. – ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэм и пкъыр фымышхыу, илъми фемыфэу,
гъащIэ фиIэнукъым [54] Си пкъыр зышхыу силъми ефэм мыкIуэ-

6:45 бегъымбархэм ятхащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 54:13.

дыжын гъащIэ иIэ хъуащ, къемэтмахуэм ар сэ къэзгъэтэджы-
жынущ. 55 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ си пкъыр шхыныгъуэ щып-
къэщ, силъри узэфэ хъун щыпкъэщ. 56 Си пкъыр зышхыу, силъ-
ми ефэм и псэм сыт щыгъуи сыщыщщ, езыри сэ си псэм щыщщ
сыт щыгъуи. 57 ГъащIэ щыпкъэ къызыбгъэдэкI Адэ лъапIэм
сыкъыфхуигъэкIуащи, си гъащIэр абы къызэрыбгъэдэкIым
хуэдэу, си пкъыр зышхым и гъащIэри сэ къызбгъэдэкIынущ.
58 Сэращ уафэм къеха щIакхъуэр. А щIакхъуэр фи адэжьхэм
яшхыу щыта мэнн шхыныгъуэ хуэдэкъым. Ар яшхыу щыта
пэтми, итIани лIащ ахэр, ауэ мы щIакхъуэр зышхыр игъащIэкIэ
псэунущ.

59 Капернаум къалэм дэт синэгуэгум Тхьэм и псалъэхэр цIы-
хухэм щаригъащIэ щыхъум, Хьисэ а псалъэхэр къыжиIащ.

*ЦIыхухэм мыкIуэдыжын гъащIэ яIэ зыщI псалъэхэр*

60 Хьисэ и псалъэр щызэхахым, абы и гъуэгу ирикIуэхэм
ящыщ куэдым жаIащ:

– Мыбы жиIэр сыту псалъэ гугъу! Хэт абы едэIуэфынур?

61 И псалъэхэр абыхэм ягу зэрыримыхьыр ищIэрти, Хьисэ
яжриIащ:

– ЖысIар фигу ирихьыркъым, аракъэ? 62 ЦIыху Лъэпкъым и
Къуэр япэм здэщыIам дэкIуеижу флъагъумэ, сыт жыфIэн
итIанэ? 63 Тхьэм и Псэ ЛъапIэращ цIыхухэм мыкIуэдыжын
гъащIэ къезытыр. Си пкъыр фэзгъэшхын щхьэкIэкъым ар
щIыжысIэр. Ар сэбэп хъужынукъым. НывжесIа псалъэм Тхьэм
и Псэ ЛъапIэри мыкIуэдыжын гъащIэ фиIэ ящI. 64 ФIэщхъуны-
гъэ зимыIэхэр къыфхэтщ итIани.

Хьисэ апхуэдэу щIыжиIар абыхэм ящыщу фIэщхъуныгъэ зимыIэхэри езыр тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдынури ипэ дыдэм къыщыщIэдзауэ ищIэрти, аращ. 65 Хьисэ жиIащ:

– Мис аращ «Адэ лъапIэм лъимыгъэкIмэ, си деж зыри къэкIуэфынукъым», щIывжесIауэ щытар.

66 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ куэд и гъуэгу текIыжри, и гъусэн ядэжакъым абы къыщыщIэдзауэ.

67 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым яжриIащ:

– Фэри фызбгъэдэкIыжыну фыхуей?

68 – Зиусхьэн, хэт деж дыкIуэн? – къыжриIащ Симон Петр
Хьисэ. – МыкIуэдыжын гъащIэ диIэ зыщI псалъэхэр уи куэдщ.

[69] ГъащIэ щыпкъэр къызыбгъэдэкI Тхьэм и Къуэ Мэссихьу узэрыщытыр дощIэ, ди фIэщ хъуащ.

[70] – Фэ цIыху пщыкIутIыр си гъуэгу фрикIуэну сэ фыкъыхэсхакъэ? Апхуэдэу щыт пэтми, фэ фщыщу зыр жин бзаджэщ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [71]Хьисэ жыхуиIар Симон Искариот и къуэ Иудэр арщ. А Симон Искариотыр Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщ пэтми, Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм яригъэубыдыну хэтт.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и къуэшхэм я фIэщмыхъуныгъэр*

Хьисэ Галилей хэкур къызэхикIухьащ абы и ужькIэ. ЯукIыну и ужь журтхэр къитти, Хьисэ Иудей хэкур къызэхикIухьыну хуейтэкъым. [2] Шэтырхэр щагъэув журт махуэшхуэхэр* къэблэгъащ. [3]Арати, и къуэшхэм Хьисэ къыжраIащ:

– Уэ блэжь Iуэху телъыджэхэр уи гъуэгу ирикIуэхэм ялъагъун щхьэкIэ, мыбы икIи, Иудей хэкум кIуэ. [4] ЦIыхухэм закъезыгъэщIэну хуейм Iуэху щэху илэжьыркъым. Мы телъыджэхэр пхузэфIэкIыр пэжмэ, дунейм и цIыхухэм закъегъэлъагъу.

[5] Ар къыщIыжраIар езым и къуэш дыдэхэми ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэтэкъыми, арщ.

[6]Абы и жэуапу Хьисэ яжриIащ:

– Сэ си пIалъэр иджыри къэсакъым, ауэ фэркIэ сыт щыгъуи пIалъэщ. [7] Дунейм и цIыхухэм фэ жагъуэу фалъагъуфынукъым, ауэ сэ сыкъалъагъу хъуркъым. Абыхэм ялэжь Iуэхухэр зэрыIейр къыщIызогъэщри, аращ сыкъалъагъу щIэмыхъур. [8] Фэ а махуэшхуэхэм папщIэ Ерусалим фыкIуэ. Сэ а махуэшхуэхэм сыхэтыну зэкIэ сыкIуэнукъым, си пIалъэр иджыри къэсакъыми.

[9]Ар яжриIэри, Хьисэ Галилей хэкум къинащ.

---

7:2 шэтырхэр щагъэув журт махуэшхуэхэр – Мысырым къикIыжа нэужь, журтхэм илъэс плIыщIкIэ губгъуэ нэщIыр къакIухьу, шэтырхэм зэрыщIэсар илъэс къэс махуэ зыбжамкIэ шэтырхэм щIэсурэ, ягу къагъэкIыж. Еплъ 3 Мусэ 23:33-43.

*Махуэшхуэхэр игъэльэпIэн щхьэкIэ,*
*Хьисэ Ерусалим зэрыкIуар*

[10]Хьисэ и къуэшхэр а махуэшхуэхэм хэтыну кIуа нэужь, Хьи-
сэи якIэлъыкIуащ, ауэ цIыхухэм ямыщIэу, къамылъагъуущ зэ-
рыкIуар. [11]А махуэшхуэхэм хэт журтхэр Хьисэ лъыхъуэрт, «А
лIыр дэнэ щыIэ?» жаIэурэ.
[12]Абы щыIэ цIыху гупышхуэхэм Хьисэ теухуауэ куэд жаIэурэ,
зэIущащэрт. Абыхэм ящыщ гуэрхэм жаIэрт:
– Ар цIыхуфIщ.
– Хьэуэ, ар цIыхуфIкъым, цIыхухэр гъуэгу захуэм трегъэкI,
– жаIэрт нэгъуэщIхэми.
[13]Ауэ журтхэм щышынэрти, Хьисэ теухуауэ цIыхухэм я
пащхьэм зыми зыри щыжиIэртэкъым.
[14]А махуэшхуэхэр и бгым нэсауэ, Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм
щIыхьэри, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм яригъащIэу щIидзащ.
[15] – Мы лIыр емыджауэ, мыпхуэдиз щIэныгъэ дэнэ къриха?
– ягъэщIагъуэу жаIащ журтхэм.
[16] – Сэ цIыхухэм езгъащIэ псалъэхэр къызыбгъэдэкIыр сэра-
къым, атIэ сэ сыкъэзыгъэкIуаращ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
[17]– Тхьэр зыхуейр зылэжьыну хуейм зэхищIыкIынущ цIыхухэм
сэ езгъащIэ псалъэхэр Тхьэм къыбгъэдэкIми сэ къызбгъэдэкIми.
[18]Езым и цIэкIэ къэпсалъэм езым и щхьэм и фейдэщ къилъы-
хъуэр, ауэ ар къэзыгъэкIуам и щIыхьыр иIэтыну и ужь итыр
щыпкъэгъэ зыхэлъ цIыхущ, абы мыпэж лъэпкъ хэлъкъым.
[19] Мусэ бегъымбарым Торэт хабзэр къыфхуигъэнакъэ? Апхуэдэу
щытми, Торэт хабзэм итхэр зыгъэзащIэ цIыху къыфхэткъым.
СывукIыну си ужь фыщIитыр сыт?
[20] – Жин бзаджэм уиIыгъщ уэ, – къыжраIащ цIыхухэм. – Хэт
узукIыну уи ужь итыр?
[21] – Зы Iуэху телъыджэ закъуэ щэбэт махуэм зэрысщIар фэ
псоми фогъэщIагъуэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [22] – Мусэ бе-
гъымбарым сунэт* щIыныр хабзэу къыфхуигъэнащи (ипэжыпIэ-
кIэ сунэт щIыныр къызыбгъэдэкIар Мусэкъым, ди адэшхуэхэр
арщ), цIыхур щэбэт махуэм сунэт фщIыркъэ? [23] Иджы, Мусэ
бегъымбарым и Торэт хабзэм ит унафэу сунэт щIыным теухуам
фемыбэкъуэн щхьэкIэ, цIыхур щэбэт махуэми сунэт фщIыну

7:22 сунэт – «обрезание» жыхуаIэрщ.

фыхуиту фобж. Апхуэдэу щыхъукIэ, цIыху гуэр щэбэт махуэм
зэрызгъэхъужам щхьэкIэ сыт фыкъыщIысхуэгубжьыр? [24] Щхьэ-
телъэфу хьэкум фымыщI, щыпкъагъэм тету* фщIы хьэкум.

*Хьисэр Мэссихьу пIэрэ?*

[25]Ерусалим щыщ цIыхухэм ящыщ гуэрхэм жаIащ абы
щыгъуэ:

– Мыракъэ яукIыну зи ужь итыр? [26] ЦIыху псоми я пащхьэм
къызэрыщыпсалъэм феплъ, апхуэдэу щыт пэтми, зыри жраIэр-
къым. Ар зэры-Мэссихьыр* ди тхьэмадэхэм фIэщ ящыхъуауэ
пIэрэ? [27]Мыр зыщыщыр дощIэ дэ. Ауэ Мэссихь къыщыкIуэкIэ,
зыщыщыр зыми ищIэнукъым. [28]Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIэту,
цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэурэ, макъ хэIэтыкIакIэ
жиIащ итIанэ:

– Сэ фэ сыфцIыхурэ, сызыщыщри фщIэрэ? Мыбдеж сэр-сэру
сыкъэкIуакъым, сэ сыкъэзыгъэкIуам игу щыпкъагъэ илъщ. Ар
фэ фцIыхуркъым, [29]сэ соцIыху ар, сэ абы сыщыщщ, аращ
сыкъэзыгъэкIуари.

[30]Ар щыжиIэм, Хьисэ яубыдыну хуежьащ, ауэ ар щаубыдыну
пIалъэр иджыри къэсатэкъыми, и Iэр зыми хуэIэтакъым. [31]Ауэ
цIыху гупышхуэм ящыщ куэдым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ
щыхъуащ абдежым.

– Мэссихь къакIумэ, мы лIым нэхърэ нэхъыбэу нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэхэр къигъэлъэгъуэфыну пIэрэ? – жаIэрт абы-
хэм.

*Фарисейхэмрэ дин пашэшхуэхэмрэ Хьисэ*
*яубыдыну IуэхутхьэбзащIэхэр зэрагъэкIуар*

[32] ЦIыхухэм Хьисэ теухуауэ Iущащэу ягъэхъыбархэр фари-
сейхэм щызэхахым, абыхэмрэ дин пашэшхуэхэмрэ* Хьисэ
яубыдыну IуэхутхьэбзащIэхэр ягъэкIуащ. [33]Ауэ Хьисэ жиIащ:

---

7:24 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

7:26 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

7:32 фарисейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

7:32 дин пашэшхуэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

– Сэ мащIэщ сызэрыфхэтынур, сыкъэзыгъэкIуам и деж
сыкIуэжынущ итIанэ. 34 Фыкъыслъыхъуэнущ, ауэ сыкъэвгъуэты-
нукъым, сэ сыздэщыIэми фэ фыкIуэфынукъым.

35 – Дэ ар къэдгъуэтын тлъэмыкIыну дэнэ кIуэн и гугъэ? –
жаIащ журтхэм. – Алыджхэм* яхэгуэшауэ псэу ди лъэпкъэгъуэ-
хэм я деж кIуэуэ, абыхэм Iуэхухэр яригъэщIэну пIэрэ? 36«Фы-
къыслъыхъуэнущ, ауэ сыкъэвгъуэтынукъым, сэ сыздэщыIэми
фыкIуэфынукъым» жыхуиIам сыту пIэрэ абы къригъэкIыр?

*ЦIыхухэм гъащIэ щыпкъэр яIэ зыщI псыхэр*

37 Махуэшхуэхэм ящыщу иужьрей я нэхъ лъапIэ махуэм
къэуври, Хьисэ макъ хэIэтыкIакIэ жиIащ:
– Псы хуэлIэр си деж кърекIуи, ирефэ. 38 Тхьэм и псалъэ тха-
хэм зэрыхэтым хуэдэу, «СэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм и гум
гъащIэ щыпкъэр къызыхэкI псыхэр къижынущ».

39Хьисэ жыхуиIар абыкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ягу Тхьэм
кърилъхьэну Псэ ЛъапIэр арщ. Абы нэсыху, Тхьэм езым и Псэ
ЛъапIэр фIэщхъуныгъэ зиIэхэм ягу зэкIэ кърилъхьатэкъым,
Хьисэ и щIыхьышхуэр иджыри иIэ хъуа щIыкIэтэкъыми.

*ЦIыхухэр Хьисэ теухуауэ зэрызэгурымыIуар*

40А псалъэхэр щызэхахым, цIыху гуэрхэм жаIащ:
– Пэж дыдэу бегъымбарыр мыращ.
41 – Мыращ Мэссихьыр, – жаIэрт нэгъуэщIхэми. Ауэ нэгъуэщI
гуэрхэми жаIэрт:
– Мэссихь Галилей хэкум щыщынукъым, аракъэ? 42 Тхьэм и
псалъэ тхахэм хэткъэ* Мэссихь Даут пащтыхьым къытехъукIа
цIыхухэм къазэрыхэкIынури, Даут зыдэса Бэтлэхьэм къалэм*
зэрыщыщынури?

43Апхуэдэу, цIыхухэр Хьисэ щхьэкIэ гуп-гуп зэрыгъэхъуащ.
44Абыхэм ящыщ зы гупыр Хьисэ яубыдыну хуеящ, ауэ абы
зыри тегушхуакъым.

---

7:35 алыджхэр – грекхэр арщ.

7:42 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэткъэ – еплъ Михэ бегъымбарым и тхылъым 5:2.

7:42 Бэтлэхьэм къалэ – еплъ Маттэ 2:1.

*Тепщэныгъэ зиIэхэм я фIэщмыхъуныгъэр*

[45] А IуэхутхьэбзащIэхэр дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ
я деж къэкIуэжащ итIанэ. КъыщыкIуэжым, адрейхэр еупщIащ:
– Сыт Хьисэ къыщIэвмышар?
[46] – А лIыр къызэрыпсалъэм хуэдэу, зы цIыхуи игъащIэм
псэлъакъым, – жаIащ IуэхутхьэбзащIэхэм.
[47] – Фэри фыдихьэха абы? – жаIащ фарисейхэм. [48] – Ди тхьэмадэхэм ящыщ гуэрми фарисейхэм ящыщ гуэрми абыкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуа? [49]Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэр зымыщIэ цIыхухэм Тхьэм и ней къащыхуащ.
[50] Фарисейхэм ящыщу Никодим зи цIэм (аращ Хьисэ деж
жэщу къэкIуэгъар) адрейхэм яжриIащ:
[51] – ЯпэщIыкIэ емыупщIу, емыдаIуэу, ищIар тэмэму зэхамыгъэкIыу, ди хабзэмкIэ цIыху гуэрым хьэкум тращIыхьрэ?
[52] – Уэри Галилей хэкум ущымыщу пIэрэ? – къеупщIащ Никодим. – Тхьэм и псалъэ тхахэм хэплъи, бегъымбар гуэри Галилейм щыщу къызэрымытэджынур къэпщIэнущ.
[53] Ахэр зэбгрыкIыжри, щхьэж и унэ кIуэжащ итIанэ.

# 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Зинэ ищIэу яубыда цIыхубзыр*

Хьисэ Елеон Iуащхьэм* кIуащ. [2] Нэху щыщым, Тхьэм и унэшхуэм щIыхьащ аргуэру икIи цIыху псори абы деж къэкIуащ.
Хьисэ тIысри, Тхьэм и псалъэхэр яригъащIэу щIидзащ. [3]Абы
ирихьэлIэу, торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ* фарисейхэмрэ цIыхубз гуэр, зинэ ищIэу къаубыдар, Хьисэ къыхуашэщ, утыкум
кърагъэувэри, [4] къыжраIащ:
– Дин егъэджакIуэ, мы цIыхубзым зинэ ищIэу яубыдащ.
[5] Мыпхуэдэхэм мывэкIэ деуэурэ дыукIыну, Торэт хабзэм ипкъ иткIэ, Мусэ бегъымбарым унафэ къытхуигъэнащ.* Уэ дауэ уеплърэ?

8:1 Елеон Iуащхьэр – еплъ Маттэ 21:1.

8:3 торэт егъэджакIуэ пашэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

8:5 Мусэ бегъымбарым унафэ къытхуищIащ – еплъ 5 Мусэ 22:22.

6 Ар щIыжаIар Хьисэ щагъэуэу, ар зэрагъэкъуэншэн гуэр къа-
гъуэтыну арат.

Хьисэ зригъэзыхри, и IэпхъуамбэмкIэ щIым зыгуэр тритхэу
щIидзащ. 7 Зэпымыууэ къеупщI щыхъум, Хьисэ зыкъиIэтыжри,
яжриIащ:

– Фэ фщыщу гуэныхь зимыIэр япэ иреуэ цIыхубзым мывэкIэ.

8 Аргуэру зригъэзыхри, щIым тетхыхьу щIидзэжащ.

9 Ар щызэхахым, ягукIэ загъэкъуаншэурэ, я нэхъыжьхэр япэ
иту, зыр зым и ужь иту, псори IукIыжащ. Хьисэ и закъуэу къэ-
нащ, цIыхубзри утыкум къинащ. 10 Хьисэ зыкъиIэтыжри, цIы-
хубзым фIэкI зыри щымыту щилъагъум, абы жриIащ:

– ЦIыхубз, дэнэ щыIэ узыгъэкъуэншахэр? Зыми уигъэкъуэн-
шэжыркъэ иджы?

11 – Зыми, Зиусхьэн, – жиIащ цIыхубзым.

– Сэри узгъэкъуаншэркъым, – жиIащ Хьисэ. – КIуэж, нобэ
щыщIэдзауэ гуэныхь зыхэлъ умыщIэ.

*Мы дунейм и нэхур Хьисэщ*

12 Хьисэ цIыхухэм аргуэру яжриIащ:

– Дунейм и нэхур сэращ. Сэ си ужь къиувэр кIыфIыгъэм
хэтынукъым, атIэ гъащIэм и нэхур игъуэтынущ.

13 – Уэр-уэру щыхьэт узытохъуэж, – къыжраIащ фарисейхэм.
– Уи щыхьэтыгъэр ирикъунукъым.

14 – Сэ щыхьэт сызытехъуэжми, си щыхьэтыгъэр ирикъунщ,
– яжриIащ Хьисэ. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сызыщыщри сыз-
дэкIуэри сощIэ. Ауэ фэ сэ сызыщыщри сыздэкIуэри фщIэркъым.
15 Мы дунейм и цIыхухэм Iуэхухэм хьэкум зэрытращIыхьым
хуэдэу, фэ хьэкум фощI. Сэ зыми хьэкум тесщIыхьыркъым.
16 Зыгуэрым хьэкум тесщIыхь хъумэ, тесщIыхь хьэкумыр
щыпкъэщ, сэ си закъуэкъым, сэ сыкъэзыгъэкIуа Адэ лъапIэри
си гъусэщи. 17 ЦIыхуитIым я щыхьэтыгъэр зэрырикъунур фи
Торэт хабзэми итщ.* 18 Сэр-сэру щыхьэт сызытохъуэж, сэ сы-
къэзыгъэкIуа Адэ лъапIэри щыхьэт къыстохъуэ.

19 ИтIанэ къеупщIащ:

– Дэнэ щыIэ уи Адэр?

---

8:17 фи Торэт хабзэм итщ – еплъ 5 Мусэ 19:15.

– Сэри си Адэри фэ дыкъэфцIыхуркъым, – жэуап итыжащ
Хьисэ. – Сэ сыкъэфцIыхуу щытатэмэ, си Адэри фцIыхунт.
20 Тхьэм и унэшхуэм щIэту, цIыхухэм Тхьэм тыгъэ хуащI
ахъшэр зыдалъхьэ пхъуантэхэм бгъэдэту, цIыхухэм Тхьэм и
псалъэхэр щаригъащIэм, а псалъэхэр жиIащ Хьисэ. Ар зыми
иубыдакъым, щаубыдыну пIалъэр иджыри къэсатэкъыми.

*Сэ сыздэкIуэм фэ фынэкIуэн флъэкIынукъым*

21 Хьисэ абыхэм яжриIащ аргуэру:
– Сэ сыфхэкIыжынущ, фэри сыкъэфлъыхъуэнущ, ауэ фи гуэ-
ныхьхэр фтелъу фылIэжынущ. Сэ сыздэкIуэм фэ фынэкIуэфы-
нукъым.
22 – ЗиукIыжыну арауэ пIэрэ «Сэ сыздэкIуэм фэ фынэкIуэ-
фынукъым» щIыжиIэр? – жаIащ журтхэм.
23 – Фэ и лъабжьэм фыщыщщ, сэ и щхьэм сыщыщщ, –
яжриIащ Хьисэ. – Фэ мы дунейм фыщыщщ, сэ мы дунейм
сыщыщкъым.
24 «Фи гуэныхьхэр фтелъу фылIэжынущ», ныв-
жесIащ. Пэжщ, сэ сызыщыщыр ныщывжесIэкIэ, ар фэ фи фIэщ
мыхъумэ, фи гуэныхьхэр фтелъу фылIэжынущ.
25 – Хэт ущыщ атIэ уэ? – къеупщIащ ахэр.
– Япэм щыщIэдзауэ сэ хэт сыщыщми зэрывжесIам сыхуэ-
дэщ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
26 – Фэ фтеухуауэ сэ жысIэн
икIи фызэрызгъэкъуэншэн куэд сиIэщ, ауэ сэ сыкъэзыгъэкIуар
щыпкъэщ, абы жиIэу зэхэсхар дунейм и цIыхухэм яжызоIэ.
27 Хьисэ езым и Адэм теухуауэ къазэрепсэлъар къагуры-
Iуакъым.
28 Арати, Хьисэ абыхэм яжриIащ:
– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр щыфIэткIэ,* сэ хэт сыщыщми,
сэр-сэру зыри зэрызмыгъэзащIэри, си Адэм сигъащIэ псалъэхэр
къызэрыжысIэри къэфщIэнущ.
29 СыкъэзыгъэкIуар си гъусэщ
сэ, си закъуэу сыкъигъэнакъым, абы игъуэу илъытэ Iуэхухэр сэ
сыт щыгъуи согъэзащIэри.
30 Хьисэ а псалъэхэр щыжиIэм, цIыху куэдым абыкIэ фIэщ-
хъуныгъэ яIэ хъуащ.

8:28 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр щыфIэткIэ – еплъ 3:14; 1:51.

*Щыпкъагъэм щхьэхуит фищIыжынущ*

31 ЕзымкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуа журтхэм Хьисэ яжриIащ:
– Си псалъэхэр фигу илъмэ, си гъуэгу пэжу ирикIуэхэм фа-
щыщщ. 32 Абы щыгъуэ щыпкъагъэр къэфщIэнущ, щыпкъагъэми
щхьэхуит фищIыжынущ.
33 – Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм дащыщщ дэ, игъащIэм
зэи зыми дрипщылIакъым, – къыжраIащ абыхэм. – «Щхьэхуит
фыхъужынущ» жыхуэпIэм сыт къибгъэкIыр?
34 – Пэж дыдэр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ, – гуэныхь зы-
щIэ дэтхэнэри гуэныхь щIэным и пщылIщ. 35 ПщылIыр унэм
игъащIэкIэ исынукъым. Адэм и къуэр арщ унэм игъащIэкIэ
исынур. 36 Аращи, Къуэ лъапIэм щхьэхуит фищIыжмэ, щхьэ-
хуит щыпкъэ фыхъунущ. 37 Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэм
фазэрыщыщыр сощIэ, ауэ си псалъэхэр фигу илъкъыми, сыву-
кIыну си ужь фитщ. 38 Си Адэм деж щыслъэгъуа Iуэхухэращ сэ
жысIэр, ауэ фэ фи адэм деж щыфлъэгъуа Iуэхухэращ влэжьыр.

*Фи адэр шейтIаныращ*

39 – Дэ ди адэр Ибрэхьимщ , – къыжраIащ журтхэм Хьисэ.
– Ибрэхьим фрибыну щытатэмэ, Ибрэхьим и Iуэхухэр
вгъэзэщIэнт, – яжриIащ Хьисэ. 40 – Ауэ сывукIыну си ужь фитщ
иджы. Тхьэм жиIэу зэхэсха щыпкъагъэр нывжесIа пэтрэ, сыву-
кIыну си ужь фитщ. Ибрэхьим апхуэдэ ищIэртэкъым. 41 Фэ фи
адэм игъэзащIэ Iуэхухэр фэри фогъэзащIэ.
– Дэ зинэкIэ дыкъалъхуакъым, – къыжраIащ Хьисэ. – Адэ
закъуэу диIэр Тхьэр аращ.
42 – Тхьэр фи адэу щытатэмэ, сэ фIыуэ сыкъэфлъагъунт, –
яжриIащ Хьисэ, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ Тхьэм сыщыщу, мы-
бы сыкъэкIуащ. Сэр-сэру сыкъэкIуакъым, Тхьэм сыкъигъэ-
кIуащ. 43 ЖысIэр сыт къыщIывгурымыIуэр? Сэ жысIэр зэхэф-
хыфыркъыми, аращ къыщIывгурымыIуэр. 44 Фэ фи адэр
шейтIаныращ. Фи адэр зыхуейращ влэжьыну фызыхуейр. Япэм
къыщыщIэдзауэ ар цIыхуукIыу щытщ, щыпкъагъэми теткъым,
езым щыпкъагъэ хэлъкъыми. Абы пцIы щиупскIэ, игу илъыр
жеIэ, ар пцIыупсщ, пцIыр къызыбгъэдэкIыр аращи. 45 Ауэ сэ
щыпкъагъэр зэрыжысIэм щхьэкIэ, жысIэр фи фIэщ хъуркъым.
46 Сэ гуэныхь сщIауэ фэ фщыщ гуэрым сигъэкъуэншэн

лъэкIыну? ЩIыпкъагъэр жысIэ пэтми, жысIэр фи фIэщ щIэмыхъур сыт? [47] Тхьэм и бынхэр абы и псалъэхэм йодаIуэ, фэ Тхьэм и псалъэхэм фыщIемыдаIуэр Тхьэм фрибынкъыми, арщ.

*Ибрэхьим къэхъун и пэкIэ сэ сыщыIэщ*

[48] – Самарие цIыхухэм* уащыщщ, жин бзаджэм уиIыгъщ жыдоIэ. ЖытIэр пэжкъэ? – къыжраIащ журтхэм Хьисэ.

[49] – Сэ жин бзаджэм сиIыгъкъым, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
– Си Адэм щIыхь хузощI сэ, итIанэ фэ фыкъысхущIоджэ.
[50]ЩIыхь згъуэтыным и ужь ситкъым сэ, ауэ щIыхь къыслъигъэсыну и ужь иту, цIыхухэм хьэкум ятезыщIыхь щыIэщ. [51] Пэж
дыдэр нывжызоIэ, сэ си псалъэхэр зыгъэзащIэм лIэныгъэр игъащIэкIэ илъагъунукъым.

[52]Хьисэ ар щыжиIэм, журтхэм къыпадзыжащ:

– Жин бзаджэм узэриIыгъыр къэтщIащ иджы. Ибрэхьим лIащ, бегъымбархэри лIащ, ауэ уэ «Сэ жысIэхэр зыгъэзащIэр игъащIэкIэ лIэжынукъым», жыбоIэ. [53] Ди адэшхуэ Ибрэхьим нэхърэ уэ унэхъыщхьэ? Ар лIащ, бегъымбархэри лIащ, ухэту зыплъытэжрэ уэ?

[54] – Сэ сызыщытхъужмэ, ар пщIэншэщ, – жэуап итыжащ Хьисэ. – Ауэ сэ си щIыхьыр зыIэтыр си Адэу фэ фи Тхьэуэ жыхуэфIэр арщ. [55]Ар фэ фщIэркъым, сэ сощIэ ар. Ар сымыщIэу
жысIатэмэ, фэ фхуэдэу сэри пцIыупс сыхъунт. Ауэ сэ ар сощIэ,
абы и псалъэхэри согъэзащIэ. [56] Фи адэшхуэ Ибрэхьим си махуэр зэрилъагъуным пэплъэрт икIи гуфIэрт. Ар илъэгъуащ икIи щыгуфIыкIащ.

[57] – Илъэс щэ ныкъуэ уи мыныбжьу, Ибрэхьим плъэгъуауэ жыбоIэ, – къыжраIащ журтхэм.

[58] – Пэж дыдэр нывжызоIэ, Ибрэхьим къэхъун и пэкIэ сэ сыщыIэщ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

[59]Ар щыжиIэм, Хьисэ яукIын щхьэкIэ, мывэ къащтащ. Ауэ ямылъагъуу къахэкIри, Тхьэм и унэшхуэм къыщIэкIыжащ Хьисэ.

8:48 Самарие цIыхухэр – еплъ 4:4.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Къызэралъхурэ нэф зылI Хьисэ зэригъэхъужар*

Хьисэ зэхэзекIуэурэ, къызэралъхурэ нэф лIы гуэр ирихьэ-
лIащ. 2 И гъуэгу ирикIуэхэр Хьисэ къеупщIащ:

– Равви, мы лIыр нэфу къалъхун щIэхъуар хэт зи лажьэр,
езыра хьэмэ и адэ-анэра ?

3 – Мы лIыми и адэ-анэми я лажьэкъым ар, ар нэфу къы-
щIалъхуар мы лIым къыщыщIамкIэ Тхьэм и Iуэхур нэрылъагъу
ищIын щхьэкIэщ, – жэуап итыжащ Хьисэ. 4 –Сэ сыкъэзыгъэ-
кIуам и Iуэхухэр злэжьын хуейщ махуэ щIыкIэ. Жэщ хъунущ.
Жэщ щыхъукIэ, зыми зыри ищIэн лъэкIынукъым. 5 Сэ дунейм
сытетыхукIэ, дунейм и нэхур сэращ.

6 Ар жиIэри, Хьисэ щIым теубжьытхащ, IупсымкIэ ятIэ зэ-
хищIэри, а зэхищIар нэфым и нэхэм щихуащ. 7 Нэфым жриIащ
итIанэ:

– Силоам псыхъурей зыгъэпскIыпIэм кIуэи, абы зыщыт-
хьэщI. – (Силоамым къикIыр «ЯгъэкIуар» жиIэу арщ.) Нэфыр
кIуащ, зитхьэщIыжри, и нэр къэплъэжауэ къэкIуэжащ.

8 Гъунэгъухэми ар нэфу зэрыщытар зылъагъуахэми жаIащ:

– ФакъырэIус щIэлъэIуу щысар мыракъэ?

9 – Аращ, – жаIащ языныкъуэхэм.

– Хьэуэ, абы ещхь къудейщ, – жаIащ нэгъуэщIхэми.

– Сэращ, – жиIащ езы лIым.

10 – Уи нэхэр дауи къэплъэжа ? – къеупщIащ ахэр.

11 – Хьисэ зи цIэ лIым ятIэ зэхищIащ, а зэхищIар си нэхэм
къыщихуэри, къызжиIащ: «Силоам псыхъурей зыгъэпскIыпIэм
кIуэи, зыщытхьэщI». СыкIуэри, зыщыстхьэщIым, си нэхэр къэ-
плъэжащ , – жиIащ а лIым.

12 – Дэнэ щыIэ а лIыр? – къеупщIащ ахэр.

– СщIэркъым, – жиIащ абы.

*Хьисэ илэжьа Iуэху тельыджэр*
*фарисейхэм зэрагъэунэхуар*

13 Нэфу щытар фарисейхэм я деж яшащ. 14 Хьисэ ятIэ зэхищIэу,
нэфым и нэхэр къыщигъэплъэжа махуэр щэбэт махуэт. 15 Арати,
фарисейхэр а лIым еупщIащ:

– Уи нэхэр дауэ къызэрыплъэжар?

– Си нэхэм ятIэ щихуэри, зыщыстхьэщIыжым, слъагъу хъуащ, – жиIащ а лIым.

[16] – Мы лIыр Тхьэм къыбгъэдэкIакъым, – жаIащ фарисейхэм ящыщхэм, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щэбэт махуэр игъэлъапIэркъым.*

– Гуэныхь зыщIэ лIы гуэрым мыпхуэдэ нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр хузэфIэкIыну? – жаIащ зыкъомым. Арати ахэр гупгуп зэрыгъэхъуащ.

[17] – Уэ уи нэхэращ абы къигъэплъэжар, – аргуэру еупщIащ нэфу щытам. – А лIым теухуауэ сыт жыпIэн?

– Ар бегъымбарщ, – жэуап итыжащ а лIым.

[18]Апхуэдэу щыт пэтми, зи нэхэр къэплъэжа лIым и адэ-анэр кърагъашэу, абыхэм еупщIыху, а лIыр нэфу зэрыщытари и нэхэр къызэрыплъэжари журтхэм я фIэщ хъуакъым.

[19] – Нэфу къалъхуауэ жыхуэфIэ фи къуэр мыра? – еупщIащ абыхэм. – Абы илъагъуу зэрыхъужар дауэ?

[20] – Мыр зэрыдикъуэри нэфу къызэралъхуари дощIэ, – жаIащ лIым и адэ-анэм. [21] – Ауэ иджы илъагъу зэрыхъужамрэ и нэхэр къэзыгъэплъэжамрэ тщIэркъым. Езым феупщI, жэуап къывитыжыфыну и ныбжьыр ирикъуащ.

[22] ЛIым и адэ-анэм ар щIыжаIар журтхэм ящышынэрти, аращ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ Мэссихьу зылъытэ дэтхэнэри синэгуэгум щIахуну* журтхэр зэгурыIуат. [23]Аращ лIым и адэанэм щIыжаIар: «И ныбжьыр ирикъуащ, езым феупщI».

[24]Арати, журтхэм нэфу щытар етIуанэу кърадджэри, жраIащ:

– Тхьэм фIыщIэ хуэщI. Мы лIыр зэрыгуэныхьыщIэр дэ дощIэ.

[25] – Ар гуэныхьыщIэми, сэ сщIэркъым, – жиIащ нэфу щытам, – ауэ мы зыр сощIэ: сэ нэфу сыщытащ, иджы слъагъу хъуащ.

[26] – Сыт уэ къыуищIар? – еупщIащ ахэр. – Уи нэхэр дауэ къызэригъэплъэжар?

[27] – Зэ нывжесIакIэщ, ауэ фыкъедэIуакъым, сыт иджыри ар зэхэфхыну фыщIыхуейр? – къажриIащ нэфу щытам. – Абы и гъуэгу фрикIуэну фыхуей фэри?

---

9:16 щэбэт махуэр игъэлъапIэркъым – щэбэт махуэм ятIэ зэхэпщIэ хъунукъым. Журтхэм ар Iуэху щIэным хуагъадэ.

9:22 синэгуэгум щIахуну – цIыху гуэр синэгуэгум къыщIахумэ, Тхьэм и лъэпкъым щымыщу ялъытэ.

28 Ар щажриIэм, къешхыдащ :

– Уэ мы лIым и гъуэгу ирикIуэхэм уащыщщ, дэ Мусэ бе-
гъымбарым и гъуэгу ирикIуэхэм дащыщщ. 29 Мусэ бегъым-
барым Тхьэр къызэрепсэлъар дощIэ, ауэ мы лIыр къыздикIар
тщIэркъым.

30 – Ар къыздикIар зэрывмыщIэр гъэщIэгъуэнщ, апхуэдэу
щыт пэтми, си нэхэр къигъэплъэжащ, – къажриIащ а лIым.
31 – Дэ дощIэ Тхьэр гуэныхьыщIэ цIыхухэм зэремыдаIуэр, Тхьэм
и фIэлIыкI зи гум илъу, Тхьэм игъуэу илъытэ Iуэхухэр зылэжьы-
ращ Тхьэр зэдаIуэр. 32 Нэфу къалъхуа цIыхур зыгуэрым къигъэ-
плъэжауэ цIыхухэм зэикI зэхахакъым. 33 Мы лIыр Тхьэм къы-
бгъэдэкIауэ щымытатэмэ, зыри хузэфIэкIынутэкъым.

34 – Уэ гуэныхьыщIэ зэфэзэщу укъалъхуащ, – жэуап къратащ
абыхэм. – Уэ дэ дыбгъэсэжыну ара?

Синэгуэгум къыщIахужащ ар итIанэ.

*Фарисейхэр щIэнэфыр*

35 А лIыр синэгуэгум къызэрыщIахуар Хьисэ зэхихащ, абы
щыIущIэм мыр жриIащ:

– Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ уиIэ?

36 – Зи щIыхь ин, – жэуап къритыжащ лIым, – фIэщхъуныгъэ
сиIэн щхьэкIэ, а жыхуэпIэр хэт, къызжеIэ!

37 – Ар уэ плъэгъуащ, иджыпсту къопсалъэр аращ, – жриIащ
Хьисэ.

38 – ФIэщхъуныгъэ сиIэ хъуащ, Зиусхьэн, – жиIэри, а лIыр
Хьисэ и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу иуващ.

39 – Зымылъагъухэм ялъагъу хъуну, зылъагъу зи гугъхэм
ямылъагъу хъун щхьэкIэ, цIыхухэм хьэкум ятесщIыхьыну сэ
мы дунейм сыкъытехьащ, – жиIащ Хьисэ.

40 Хьисэ и гъуса фарисейхэм а псалъэр щызэхахым, къеуп-
щIащ:

– Дэри дынэфу ара-тэ?

41 – Фэ нэфу фыщытатэмэ, гуэныхь фтелъынтэкъым, ауэ «До-
лъагъу» жывоIэри, фи гуэныхьыр къыфтонэ, – яжриIащ Хьисэ
абыхэм.

# 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*МэлыхъуэфIыр*

Пэж дыдэр вжызоIэ, чэтым и бжэмкIэ щIэмыхьэу, нэгъуэщI
щIыпIэкIэ дэпщейр дыгъуакIуэщ икIи хъунщIакIуэщ.
2Чэтыбжэмкlэ щIыхьэр мэлхэр зыгъэхъур арщ. 3 ХъумакIуэм
мэлыхъуэм бжэр къыхуIуех, мэлхэри мэлыхъуэм и макъым
йодаIуэ. Мэлыхъуэр и мэлхэм я цIэкIэ йоджэри, къыщIеш. 4 Мэ-
лыхъуэм и мэл псори къыщIиша нэужь, езыр япэ иту йожьэ.
Мэлхэм мэлыхъуэм и макъыр яцIыхури, абы и ужь иту макIуэ.
5Ауэ хамэ гуэрым и ужь иувэркъым, зэбгрож, хамэм и макъыр
яцIыхуркъыми.

6Хьисэ апхуэдэ ущие хъыбар къажриIащ, ауэ абы къикIыр
къагурыIуакъым.

7Арати, Хьисэ аргуэру жиIащ:

– Пэж дыдэр вжызоIэ, чэтым и бжэр сэращ. 8 Сяпэ къэкIуауэ
щыта псори дыгъуакIуэт икIи хъунщIакIуэти, мэлхэр абыхэм
едэIуакъым. 9 Бжэр сэращ. А бжэмкIэ щIыхьэр мыкIуэду къе-
лынущ, щIыхьэнущ икIи къыщIэкIыжынущ, хъупIи игъуэты-
нущ. 10ДыгъуакIуэр къыщIэкIуэр дыгъуэн, цIыхур иукIын икIи
игъэкIуэдын щхьэкIэщ. Сэ сыкъыщIэкIуар цIыхухэм гъащIэр
щызу естыну аращ.

11 – МэлыхъуэфIыр сэращ. МэлыхъуэфIым и псэр мэлхэм
папщIэ ет. 12 Мэлхэр имейуэ пщIэкIэ лажьэр мэлыхъуэ хъур-
къым. Дыгъужьыр къакIуэу илъагъумэ, мэлхэр къегъанэри, ар
щIопхъуэж. Дыгъужьыр къахолъадэри, мэлхэр зэбгреху. 13А
лIыр щIыщIэпхъуэжыр пщIэкIэ лажьэурэ, хамэ мэлхэр хъым-
пIар ищIыркъыми, арщ.

14,15 –МэлыхъуэфIыр сэращ. Адэ лъапIэм сыкъицIыхуу, сэри
Адэ лъапIэр зэрысцIыхум хуэдэу, си мэлхэр соцIыху, мэлхэми
сыкъацIыху. Сэ си псэр мэлхэм папщIэ сот. 16 Мы мэл хъушэм
щымыщу нэгъуэщI мэлхэри сиIэщ. Ахэри си деж къэсшэн
хуейщ, ахэри си макъым къедэIуэнущ. Псори зы мэл хъушэрэ
зы мэлыхъуэрэ хъунущ. 17 Си псэр зыхэзгъэхьэжыну зэрыстыр
арщ Адэ лъапIэм фIыуэ сыкъыщIилъагъур. 18 Сэ си псэр зыми
стрихыркъым, сэр-сэру сот. Ар стынуи зыхэзгъэхьэжынуи
лъэкIынытъэ сиIэщ. Ар си Адэ къысхуищIа и унафэщ.

[19]А псалъэхэм щхьэкIэ журтхэр гуп-гуп зэрыгъэхъуащ ар-
гуэру.
[20] – Ар жин бзаджэм иIыгъщ, жиIэр ищIэжыркъым. Сыт абы
фыщIедаIуэр? – жаIэрт абыхэм ящыщ куэдым.
[21]НэгъуэщIхэми жаIэрт:
– А псалъэхэр жин бзаджэм иIыгъ цIыхум ейкъым. Жин бза-
джэм нэфым и нэхэр къигъэплъэжын лъэкIыну?

*Журтхэм Хьисэ зэрамыдар*

[22] И унэшхуэр Тхьэм къызэрыратыжыгъам щхьэкIэ* Еру-
салим щагъэлъапIэ мэхуэшхуэхэр къэсащ. ЩIымахуэт. [23]Хьисэи
Тхьэм и унэшхуэм кIуауэ, Сэлмэн пащтыхьым и цIэр зезыхьэ,
щхьэ зытелъ сэххэр зиIэ пщIантIэм къыщикIухьырт. [24]Хьисэ
къаувыхьри, журтхэр къеупщIащ:
– IупщIу къыджумыIэу, зыкъыдумыгъащIэу куэдрэ дыпэб-
гъэплъэну? Мэссихьыр* уэрамэ, занщIэу къыджеIэ.
[25] – Сэ вжесIат, ауэ фи фIэщ хъуакъым, – яжриIащ Хьисэ
абыхэм. – Си Адэм и цIэкIэ сэ злэжь Iуэхухэр щыхьэт къысто-
хъуэж. [26]Ауэ фэ фи фIэщ хъуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ си
мэлхэм фащыщкъым, зэрывжесIам хуэдэу. [27] Си мэлхэр си ма-
къым йодаIуэ. Сэ ахэр соцIыху, езыхэри си ужь иту къокIуэ.
[28]Абыхэм мыкIуэдыжын гъащIэ язот, игъащIэкIэ кIуэдыжы-
нукъым. Ахэр зыми сIэщIихын хузэфIэкIынукъым. [29]Ахэр къы-
зэзыта си Адэр псом нэхърэ нэхъыщхьэщ. Ахэр си Адэм
къыIэщIихыну зыми хузэфIэкIынукъым. [30]Адэ лъапIэмрэ сэрэ
дызщ.
[31]Хьисэ ар щажриIэм, журтхэм ар яукIын щхьэкIэ, мывэхэр
къащтащ. [32]Ауэ Хьисэ яжриIащ:
– Си Адэм къыбгъэдэкIыу Iуэху телъыджэ Iэджэ фэзгъэлъэ-
гъуащ. МывэкIэ фыкъызэуэурэ абыхэм ящыщу дэтхэнэра
сыщIэвукIынур?

---

10:22 И унэшхуэр Тхьэм къызэрыратыжыгъам щхьэкIэ – Хьисэ къэхъун и пэкIэ 167-рэ илъэсым Антиок Епифан зи цIэ пащтыхьым тхьэ нэпцIхэм щхьэкIэ къурмэнщIыпIэ Тхьэм и унэшхуэм щигъэувыгъащ. А пащтыхьым Тхьэм и унэшхуэр апхуэдэу зэриуфIеигъам щхьэкIэ, журтхэм а унэшхуэр ягъэкъэбзэжри, Тхьэм и нэфI а унэшхуэм щыхуэну елъэIугъащ. Апхуэдэу и унэшхуэр Тхьэм къызэрыратыжыгъар ягу къагъэкIыжурэ, журтхэм илъэс къэс махуийкIэ а махуэшхуэхэр ягъэлъапIэ. ЖуртыбзэкIэ а махуэшхуэхэм зэреджэр «Ханукэщ».

10:24 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

[33] – Іуэху телъыджэ уэ зэрыблэжьам щхьэкІэкъым мывэкІэ
дыноуэрэ удукІыну дыщІыхуейр, атІэ уэ уцІыху пэт, «Сэ сы-
Тхьэщ» жыпІэурэ, Тхьэр зэрыбгъэпцІыращ, – къыжраІэжащ
журтхэм.

[34] – Фэ фи Торэт хабзэм иткъэ Тхьэм мыпхуэдэу зэрыжиІар:*
«Сэ жысІащ фэ тхьэуэ фызэрыщытыр?» – яжриІэжащ Хьисэ
абыхэм. – Тхьэм и псалъэ тхахэри къута хъунукъым. [35]Апхуэдэу
езым и псалъэхэр къызыхуэкІуа цІыхухэм «Фэ тхьэуэ фыщытщ»,
жиІэри Тхьэм яжриІащ. [36]Аращи, сэ, Адэ лъапІэм къигъэуvауэ,
мы дунейм къигъэкІуам, «Сэ Тхьэм сри-Къуэщ» зэрыжысІам
щхьэкІэ, дауэ «Уэ Тхьэр уогъэпцІ» къызжефІэн флъэкІрэ? [37] Си
Адэм и Іуэхухэр сымылэжьмэ, сэркІэ фІэщхъуныгъэ зивмы-
гъэІэ. [38]Ауэ си Адэм и Іуэхухэр злэжьмэ, сэркІэ фІэщхъуныгъэ
фимыІэми, а ІуэхухэмкІэ фІэщхъуныгъэ зивгъэІэ. Адэ лъапІэр
си псэм зэрыщыщри, сэри Адэ лъапІэм и псэм сызэрыщыщри
къэфщІэнущ итІанэ икІи къывгурыІуэнущ.

[39]Ар щажриІэм, Хьисэ аргуэру яубыдыну хуеящ, ауэ яІэ-
щІэкІащ.

[40]Абы и ужькІэ Хьисэ Иорданыпсым аргуэру зэпрыкІыжщ,
Иуан цІыхухэр щиумэхъыу щыта щІыпІэм кІуэри, абы къы-
щынащ. [41] ЦІыху куэд къэкІуащ абы деж.

– Иуан зы нэщэнэ гъэщІэгъуэныщи къигъэлъэгъуакъым, ауэ
мы лІым теухуауэ жиІа псори пэжщ, – жаІащ абыхэм.

[42]ЦІыху куэдым ХьисэкІэ фІэщхъуныгъэ яІэ хъуащ абдежым.

# 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Лазар зэрылІар*

Лазар зи цІэ лІы гуэр сымаджэт. Ар Вифание жылэм* щыщт.
Мэрием и шыпхъу Марфи а жылэм щыщу щытащ. [2]А Мэрие-
мыр* арщ дагъэ лъапІэр Зиусхьэным и лъакъуэхэм щызыхуэу,

10:34 Тхьэм зэрыжиІар – еплъ Уэрэд ЛъапІэхэм (Сабур) 81:6.

11:1 Вифание жылэр – Ерусалим километрищкІэ пэжыжьэу, и ищхъэрэ къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ итщ.

11:2 А Мэриемыр – еплъ 12:1-8.

и щхьэцымкIэ зылъэщIыжар. Мэрием и дэлъху Лазарт сы-
маджэр. 3Арати, зэшыпхъуитIым Хьисэ лIыкIуэ хуагъакIуэри
жраIащ:

– Зиусхьэн! Уэ фIыуэ плъагъур сымаджэщ.

4Ар щызэхихым, Хьисэ жиIащ:

– А узыр зэрылIыкIын узкъым, и хьэтыр атIэ Тхьэм и щIы-
хьышхуэр къыхуэзыхьын узыфэщ. А узыфэм и хьэтыркIэ цIыху-
хэм Тхьэм и Къуэм щIыхьышхуэ хуащIынущ.

5Хьисэ Марфи, Марфэ и шыпхъури, Лазари фIыуэ илъагъурт.
6Лазар зэрысымаджэр щызэхихым, Хьисэ здэщыIэ щIыпIэм
махуитIкIэ зыщиIэжьащ.

7Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ абы и ужькIэ:

– Иудей хэкум* дывгъэкIуэж.

8 – Равви, журтхэр мывэкIэ къоуэурэ уаукIыну уи ужь зэритрэ
куэд щIакъым. Уэ абы аргуэру укIуэну ара? – къеупщIащ и гъуэ-
гу ирикIуэхэр.

9 – Махуэр сыхьэт пщыкIутIкъэ зэрыхъур? – жиIащ Хьисэ.
– Махуэм зекIуэр лъэпэрапэркъым, мы дунейм и нэхур
елъагъури. 10Ауэ жэщу зекIуэр мэлъэпэрапэ, нэхум хэткъыми.

11А псалъэхэр яжриIа нэужь, щIигъужащ:

– Ди ныбжьэгъу Лазар жеящ, ар къэзгъэушыжыну сокIуэ.

12 – Зиусхьэн, ар щыжеякIэ хъужынущ, – къыжраIащ Хьисэ
и гъуэгу ирикIуэхэм. 13Хьисэ жыхуиIар Лазар зэрылIарт, ауэ и
гъусэхэм къазэрыгурыIуар Хьисэ жейм тепсэлъыхьущ.

14Хьисэ щхьэихауэ яжриIащ итIанэ:

– Лазар лIащ. 15Ар щылIэм сызэрыримыхьэлIар си гуапэщ,
фIэщхъуныгъэ фиIэ хъун щхьэкIэ. ФынакIуэ, абы деж дыв-
гъакIуэ.

16Хьисэ ар щажриIэм, Фомэ ТIолъхуэныкъуэкIэ зэджэм Хьисэ
и гъуэгу ирикIуэ адрей лIыхэм яжриIащ:

– ДывгъакIуи, дэри Хьисэ и гъусэу дывгъалIэ.

*ЛIахэр къигъэтэджыжурэ, гъащIэ езытыр Хьисэщ*

17ЗдэкIуэм щынэсым, Лазар кхъэлэгъунэм махуиплI хъуауэ
зэрыщIалъхьэжар къищIащ Хьисэ. 18 Вифание жылэр стадие*

11:7 Иудей хэкур – еплъ Маттэ 2:1.

11:18 стадие – метри 192-рэ арщ.

пщыкIутхукIэ Ерусалим пэжыжьэт. [19] Лазар зэрылIам щхьэкIэ
къахуэгузэвэну, журтхэм ящыщ куэд Марфэрэ Мэриемрэ я деж
къэкIуащ. [20]Хьисэ къызэрыкIуэр щызэхихым, Марфэ абы
къыпежьащ, Мэрием унэм къыщIэнащ.

[21] – Зиусхьэн, – къыжриIащ Марфэ Хьисэ, – уэ мыбдеж
ущыIатэмэ, си дэлъхур лIэнтэкъым. [22]Тхьэм сыт ищIыскIэ
уелъэIуми, абы къызэрыпхуищIэнур сощIэ.

[23] – Уи дэлъхур къэтэджыжынущ, – жиIащ Хьисэ.

[24] – ЛIахэр къыщытэджыжыну иужьрей махуэм ари къызэрытэджыжынур сощIэ, – къыжриIащ Марфэ.

[25] – ЛIахэр къэзыгъэтэджыжу гъащIэ езытыр сэращ; сэркIэ
фIэщхъуныгъэ зиIэр лIэми, псэунущ; [26]апхуэдэ гъащIэ зиIэ
хъуауэ, сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэри игъащIэкIэ лIэнукъым. Ар уи фIэщ хъурэ уэ? – жиIащ Хьисэ.

[27] – Мэхъу, Зиусхьэн, – къыжриIащ Марфэ. – Тхьэм и Къуэ
Мэссихьу* дунейм къэкIуэн хуеяр уэрауэ зэрыщытыр си фIэщ
мэхъу.

[28] Ар жиIа нэужь, Марфэ игъэзэжщ, и шыпхъу Мэрием къриджэри, щэхуу жриIащ:

– Дин егъэджакIуэр къэкIуауэ къоджэ.

[29]Ар щызэхихым, епIэщIэкIыу къэтэджри, Мэрием Хьисэ
деж къэкIуащ. [30]Хьисэ жылэм иджыри дыхьатэкъым, Марфэ
къыщыIущIа щIыпIэм деж щытт. [31]Абыхэм къахуэгузэвэну къэкIуа журту Мэрием и гъусэу унэм щIэсахэм Мэрием епIэщIэкIыу къэтэджу, унэм щIэкIыу щалъагъум, кхъэлэгъунэм
кIуэуэ, и дэлъхур абы щигъеин я гугъэри, и ужь иуващ.

[32]Мэрием Хьисэ здэщыIэм къакIуэри, Хьисэ щилъагъум, и
лъабжьэм зыщIидзэри къыжриIащ:

– Зиусхьэн, уэ мыбы ущыIатэмэ, си дэлъхур лIэнтэкъым.

[33]Мэрием гъыуэ, абы и гъусэу къэкIуа журтхэри гъыуэ щилъагъум, игу щIыхьэри, Хьисэ хуабжьу гузэващ.

[34] – Дэнэ хьэдэр щыщIэфлъхьэжар? – щIэупщIащ Хьисэ.

– Зиусхьэн, кIуэи, еплъ, – къыжраIащ абыхэм.

[35] Хьисэ къэгъащ абдежым.

[36]Ар щалъагъум, журтхэм жаIащ:

– Феплъыт абы ар фIыуэ илъагъуу зэрыщытам.

---

11:27 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

[37] – А нэфым и нэхэр къэзыгъэплъэжам Лазари имыгъэлIэн
хузэфIэкIынтэкъэ? – жаIащ абыхэм ящыщ гуэрхэм.

*ЛIахэм Лазар Хьисэ къазэрыхигъэтэджыкIыжар*

[38]Хьисэ, игу хэщIу, кхъэлэгъунэмкIэ кIуащ. Ар бгъуэнщIагъыт,
абы мыви Iуалъхьэжат.
[39] – Мывэр Iуфх, – жиIащ Хьисэ.
ЛIам и шыпхъу Марфэ Хьисэ къыжриIащ:
– Зиусхьэн, ар зэрылIэрэ махуиплI мэхъу, мэ щоу.
[40] – Уэ фIэщхъуныгъэ уиIэмэ, Тхьэм и щIыхьышхуэр зэрыплъагъунур бжесIатэкъэ? – къыжриIащ Хьисэ.
[41]Арати, лIар зыщIэлъ бгъуэнщIагъым Iулъ мывэр Iуахащ.
Уафэм дэплъейри, Хьисэ жиIащ:
– Си Адэ, си лъэIур зэрызэхэпщIыкIам щхьэкIэ фIыщIэ
пхузощI. [42]Си лъэIухэм дапщэщи укъызэредаIуэр сощIэ, ауэ мыбдеж щыт цIыхухэм сыкъэзэрыбгъэкIуамкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъун щхьэкIэщ, мы псалъэхэр щIыжысIар.
[43]Ар жиIа нэужь, Хьисэ и макъым зригъэIэтащ.
– Лазар, мыбы къыщIэкIыж!
[44] ЛIар, и Iэхэми и лъакъуэхэми джэбынхэр къешэкIауэ, и нэкIуми щэкI хужь тепхъуауэ, кхъэлэгъунэм къыщIэкIыжащ.
– Джэбыныр къыкIэрыфхыжи, вгъэкIуэж, – яжриIащ Хьисэ.

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм Хьисэ гъэпцIагъэкIэ яукIыну мурад зэращIар*
*(Маттэ 26:1-5; Марк 14:1-2; Лука 22:1-2)*

[45]Хьисэ илэжьа Iуэху телъыджэр щалъагъум, Мэрием деж
къэкIуа журтхэм ящыщ куэдым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ
хъуащ. [46]Ауэ а журтхэм ящыщ гуэрхэр фарисейхэм я деж кIуэри,
Хьисэ ищIар хуаIуэтэжащ. [47] Дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ
къэхъуар щызэхахым, Тхьэмадэ Хасэшхуэм* щыщхэр зэхуашэсащ:
– Сыт тщIэнур? – чэнджэщащ ахэр. – Мы лIым нэщэнэ
гъэщIэгъуэныщэ куэд къегъэлъагъуэ. [48] Абы зыри едмыщIэу

11:47 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – еплъ Маттэ 5:22.

апхуэдэу къэдгъанэмэ, цIыху псоми абыкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ
хъунущ. Рим къэралыгъуэшхуэм щыщу мы къэралыр зыIэ-
щIэлъхэр къэкIуэнурэ Тхьэм и унэшхуэри ттрахынущ, ди
лъэпкъри ягъэкIуэдынущ.

49 Журтхэм ящыщу а гъэм дин пашэшхуэу* щыт Кайафэ* зи
цIэм адрейхэм яжриIащ:

– Фэ зыри фщIэркъым. 50 Ди лъэпкъ псор кIуэд нэхърэ, лъэ-
пкъым щхьэкIэ зы цIыху закъуэ лIэмэ, дэркIэ нэхъыфIыр
къывгурыIуэркъэ?

51 Ар езыр-езыру къыжиIакъым, атIэ а гъэм дин пашэшхуэу
щытти, Хьисэ и псэр журт лъэпкъым щхьэкIэ зэритынур Тхьэм
абы игу кърилъхьэри къыжригъэIащ. 52 Хьисэ и псэр итыну щIы-
щытар журт лъэпкъым щхьэкIэ къудейтэкъым, атIэ Тхьэм и
быну хэгуэшахэр зы хъужыну икIи зэхуишэсыжыну арат. 53 Ара-
ти, Хьисэ яукIыну траубыдащ а махуэм щыщIэдзауэ.

54 Абы къыхэкIкIэ цIыхухэм къалъагъуу Хьисэ журтхэм
къахыхьэжакъым, а щIыпIэм икIыжщ, губгъуэ нэщI лъэны-
къуэмкIэ ит Ефраим жылэм* кIуэри, и гъуэгу ирикIуэхэр и
гъусэу а жылэм къыдэнащ.

55 Журтхэм я махуэшхуэ IутIыжыр къэблэгъати, диным зэ-
рыжиIэм тету, а махуэшхуэм и пэ къихуэу загъэкъэбзэжыну а
хэкум щыщ цIыху куэд Ерусалим кIуащ. 56 Хьисэ къалъыхъуэрт
абы щыгъуэ, Тхьэм и унэшхуэм щIэту цIыхухэр зэупщIыжырт:

– Дауэ феплърэ? Махуэшхуэм щхьэкIэ ар къэкIуэну пIэрэ?

57 Хьисэ яубыдын щхьэкIэ дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ
унафэ къыдагъэкIат:

– Хэтми, Хьисэ здэщыIэм щыгъуазэм хъыбар дигъэщIэн
хуейщ, - жари.

---

11:49 дин пашэшхуэр – еплъ Маттэ 26:3.

11:49 Кайафэ – Аннэ и пхъум илIу щытащ. Хьисэ къэхъуа нэужь 18-36 гъэхэм дин пашэшхуэу щытащ ар.

11:54 Ефраим жылэр – Ерусалим километр 24-кIэ пэжыжьу, и ищхъэрэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ итащ.

# 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мэрием Хьисэ и лъакъуэхэм*
*дагъэ лъапIэ къазэрыщыщихуар*
*(Маттэ 26:6-13; Марк 14:3-9)*

IутIыж махуэшхуэр* къэсыным махуих иIэжу, Хьисэ Ви-
фание жылэм къэкIуащ. Хьисэ лIахэм къахигъэтэджыкIыжа
Лазар абы щыпсэурт. 2Хьисэ пщыхьэщхьэшхэ къыхуагъэхьэ-
зыращ, Марфэ бысымгуащэу къащхьэщытт. Хьисэ и гъусэу
Iэнэм пэрысхэм Лазар яхэст. 3Нард зи цIэ къэкIыгъэм и дагъэ
къабзэу икIи лъапIэу, мэ гуакIуэ къызыпихым щыщ зы барщыбэ
къиштэщ, Хьисэ и лъакъуэхэм щихуэри, и щхьэцымкIэ
илъэщIыжащ Марфэ. Дагъэм и мэ гуакIуэр унэм щIэз хъуащ.
4Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ Иудэ Симон Искариот,
Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдынум, жиIащ:
5 – Мы дагъэ лъапIэр динар* щищкIэ тщэуэ, ахъшэр тхьэ-
мыщкIэхэм щIедмытар сыт?
6 Иудэ ар щIыжиIар тхьэмыщкIэхэм гущIэгъу яхуищIу артэ-
къым, атIэ езыр дыгъуакIуэти, арт. Абы ахъщащхьэр иIыгъти,
абы иралъхьа ахъшэм хэдыгъухьырт.
7 – А цIыхубзым и ужь икI, – жиIащ Хьисэ. – Сэ сыщы-
щIалъхьэжыну махуэм щхьэкIэ мы дагъэр схуихъумащ абы.
8ТхьэмыщкIэхэр дапщэщи къыфхэтынущ, ауэ сэ игъащIэкIэ
сыфхэтынукъым.
9Хьисэ абы зэрыщыIэр журтхэм ящыщ цIыху куэдым зэха-
хати, къэкIуащ, ауэ къыщIэкIуар Хьисэ и закъуэ къудейтэкъым,
Хьисэ лIахэм къахигъэтэджыкIыжа Лазари зрагъэлъагъуну
хуейт. 10Арати, дин пашэшхуэхэм Лазари яукIыну мурад ящIащ,
11 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пашэхэм журт Iэджэ ябгъэдэкIри, Хьи-
сэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуат Лазар и фIыгъэкIэ.

12:1 IутIыж махуэшхуэр – еплъ Маттэ 26:2.

12:5 динар – еплъ 6:7.

*ЩIыхьышхуэ иIэу, Хьисэ Ерусалим зэрыдыхьар*
*(Маттэ 21:1-11; Марк 11:1-11; Лука 19:28-40)*

[12]Махуэшхуэм щхьэкIэ къекIуэлIа цIыху куэдым Хьисэ Еру-
салим къызэрыкIуэр зэхахащ етIуанэ махуэм. [13] Щызэхахым,
пальмэ жыгым и къудамэхэр къащтэри, Хьисэ пежьэну дэкIащ,
макъ лъагэкIэ мыр жаIэурэ:

«Хьусаннэ*! Зиусхьэным и цIэкIэ
къакIуэ Израил пащтыхьым
щIыхьышхуэр ейщ!»

[14] Хьисэ зы шыд шыщIэ къигъуэтри, шэсащ итIанэ, Тхьэм и
псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

[15] «Умышынэ, Сион къалэ.
Мис, уи пащтыхьыр шыд шыщIэм
тесу къокIуэ».

[16]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм а къэхъуа-къэщIам къикIыр
къагурыIуакъым, ауэ щIыхьышхуэ иIэ хъуауэ, Хьисэ уафэм
дэкIуеижа нэужь, Тхьэм и псалъэ тхахэм а псалъэхэр Хьисэ
теухуауэ зэрыхэтри, а псалъэхэм тету цIыхухэм Хьисэ зэры-
декIуэкIари ягу къэкIыжащ.
[17]Хьисэ и гъуса цIыху куэдым адрейхэм зэпымыууэ хуаIуэтэу
щытащ Хьисэ Лазар еджэу, кхъэлэгъунэм къыщIигъэкIыжу,
лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжар. [18]А нэщэнэ гъэщIэгъуэны-
щэр къызэригъэлъэгъуар цIыху куэдым зэхахати, Хьисэ пежьэ-
ну дэкIащ. [19]Ар щалъагъум, фарисейхэм жаIащ:
– Абы зыри ефщIэну зэрыфлъэмыкIыр фолъагъу. Дунейм и
цIыху псори абы и ужь йоувэ.

12:13 Хьусаннэ – щIыхь псалъэщ.

12:14-15 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:9; Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 9:9.

*Хьисэ езыр зэраукӀынур къызэрыжиӀар*

[20] Махуэшхуэм щыгъуэ Тхьэм елъэӀуну къэкӀуахэм алыдж
гуэрхэр яхэтт. [21]Ахэр Галилей хэкум ит Вифсайдэ къалэм* щыщ
Филипп и деж кӀуэри, елъэӀуащ:

– Зи щӀыхь ин, Хьисэ тлъагъуну дыхуейщ.

[22] Филипп кӀуэри, Индрисым жриӀащ. ИтӀанэ Филиппрэ
Индрисрэ кӀуэри, Хьисэ жраӀащ.

[23] – ЦӀыху Лъэпкъым и Къуэм и щӀыхьышхуэр цӀыхухэм
щалъагъуну сыхьэтыр къэсащ, – яжриӀащ Хьисэ. [24] – Пэж дыдэр
нывжызоӀэ, гуэдз хьэдзэр щӀым хэхуэурэ мылӀэмэ, зэрыхьэдзэу
къонэж, ауэ щӀым хэхуэурэ лӀэмэ, щӀым къыхэбэгъукӀынущ.
[25] Зи псэр фӀыуэ зылъагъум и псэр фӀэкӀуэдынущ, ауэ зи псэр
мы дунейм щызылъагъу мыхъум ар игъащӀэкӀэ щыӀэну къри-
гъэлынущ. [26] Сэ къысхуэлажьэр си ужь кърыреувэ. Къыс-
хуэлажьэр сэ сыздэщыӀэми щыӀэнущ. Къысхуэлажьэм Адэ
лъапӀэм щӀыхь хуищӀынущ.

[27] – Иджы согузавэ. Сыт къыжысӀэнур? Си Адэ, мы гугъуе-
хьым сыхэхыж жысӀэн? Хьэуэ, мы гугъуехьыр сшэчын щхьэкӀэщ
дунейм сыкъыщӀэкӀуар. [28] Си Адэ, уи цӀэм и щӀыхьышхуэр цӀы-
хухэм егъэлъагъу.

Хьисэ ар щыжиӀэм, уафэм макъ къиӀукӀащ:

– Си цӀэм и щӀыхьышхуэр цӀыхухэм езгъэлъэгъуащ, дяпэкӀи
езгъэлъагъунущ.

[29]Ар щызэхахым, абдеж цӀыху куэдым жаӀащ:

– Уафэр къэгъуэгъуащ.

– МелыӀыч гуэр абы къепсэлъащ, – жаӀащ нэгъуэщӀхэми.

[30] – А макъыр сэракъым, фэращ къыщӀэхуэӀуар, – жиӀащ
Хьисэ. [31] – Иджы мы дунейм и цӀыхухэм хьэкум ятрищӀыхьы-
нущ Тхьэм. Мы дунейм и тепщэр* тридзынущ абы иджы. [32]Ауэ
цӀыхухэм сэ сыкъыщаӀэткӀэ,* цӀыху псори си деж къесшэлӀэнущ.

[33] Езыр зэрылӀэну щӀыкӀэр абыхэм ягуригъэӀуэн щхьэкӀэщ
Хьисэ а псалъэхэр щӀыжиӀар.

12:21 Вифсайдэ къалэр – еплъ Лука 9:10.

12:31 мы дунейм и тепщэр – шейтӀаныр аращ.

12:32 сыкъыщаӀэткӀэ – еплъ 3:14.

[34] – Мэссихь игъащIэкIэ зэрыщыIэнур Торэт хабзэм дигъэщIащ, – къыжраIащ цIыхухэм. – ЦIыхухэм ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр* къызэраIэтынур жыбоIэ, ар дауэ зэрыхъунур? ЦIыху Лъэпкъым и Къуэу жыхуэпIэр хэт?

[35] – Нэхур зы тэлайкIэ къыфхэтынущ иджыри, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. – КIыфIыгъэм фыхимыубыдэу нэхур фыхэтыху, фызекIуэ. КIыфIыгъэм хэту зекIуэм здэкIуэр ищIэркъым. [36] Нэхум и бын фыхъун щхьэкIэ, нэхум фщIыгъуху, нэхумкIэ фIэщхъуныгъэ зивгъэIэ.

А псалъэхэр жиIа нэужь, абыхэм яхэкIыжри, Хьисэ ямылъагъуж хъуащ.

*Журтхэм я фIэщмыхъуныгъэр*

[37]Абыхэм я пащхьэм апхуэдиз нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр Хьисэ къыщигъэлъэгъуа пэтми, итIани абыкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуакъым. [38]ЩIэмыхъуар Ешайа бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр*, пэж хъун щхьэкIэщ:

«Зиусхьэн, цIыхухэм хъыбару едгъэщIар
хэт зи фIэщ хъуар?
Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэр
хэт нахуэ зыхуэхъуар?»

[39] – А псалъэхэр пэжщ. А цIыхухэм фIэщхъуныгъэ яIэ хъун ялъэкIакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Ешайа бегъымбарым и тхылъым иту нэгъуэщI щIыпIэм деж къызэрыщыжиIам хуэдэу:*

[40] «Тхьэм абыхэм анэхэр нэф ищIащ,
ягухэри ерыщ иригъэкIуащ.
Аращи, я нэхэмкIэ ялъагъуркъым,
ягухэмкIи зэхащIыкIыркъым,
Тхьэм игъэхъужын щхьэкIи
абы деж къагъэзэжыркъым».

---

12:34 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

12:38 Ешайа бегъымбарым жиIа … мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:1.

12:39-40 Ешайа бегъымбарым … къызэрыщыжиIам хуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 6:10.

41 Хьисэ иIэ хъуну щIыхьышхуэр зэрилъэгъуам щхьэкIэ,
Ешайа бегъымбарым а псалъэхэр жиIащ. Зи гугъу ищIар Хьи-
сэщ.

42Апхуэдэу щыт пэтми, журт пашэхэми ящыщ куэдым
ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ, ауэ цIыхухэм я пащхьэм ар
щыжаIэртэкъым, «Синэгуэгум дыкъыщIахунущ», жаIэри, фари-
сейхэм ящышынэрти. 43 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и щытхъум
нэхърэ цIыхухэм я щытхъур нэхъ я гуапэти.

44Хьисэ макъ лъагэкIэ жиIащ итIанэ:

– СэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъум фIэщхъуныгъэ зыхуиIэр
си закъуэкъым, атIэ сэ сыкъэзыгъэкIуамкIи фIэщхъуныгъэ иIэ
мэхъу. 45 Сэ сызылъагъум сэ сыкъэзыгъэкIуари елъагъу. 46 Сэр-
кIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр кIыфIыгъэм къыхэмынэн щхьэкIэ,
дунейм нэхуу сыкъэкIуащ.

47 – Си псалъэхэр зэхэзыхыу емыдаIуэр сэ згъэкъуэншэну-
къым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дунейм и цIыхухэр згъэкъуэншэн
щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ ахэр мыкIуэду къезгъэлын
папщIэщ. 48 Сэ нэмыплъ къызэзыту, си псалъэхэри зымыдэм
езыр зыгъэкъуэншэн гуэр бгъэдэлъщ. Псалъэу къыжысIаращ
къемэтмахуэм а цIыхур зыгъэкъуэншэнур. 49 Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ сэр-сэру си псалъэхэр къыжысIакъым, атIэ Адэ лъапIэу
сыкъэзыгъэкIуам жысIэнумкIэ унафэ къысхуищIащ. 50Абы и
унафэм цIыхухэм мыкIуэдыжын гъащIэ яIэ зэригъэхъур сощIэ.
Аращи, сэ къыжысIэ псори Адэ лъапIэм къызэрыжиIам тету
къыжызоIэж.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я лъакъуэхэр зэрахуитхьэщIар*

IутIыж махуэшхуэр къэблэгъат. Дунейм ехыжу, Адэ лъапIэм
и деж щигъэзэжыну пIалъэр къызэрысар Хьисэ ищIэрт. Езым
и цIыхуу дунейм тетхэр фIыуэ илъагъурт, и кIэм нэсыхуи фIыуэ
илъэгъуащ.

2 Пщыхьэщхьэшхэ шхэрт. ШейтIаным Симон Искариот и
къуэ Иудэм игу ирилъхьакIэт Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм
яригъэубыдыну. 3И IэмыщIэм Адэ лъапIэм псори къызэрыри-

лъхьари, Тхьэм зэрыщыщри, Тхьэм деж зэригъэзэжынури
ищIэрти, 4 Хьисэ Iэнэм пэрыкIщ, и щыгъын щIыIутелъыр
зыщихщ, напэIэлъэщI къиштэри, и бгым иришэкIащ. 5 Тасым
псы иригъахъуэщ, и гъуэгу ирикIуэхэм я лъакъуэхэр яхуит-
хьэщIри, и бгым иришэкIа напэIэлъэщIымкIэ яхуилъэщIыжу
щIидзащ итIанэ. 6 Хьисэ Симон Петр щыбгъэдыхьэм, абы
къыжриIащ:

– Зиусхьэн, уэ си лъакъуэхэр птхьэщI хъуну?

7 – Сэ сщIэр иджыпсту уэ къыбгурыIуэркъым, ауэ итIанэ
къыбгурыIуэнущ, – жиIащ Хьисэ.

8 – Сэ си лъакъуэхэр зэи уэзгъэтхьэщIынукъым, – къыж-
риIащ Петр.

– ПхуэзмытхьэщIмэ, си гъуэгу ирикIуэхэм уащыщкъым, –
жриIащ абы Хьисэ.

9 – Уэ Зиусхьэн, апхуэдэу щыхъукIэ, си лъакъуэхэм я мы-
закъуэу, си Iэхэри схуэтхьэщI, си щхьэри схуэхущI, – къыжриIащ
Симон Петр.

10 – ЗызыгъэпскIам и лъакъуэхэм фIэкIа итхьэщIын хуей-
къым, – жиIащ Хьисэ, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар зэрыщыту
къабзэщ. Фэри фыкъабзэщ, ауэ псори фыапхуэдэкъым.

11 Хьисэ «псори фыапхуэдэкъым» щIыжиIар езыр тепщэныгъэ
зиIэхэм езыгъэубыдынур абыхэм зэрахэтыр ищIэрти, аращ.

12 Абыхэм я лъакъуэхэр яхуитхьэщIщ, и щыгъыныр зыщи-
тIэгъэжри, щытIысыжым, Хьисэ щIэупщIащ:

– ФхуэсщIар къывгурыIуэрэ? 13 Фэ «Дин егъэджакIуэкIэ»
икIи «ЗиусхьэнкIэ» фыкъызоджэ; жыфIэр пэжщ, апхуэдэуи сы-
щытщ. 14 Сэ фи Зиусхьэну икIи фи дин егъэджакIуэу сыщыт
пэтми, фи лъакъуэхэр фхуэстхьэщIащ. Фэри зым адрейм и
лъакъуэхэр хуэфтхьэщIын хуейщ. 15 ФщIэн хуейр фэзгъэлъэ-
гъуащ, сэ фхуэсщIам хуэдэ фэри фщIэн щхьэкIэ. 16 Пэж дыдэр
нывжызоIэ, IуэхутхьэбзащIэр и тепщэм нэхърэ нэхъыщхьэ-
къым; апхуэдэуи, лIыкIуэр езыр зыгъэкIуам нэхърэ нэхъы-
щхьэкъым. 17 Мы Iуэхухэр зэхэфщIыкIрэ вгъэзащIэмэ, гъуэгу
махуэ фытеуващ.

18 – Ауэ фэ псоми фтеухуакъым сэ жысIэр. Сэ къыхэсхар
сощIэ, Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр*, пэж хъун

---

13:18 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 40:10.

хуейщ: «Си щIаккхъуэр зышхам и лъэдакъэр къысхуигъэзэжри, бий къысхуэхъуащ».

[19] – Ар къэхъун и пэкIэ иджы вжызоIэ, ар къыщыхъукIэ, сэ сызэры-Мэссихьыр фи фIэщ фщIын щхьэкIэ. [20] Пэж дыдэр нывжызоIэ, сэ къэзгъакIуэр къезыгъэблагъэм сэри сригъэблэгъауэ мэхъу, сэ сезыгъэблагъэми сэ сыкъэзыгъэкIуари иригъэблэгъауэ мэхъу.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ гуэрым ар тепщэныгъэ зиIэхэм зэраригъэубыдынур къызэрыжиIар*
*(Маттэ 26:20-25; Марк 14:17-21; Лука 22:21-23)*

[21]Хьисэ а псалъэхэр къыжиIа нэужь, къэгузавэри, щыхьэт техъуэурэ, жиIащ:

– Пэж дыдэр вжызоIэ, фэ фщыщ гуэрым тепщэныгъэ зиIэхэм саригъэубыдынущ.

[22]Ар къыщыжиIэм, Хьисэ зи гугъу ищIыр ящIэртэкъыми, абы и гъуэгу ирикIуэхэр зыр зым еплъыжащ. [23] И гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Хьисэ нэхъ и щIасэр езым къыбгъэдэсу Iэнэм пэрыст. [24] Симон Петр Хьисэ къыбгъэдэсым Iэ хуищIащ, Хьисэ жыхуиIамкIэ иригъэупщIыну.

[25]Хьисэ дежкIэ зигъазэри, а лIыр абы еупщIащ:

– Хэт ар жыхуэпIэр, Зиусхьэн?

[26] – Мы щIаккхъуэ бзыгъэр фалъэм хэзгъапщIэу зэстынуращ жыхуэсIэр, – жэуап итыжащ Хьисэ. ЩIаккхъуэ бзыгъэр фалъэм хигъапщIэри, Симон Искариот и къуэ Иудэ хуишиящ. [27] Иудэ а щIаккхъуэ бзыгъэр щищтэм, шейтIаныр абы игу ихьащ.

– ПщIэну уигу илъыр щIэхыу щIэ, – жриIащ Хьисэ абы.

[28]Хьисэ ар абы щIыжриIар Iэнэм пэрысхэм ящыщ зыми къыгурыIуакъым. [29] Иудэ абыхэм я ахъшащхьэр зэриIыгъым щхьэкIэ, е «IутIыж махуэшхуэм щхьэкIэ дызыхуэныкъуэр къэщэху», е «ТхьэмыщкIэхэм зыгуэр ет» жиIэу, Хьисэ абы жриIауэ я гугъащ языныкъуэхэм. [30] ЩIаккхъуэ бзыгъэр Хьисэ къызэрыIихыу, Иудэ щIэкIащ. Жэщт.

*УнафэщIэр*

[31] Иудэ унэм щыщIэкIым, Хьисэ жиIащ:

– ЦIыхухэм ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и щIыхьышхуэр ялъагъунущ иджы, абыи Тхьэм и щIыхьышхуэр яригъэлъагъу-

нущ. [32]Абы Тхьэм и щIыхьышхуэр цIыхухэм зэраригъэлъагъум
щхьэкIэ, езы Тхьэми ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и щIыхьышхуэр
цIыхухэм яригъэлъагъунущ. Тхьэм абы и щIыхьышхуэр яри-
гъэлъагъунущ куэд мыщIэу.

[33] – Си бынхэ, куэдрэ сывигъусэжынукъым. Фэ фыкъыслъы-
хъуэнущ, ауэ «СыздэкIуэм фэ фынэкIуэфынукъым» жысIэу
журтхэм зэражесIам хуэдэу, фэри вжызоIэ иджы.

[34] – УнафэщIэ фхузощI: ФIыуэ фызэрылъагъу. Сэ фIыуэ фызэ-
рыслъагъум хуэдэу, фэри фIыуэ фызэрылъагъу. [35]ФIыуэ фызэ-
рылъагъумэ, фэ си гъуэгу фызэрырикIуэр цIыху псоми ящIэнущ.

*«Сэ сыкъыумыцIыхуу жыпIэнущ» жиIэу,*
*Хьисэ Петр зэрыжриIар*
*(Маттэ 26:31-35; Марк 14:27-31; Лука 22:31-34)*

[36] Симон Петр Хьисэ къеупщIащ:

– Зиусхьэн, дэнэ уздэкIуэр?

– Сэ сыздэкIуэм уэ иджы укъыскIэлъыкIуэфынукъым, ауэ
итIанэ укъыскIэлъыкIуэнущ, – жриIэжащ Хьисэ абы.

[37] – Зиусхьэн, иджы сыкъыпкIэлъыкIуэн сыт щIыслъэмыкIы-
нур? Сэ си псэр уэр щхьэкIэ стынущ, – жиIащ Петр.

[38] – Уи псэр сэр щхьэкIэ птынуи? – жэуап итыжащ Хьисэ. –
Пэж дыдэр бжызоIэ, сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ
джэд мыIуэ щIыкIэ!

## 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Адэ лъапIэм деж кIуэ гъуэгур Хьисэщ*

– Фымыгузавэ. ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ зивгъэIэ, сэркIи
фIэщхъуныгъэ зивгъэIэ. [2] Си Адэм и унэшхуэм унэ куэд хэтщ;
апхуэдэу щымытамэ, нывжесIэнт: «ПсэупIэ къыфхуэзгъэхьэзы-
рыну сыкIуэнущ». [3] СыкIуэу, псэупIэ къыщыфхуэзгъэхьэзыркIэ,
сыкъэкIуэжынурэ, сэ сыздэщыIэм фэри фыщыIэну фыздэсшэ-
нущ. [4] СыздэкIуэм и гъуэгур фэ фощIэ.

[5] – Зиусхьэн, – жриIащ Фомэ Хьисэ, – уздэкIуэр тщIэркъым.
УздэкIуэм и гъуэгур дауэ къэтщIэн зэрытлъэкIынур?

[6] – Гъуэгури, щыпкъагъэри, гъащIэри сэращ, – жриIащ абы
Хьисэ. – Си гъуэгу иримыкIуэмэ, Адэ лъапIэм деж зы цIыхуи

кӀуэн лъэкӀынукъым. 7 Сэ сыфцӀыхумэ, си Адэри фоцӀыху.
Си Адэр джы щыщӀэдзауэ фоцӀыху икӀи флъэгъуащ.
8 – Зиусхьэн, – жриӀащ Филипп Хьисэ. – Адэ лъапӀэр ды-
гъэлъагъуи, ар тхурикъунущ.
9 – Мыпхуэдизрэ сывигъусауэ иджыри къэс сыкъыумыцӀы-
хуауэ ара, Филипп? – жриӀащ абы Хьисэ. – Сэ сыкъэзылъэгъуам
Адэ лъапӀэри илъэгъуащ. «Адэ лъапӀэр дыгъэлъагъу» дауэ
къызжепӀэфрэ итӀани? 10Адэ лъапӀэр си псэм зэрыщыщри, сэ
Адэ лъапӀэм и псэм сызэрыщыщри уи фӀэщ хъуркъэ? Сэ ныв-
жесӀэ псалъэхэр сэр-сэру къыжысӀэркъым. Адэ лъапӀэу си псэм
щыщым и Ӏуэхухэр елэжь. 11Адэ лъапӀэр сэ си псэм зэрыщыщри,
сэ Адэ лъапӀэм и псэм сызэрыщыщри щыжысӀэкӀэ, фи фӀэщ
фщӀы. Ар мыхъуми, сэ злэжь Ӏуэхухэм щхьэкӀэ фӀэщхъуныгъэ
зивгъэӀэ. 12 Пэж дыдэр вжызоӀэ, сэркӀэ фӀэщхъуныгъэ зиӀэм сэ
злэжь Ӏуэхухэр илэжьынущ, абыхэм нэхърэ нэхъ Ӏуэхушхуэж-
хэри илэжьынущ, сэ Адэ лъапӀэм деж сыкӀуэжынущи. 13Адэ
лъапӀэм си цӀэкӀэ сыткӀэ фелъэӀуми, ар сэ фхуэсщӀэнущ, Адэ
лъапӀэм и щӀыхьышхуэр абы и Къуэм цӀыхухэм яригъэлъагъун
щхьэкӀэ. 14 Сэ си цӀэкӀэ сыткӀэ фыкъызэлъэӀуми, ар сэ фхуэс-
щӀэнущ.

*Тхьэм и Псэ ЛъапӀэр къахуригъэхыну*
*Хьисэ езым и гъуэгу ирикӀуэхэр зэригъэгугъар*

15 – Фэ сэ фӀыуэ сыфлъагъумэ, си унафэхэр вгъэзэщӀэнущ.
16 Сэ Адэ лъапӀэм селъэӀунурэ, фи гукъеяуэр Фщхьэщызы-
хыжын НэгъуэщӀ Гуэр къыфхуригъэхынущ абы. Ар игъащӀэкӀэ
фи гъусэнущ. 17 Тхьэм и Псэ ЛъапӀэу цӀыхухэм щыпкъагъэр
езыгъащӀэр аращ. Дунейм и цӀыхухэм ар зэрамылъагъум икӀи
зэрамыцӀыхум щхьэкӀэ, ягу ирагъэлъын яхузэфӀэкӀыркъым, ауэ
фэ ар фоцӀыху, ар фи гъусэщи икӀи фи гум сыт щыгъуи илъщи.
18Пэжщ, ибэу фыкъэзгъэнэнукъым; фи деж сыкъэкӀуэжынущ.
19 ТӀэкӀу дэкӀмэ, дунейм и цӀыхухэм салъагъужынукъым, ауэ
фэ сыфлъагъунущ, сэ сопсэу, фэри фыпсэунущи. 20Адэр си псэм
зэрыщыщри, фэри си псэм фызэрыщыщри, сэри фи псэм сы-
зэрыщыщри а махуэм къэфщӀэнущ. 21Си унафэхэм едаӀуэу, ахэр
зыгъэзащӀэхэращ сэ фӀыуэ сыкъэзылъагъур. Сэ фӀыуэ сы-
къэзылъагъур си Адэми фӀыуэ къилъагъунущ. Сэри ар фӀыуэ
слъагъунущ икӀи сызыхуэдэр езгъэлъагъунущ.

22 Иудэ (Иудэ Искариот зи цIэр аркъым) Хьисэ къеупщIащ:
– Зиусхьэн, дунейм и цIыхухэм уэ зыумыгъэлъагъуу, дэ зы-
къэдбгъэлъагъуну жыбоIэ, ар дауэ зэрыхъунур?
23 – Сэ фIыуэ сыкъэзылъагъум си псалъэхэр игъэзэщIэнущ,
– жриIащ абы Хьисэ. – Си Адэми ар фIыуэ къилъагъунущ, а
цIыхум деж дыкъэкIуэнурэ, абы и псэм щыщ дыхъунущ.
24 ФIыуэ сыкъэзымылъагъум си псалъэхэр игъэзащIэркъым. Сэ
жысIэу зэхэфх псалъэхэр си псалъэкъым. Адэ лъапIэу сыкъэ-
зыгъэкIуам и псалъэщ.
25 – Сэ сывигъусэху, мы псалъэхэр нывжесIэ зэпытащ. 26 Ауэ
фэ фи гукъеяуэр Фщхьэщызыхыжыр - ар Тхьэм и Псэ ЛъапIэрщ,
- Адэ лъапIэм си цIэкIэ къыфхуригъэхынущ. Абы псори фи-
гъэщIэнущ икIи сэ нывжесIа псори фигу къигъэкIыжынущ.
27 Гузэгъэгъуэ къыфхузогъанэ, си гузэгъэгъуэр фызот: Гузэгъэ-
гъуэу сэ фэстыр дунейм къывитын лъэкIынукъым. Фымыгузавэ
икIи фымышынэ.
28 – «СыфхэкIыжми, фи деж сыкъэкIуэжынущ» жысIэу зэрыв-
жесIар зэхэфхащ. Сэ фIыуэ сыкъэфлъагъуу щытатэмэ, «Адэ
лъапIэм деж сыкIуэжынущ» зэрыжысIам щхьэкIэ фыгуфIэнт,
Адэ лъапIэр сэр нэхърэ нэхъыщхьэщи. 29 Мы Iуэхур къэхъун и
пэкIэ вжесIащ, къыщыхъукIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ хъун щхьэкIэ.
30 Куэдрэ сынывэпсэлъэжынукъым, мы дунейм и тепщэр*
къокIуэри. Абы и Iуэху сэ къысхэлъкъым. 31 Ауэ Адэ лъапIэр
фIыуэ зэрыслъагъури, унафэу къысхуищIахэр зэрызгъэзэщIари
дунейм и цIыхухэм ящIэн хуейщ. Фыкъэтэджи, мыбдежым
дыIувгъэкIыж.

## 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Жызумыпкъ пэжыр Хьисэщ*

– Жызумыпкъ пэжыр сэращ, жызумгъэкIри си Адэращ. 2 Си
къудамэхэм ящыщу зыри къызыпымыкIэр пеупщI абы;
къызыпыкIэ къудамэ дэтхэнэри еухъуэнщI, нэхъыбэ къыпыкIэн
щхьэкIэ. 3 Фэ фигухэр сэ вжесIа псалъэхэмкIэ къабзэ хъуакIэщ.

14:30 мы дунейм и тепщэр – шейтIаныращ .

4 Сэ фи псэм сыт щыгъуи сыхэвгъэлъ, фэри си псэм сыт щыгъуи
фыщыщынущ. Къудамэр жызумыпкъым пымытмэ, зыри къызэ-
рыпымыкIэнум хуэдэу, фэри фи псэм сыт щыгъуи сыхэвмы-
гъэлъмэ, фIыгъуэ къыфпыкIынукъым.

5 – Жызумыпкъыр сэращ, къудамэхэр фэращ. ЦIыху гуэрым
и псэм сыт щыгъуи сыщыщ хъумэ, езыри сэ си псэм сыт щыгъуи
щыщ хъумэ, а цIыхум фIыгъуэ куэд къыпыкIынущ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ сэ фэ сывимыгъусэмэ, зыри фщIэн флъэкIынукъым.
6 ЦIыху гуэрым и псэм сыт щыгъуи сыщыщ мыхъумэ, къудамэм
хуэдэу ар хыфIадзэжынурэ, гъужынущ. Апхуэдэ къудамэхэр
зэхуахьэсынурэ, мафIэм пэрадзэнурэ ягъэсынущ. 7 Фэ фи псэм
сыт щыгъуи сыщыщ хъууэ, си псалъэхэри сыт щыгъуи фи псэм
щыщ хъумэ, си Адэм фызыхуеймкIэ фелъэIу, фызэрелъэIури
къыфхуищIынущ. 8 ЦIыхухэм си Адэм щIыхьышхуэ зэры-
хуевгъэщIынур фэ куэду фIыгъуэ къызэрыфпыкIыращ. Апхуэ-
дэу къэвгъэлъэгъуэнущ си гъуэгу фызэрырикIуэр.

9–Адэ лъапIэм сэ фIыуэ сызэрилъагъум хуэдэу, сэри фэ фIыуэ
фыслъэгъуащ. Си фIылъагъуныгъэм зыхэвмыгъэн. 10 Фэ си уна-
фэхэр щывгъэзащIэкIэ, сэ фэри сыт щыгъуи фIыуэ фыслъагъу-
нущ, си Адэм и унафэхэр зэрызгъэзэщIам щхьэкIэ, абы сыт
щыгъуи фIыуэ сызэрилъагъум хуэдэу. 11 Мы Iуэхухэр щIыв-
жесIар си гуфIэгъуэр фигу илъыну, фи гуфIэгъуэри нэсауэ щы-
тын щхьэкIэщ. 12 Мыращ си унафэр: Сэ фэ фIыуэ фызэрыслъэ-
гъуам хуэдэу, фэри фIыуэ фызэрылъагъун хуейщ. 13 Езым и ныб-
жьэгъухэм папщIэ зи псэр зыт цIыхум и фIылъагъуныгъэм нэхъ-
рэ нэхъ фIылъагъуныгъэшхуэ щыIэкъым. 14 Си унафэхэр вгъэ-
защIэмэ, фэри фызиныбжьэгъущ. 15 Сэ фэ IуэхутхьэбзащIэкIэ
сынывэджэжыркъым, IуэхутхьэбзащIэм езым и тепщэм игу
илъыр ищIэркъыми. Сэ фэ си ныбжьэгъукIэ сынывэджащ, си
Адэм жиIэу зэхэсха псори вжесIэжащи. 16 Фэ сэ сыкъыхэф-
хакъым, атIэ сэ фэ фыкъыхэсхащ. Фэ дунейм фыкIуэу, фIыгъуэ
къыфпыкIыну, а фIыгъуэри мыкIудыжыну згъэуващ. Абы
щыгъуэ Адэ лъапIэм сэ си цIэкIэ сыт ищIыскIэ фелъэIуми, ар
къыфхуищIэнущ. 17 ФIыуэ фызэрылъагъуну аращ унафэу фхуэс-
щIыр.

*Дунейм и цІыхухэм Хьисэ и гъуэгу ирикІуэхэр яльагъу зэрымыхъур*

[18] – Дунейм и цІыхухэм фыкъалъагъу мыхъуу щытмэ, фэ фыкъалъагъу мыхъу хъун и пэкІэ сэри сыкъалъагъу мыхъуу зэрыщытар зыщывмыгъэгъупщэ. [19] Фэ дунейм фыщыщу щытатэмэ, мы дунейм и цІыхухэм езыхэм яхуэдэу фІыуэ фыкъалъагъунт. Иджы зэрыщытымкІэ, мы дунейм фыщыщкъым, ауэ мы дунейм фи Іыхьэр хэмылъыну сэ мы дунейм и цІыхухэм фыкъыхэсхащ. Аращ мы дунейм и цІыхухэм фыкъалъагъу щІэмыхъур. [20] Сэ вжесІа псалъэхэр фигу къэвгъэкІыж: ІуэхутхьэбзащІэр и тепщэм нэхърэ нэхъыщхьэкъым. Сэ гугъуехь сагъэшэчащ, фэри гугъуехь фагъэшэчынущ. Сэ си псалъэхэм едэІуау щытамэ, фэ фи псалъэхэми едэІуэнущ. [21]Ауэ си цІэр зэрывгъэлъапІэм щхьэкІэ, а бзаджагъэ псори къыващІэнущ, сэ сыкъэзыгъэкІуар яцІыхуркъыми. [22] Сэ сыкъакІуэу, си псалъэхэр яжезмыІауэ щытатэмэ, гуэныхь яІэнутэкъым, ауэ иджы гуэныхьу ящІахэм щхьэкІэ щхьэусыгъуэ зыри яІэкъым. [23] Сэ сыкъэзылъагъу мыхъум си Адэри илъагъу хъуркъым. [24]НэгъуэщІ зыми имылэжьа Іуэхушхуэхэр абыхэм я пащхьэм сэ щызмылэжьатэмэ, абыхэм гуэныхь яІэнутэкъым. Ауэ а злэжьа Іуэхушхуэхэр ялъэгъуа пэтми, сэри си Адэри дыкъалъагъу мыхъу хъуащ. [25]Апхуэдэу щІэхъун хуейр мы псалъэу абыхэм я Торэт хабзэм итхэр* пэж хъун щхьэкІэщ: «Сэ лажьэ симыІэу щытми, сыкъалъагъу мыхъу хъуащ».

[26] – Адэ лъапІэм къыбгъэдэкІыу, фи гукъеяуэр Фщхьэщызыхыжыр къыфхуезгъэхынущ. Ар Адэ лъапІэм къыбгъэдэкІыу, абы и Псэ ЛъапІэу цІыхухэм щыпкъагъэр езыгъащІэращ. Ар къыщыкІуэкІэ, сэ щыхьэт къыстехъуэнущ. [27] Фэри щыхьэт фыкъыстехъуэнущ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ щІэдзапІэм къыщыщІэдзауэ фэ фызигъусэу щытащи.

15:25 я Торэт хабзэм итхэр – еплъ Уэрэд ЛъапІэхэм (Сабур) 69:4 68:5.

# 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

– Мы Iуэху псори щIывжесIар си гъуэгу фытемыкIын щхьэ-
кIэщ. 2 Синэгуэгухэми фыкъыщIахунущ. Уеблэмэ фэ фызыукI
дэтхэнэми Тхьэм абыкIэ хуэлажьэу щигугъэну махуэр къэсы-
нущ. 3Адэ лъапIэри сэри дызэрамыцIыхум щхьэкIэ а Iуэхухэр
ялэжынущ. 4А Iуэхухэр иджы щIывжесIэр а махуэр къэсмэ, ахэр
зэрывжесIар фигу къэвгъэкIыжын щхьэкIэщ. Ахэр сэ вжесIа-
къым нэхъапэм, сызэрывигъусам къыхэкIкIэ.

*Тхьэм и Псэ ЛъапIэм илэжь Iуэхухэр*

5 – Сэ сыкъэзыгъэкIуам деж сыкIуэжынущ иджы. Ауэ фэ
фщыщ зыри сэ къызэупщIыркъым: «Дэнэ уздэкIуэр?» жиIэу.
6Мы Iуэхухэр сэ зэрывжесIам щхьэкIэ, гукъеяуэшхуэ фиIэ
хъуащ. 7Пэжыр вжызоIэ, сэ сызэрыфхэкIыжыр фэркIэ нэ-
хъыфIщ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыфхэмыкIыжмэ, фэ фи
гукъеяуэр ФщхьэщызыхыжыR къыфхуэкIуэнукъым. Сэ сы-
щыкIуэжкIэ, ар къыфхуезгъэхынущ. 8 Фи гукъеяуэр Фщхьэщы-
зыхыжыр къыщыкIуэкIэ, гуэныхь щIэныр зыхуэдэри, щып-
къагъэр зыхуэдэри, Тхьэм мы дунейм и цIыхухэм хьэкум* зэрат-
рищIыхьынури захригъэщIыкIынущ: 9 сэркIэ фIэщхъуныгъэ яIэ
зэрымыхъуар зэрыгуэныхьыр абыхэм захригъэщIыкIынущ;
10 сигу щыпкъагъэ зэрилъри захригъэщIыкIынущ, сэ Адэ
лъапIэм деж сыдэкIуеижынурэ, сыфлъагъужынукъыми;
11 Тхьэм цIыхухэм ятрищIыхьыну хьэкумыр зыхуэдэри захри-
гъэщIыкIынущ, Тхьэм мы дунейм и тепщэр* игъэкъуэн-
шакIэщи.

12 – Иджыри куэд щыIэщ вжесIэн хуейуэ, ауэ а псор фэ фигу
зэуэ ивубыдэфынукъым. 13Тхьэм и Псэ ЛъапIэу цIыхухэм щып-
къагъэр езыгъащIэр къыщыкIуэкIэ, щыпкъагъэ псори зэхыви-
гъэщIыкIынущ. Езыр-езыру зыри жиIэнукъым, Тхьэм жиIэу
зэхихыращ жиIэнур, къэхъункъэщIэнухэри къыфхуиIуэтэнущ.

---

16:8 хьэкум – «суд».

16:11 мы дунейм и терщэр – шейтIаныращ.

[14]Абы си щIыхьыр иIэтынущ, фигъэщIэну Iуэхухэр сэ
къызбгъэдэкIхэращи. [15]Адэ лъапIэм иIэ псор сысейщ. Тхьэм и
Псэ ЛъапIэу цIыхухэм щыпкъагъэр езыгъащIэм сэ жысIэ
Iуэхухэр зэрывигъэщIэнур щIывжесIар аращ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я гукъеяуэм гуфIэгъуэкIэ зызэрихъуэкIынущ*

[16] – Куэд мыщIэу сэ сыфлъагъужынукъым, итIани куэд мы-
щIэу аргуэру сыфлъагъужынущ, Адэ лъапIэм деж сыдэкIуеижы-
нущи .

[17]Хьисэ ар щыжиIэм, абы и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ гуэрхэм
жаIащ:

– «Куэд мыщIэу сэ сыфлъагъужынукъым, итIани куэд
мыщIэу аргуэру сыфлъагъужынущ» икIи «Адэ лъапIэм деж
сыдэкIуеижынущ» жыхуиIэм сыту пIэрэ къригъэкIыр?

[18]Абыхэм жаIэрт:

– «Куэд мыщIэу» жыхуиIэм къригъэкIыр тщIэркъым.

[19]Ахэр къеупщIыну зэрыхуейр къищIати, Хьисэ яжриIащ:

– «Куэд мыщIэу сыфлъагъужынукъым, итIани куэд мыщIэу
аргуэру сыфлъагъужынущ» жысIа псалъэхэм къикIымкIэ фы-
зэупщIыжрэ? [20]Пэж дыдэр вжызоIэ, фэ фыгъынущ икIи фыпы-
хьэнущ, ауэ дунейм и цIыхухэр гуфIэнущ. Фэ фигу къеуэнущ,
ауэ фэ фи гукъеяуэм гуфIэгъуэкIэ зызэблихъунущ. [21] ЦIыхубзым
бын щигъуэткIэ, гугъуехь ешэч, гугъу щехьын сыхьэтыр къэ-
сащи. Ауэ сабийр дунейм къытехьа нэужь, мэгуфIэ, гугъуехьу
ишэчар щогъупщэж, дунейм цIыхущIэ къытехьуащи. [22]Апхуэ-
дэу, фэри гукъеяуэ фиIэщ иджы, ауэ сэ аргуэру фыслъагъужы-
нущ. Абы щыгъуэ фэри фыгуфIэжынущ, фи гуфIэгъуэри зыми
фтрихыжынукъым. [23]А махуэм фэ зыкIи фыкъызэупщIынукъым.
Пэж дыдэр вжызоIэ, Адэ лъапIэм сэ си цIэкIэ сыт ищIыскIэ
фелъэIуми, ар къыфхуищIэнущ. [24] Нобэр къэсыху, Адэм си
цIэкIэ зыкIи фелъэIуакъым. ФелъэIуи, фызэрелъэIур къыф-
хуищIэнущ, фи гуфIэгъуэр нэгъэса хъун щхьэкIэ.

*Сэ дунейм сытекIуащ*

[25] – Ущие хъыбаркIэ сынывэпсэлъащ иджыри къас. Ауэ ущие
хъыбаркIэ сынымщывэмыпсэлъэжыну махуэр къоблагъэ. А ма-

хуэр къыщыскIэ, Адэ лъапIэм теухуар нахуэу фхуэсIуэтэнущ.
[26]А махуэм Адэ лъапIэм сэ си цIэкIэ фелъэIунущ. Фэ фтеухуауэ
Адэ лъапIэм селъэIуну вжесIэркъым; [27] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
фэ сэ фIыуэ сызэрыфлъэгъуам, Тхьэм сызэрыщыщымкIэ фIэщ-
хъуныгъэ зэрывиIэм щхьэкIэ, езы Адэ лъапIэми фIыуэ фы-
къелъагъу. [28]Адэ лъапIэм сыщыщу дунейм сыкъытехьащ. Ду-
нейм аргуэру сытекIыжынурэ, Адэ лъапIэм деж сыдэкIуеижы-
нущ.

[29] – Ущие хъыбар хэмыту, нахуэу уопсалъэ иджы, – жаIащ
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм. [30] – Уэ псори зэрыпщIэри, цIыху
гуэрым игу илъыр пщIэн щхьэкIэ, а цIыхур къоупщIыну узэры-
хуэмыныкъуэри иджы долъагъу. Абы къыхэкIкIэ, Тхьэм уэ
узэрыщыщыр ди фIэщ мэхъу.

[31] – ФIэщхъуныгъэ фиIэ хъуа иджы? – еупщIащ Хьисэ абы-
хэм. [32] – Мис, фэ фызэбгрыкIыжу, фэ фщыщ дэтхэнэми езым и
унэм щигъэззэжыну сыхьэтыр къос икIи къэсакIэщ. Сэ си закъуэу
утыкум сыкъивнэнущ, ауэ сэ си закъуэкъым, Адэ лъапIэр си
гъусэщ.

[33] – Мы Iуэхухэр сэ щIывжесIар сэ фи псэм сызэрыщыщым
папщIэ гузэгъэгъуэ фиIэ хъун щхьэкIэщ. Дунейм гугъуехь щыф-
шэчынущ, ауэ фымыдзыхэ: сэ дунейм сытекIуащ.

## 17-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### Хьисэ Тхьэм зэрелъэIуар

А псалъэхэм я ужькIэ, Хьисэ уафэм дэплъейри, жиIащ:
– Си Адэ, пIалъэр къэсащ. Уи Къуэм и щIыхьышхуэр цIыху-
хэм егъэлъагъу, уи Къуэми уэ уи щIыхьышхуэр цIыхухэм
яригъэлъагъун щхьэкIэ. [2] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыху псоми
тепщэныгъэ яхуиIэну уи Къуэм и IэмыщIэ ахэр иплъхьащ, уэ
абы и IэмыщIэ иплъхьа цIыху псоми мыкIуэдыжын гъащIэ
яритын щхьэкIэ. [3] ЦIыхухэм мыкIуэдыжын гъащIэ яIэ зэрыхъу
гъуэгур уэ Тхьэ щыпкъэ закъуэр узэращIэнури, уэ къэбгъэкIуа
Хьисэ Мэссихь зэращIэнури ащ. [4]Злэжьын щхьэкIэ сипщэ
къиплъхьа Iуэхухэр згъэзащIэурэ, уэ уи щIыхьышхуэр дунейм
и цIыхухэм езгъэлъэгъуащ. [5] Си Адэ, дунейр къэхъун и пэкIэ

уи деж сэ щызиIа щIыхьышхуэм хуэдэ щIыхьышхуэр уи деж
щызиIэ щIы.
6 – Мы дунейм и цIыхухэм къахэпшэу си IэмыщIэ къиплъхьа
цIыхухэм уэ уезгъэцIыхуащ. Ахэр уэ уи цIыхуу щытащ, сэ си
IэмыщIэ къиплъхьащ, уэ уи псалъэхэри ягъэзэщIащ. 7 Сэ си
IэмыщIэ къиплъхьа псори уэ къызэрыббгъэдэкIар абыхэм иджы
ящIэ; 8 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэ си IэмыщIэ къиплъхьа псалъэхэр
сэ абыхэм я IэмыщIэ ислъхьэжащ. Абыхэми а псалъэхэр
ящтащ. Сэ уэ сызэрыпщыщыр зэрыщыпкъэр зэрагъэщIащ, уэ
сыкъызэрыбгъэкIуамкIи фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ. 9 Сэ абыхэм
щхьэкIэ сынолъэIу. Дунейм и цIыхухэракъым сызыхуэлъаIуэр,
атIэ уэ си IэмыщIэ къиплъхьа цIыхухэращ, ахэр уейщи. 10 Сэ
си IэмыщIэ илъ цIыхухэр псори уейщ, уэ уи цIыху псори сы-
сейщ. Абыхэми си щIыхьышхуэр къагъэнахуэ. 11 Сэ дунейм
сытетыжынукъым иджы, ауэ ахэр дунейм иджыри тетщ. Сэ уи
деж сынэкIуэжынущ. Си Адэ лъапIэ, уэ къызэпта уи цIэм и
къарукIэ ахэр къэхъумэ, уэрэ сэрэ зыуэ дызэрыщытым хуэдэу,
ахэри зы хъун щхьэкIэ. 12 Сэ абыхэм сыщрагъусам, уэ къызэпта
уи цIэм и къарукIэ ахэр схъумащ икIи сахуэсакъащ. КIуэдын
хуей цIыхум* фIэкIа абыхэм ящыщ зыри кIуэдакъым, Тхьэм и
псалъэхэр, пэж хъун щхьэкIэ.
13 – Ауэ иджы уи деж сынэкIуэжынущ. Дунейм сытетыху,
мы псалъэхэр жызоIэ, си гуфIэгъуэр абыхэм ягу нэгъэсауэ илъ
хъун щхьэкIэ. 14 Уэ уи псалъэхэр абыхэм я IэмыщIэ ислъхьащ.
Сэ мы дунейм сызэрыщымыщым хуэдэу, ахэри мы дунейм
зэрыщымыщым щхьэкIэ мы дунейм и цIыхухэм ахэр ялъагъу
мыхъу хъуащ. 15 Сэ сызэрынолъэIур ахэр шейтIаным щыпхъу-
мэну аращ, ахэр дунейм тепхыжыну аркъым. 16 Сэ мы дунейм
сызэрыщымыщым хуэдэу, ахэри мы дунейм щыщкъым. 17 Абы-
хэм пэжыгъэкIэ зыкъыуатын щIы. Уэ уи псалъэхэращ щыпхъэр.
18 Уэ дунейм сыкъызэрыбгъэкIуам хуэдэу, сэри ахэр дунейм
згъэкIуащ. 19 Сэ абыхэм я хьэтыркIэ уэ зыныузот, абыхэми пэжу
зыкъыуата хъун щхьэкIэ.
20 – Сэ сызыхуэлъаIуэр абыхэм я закъуэкъым, абыхэм я
псалъэхэмкIэ сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуну цIыхухэми са-
хуолъаIуэ. 21 А псори зы ирехъу. Уэ, си Адэ, уи псэм сыщыщу,

---

17:12 кIуэдын хуей цIыхур – Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыну хэта Иудэр аращ.

уэри си псэм узэрыщыщым хуэдэу, дэ абыхэми я псэм дыщыщ
пщIыну сынолъэIу. Уэ сыкъызэрыбгъэкIуар дунейм и цIыхухэм
я фIэщ хъунущ итIанэ. 22 Уэ сэ щIыхьышхуэ сиIэ зэрыпщIам
хуэдэу, сэри абыхэм щIыхьышхуэ яIэ сщIащ, дэ зыуэ дызэры-
щытым хуэдэу, ахэри зы хъун щхьэкIэ: 23 Сэ абыхэм я псэм
сыщыщу, уэри си псэм ущыщу, ахэр пэжу зы ирехъу. Уэ
сыкъызэрыбгъэкIуари, сэ фIыуэ сызэрыплъэгъуам хуэдэу, ахэри
фIыуэ зэрыплъэгъуари дунейм и цIыхухэм ящIэнущ итIанэ.

24 – Си Адэ, уэ си IэмыщIэ къиплъхьа цIыхухэр сэ сыз-
дэщыIэм си гъусэу щыIэну сыхуейщ, сэ сиIэ пщIа щIыхьышхуэр
ялъагъун щхьэкIэ. А щIыхьышхуэр сиIэ щIэпщIар дунейр
къэхъун и пэкIэ фIыуэ сызэрыплъэгъуарщ.

25 – Си Адэ захуэ, дунейм и цIыхухэм уэ уащIэркъым, ауэ сэ
узощIэ. Си цIыхухэм уэ сыкъызэрыбгъэкIуар ящIэ. 26Сэ уэ абы-
хэм уезгъэщIащ икIи уезгъэщIэнущ, уэ къысхуиIэ фIылъагъу-
ныгъэр сыт щыгъуи абыхэм ягу илъын, сэри абыхэм я псэм
сыщыщын щхьэкIэ.

# 18-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ зэраубыдар*
*(Маттэ 26:47-56; Марк 14:43-50; Лука 22:47-53)*

Хьисэ а псалъэхэр жиIа нэужь, дэкIри, и гъуэгу ирикIуэхэр
и гъусэу, Кедрон псым зэпрыкIащ. Абдежым жыг хадэ итт.
Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ а хадэм ихьащ.

2 Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм яригъэубыдыну Иудэм а щIы-
пIэр ицIыхурт, Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ абы куэдрэ щызэ-
хуэсырти. 3Арати, Иудэ зауэлI гупрэ дин пашэшхуэхэми фари-
сейхэми ягъэкIуа хъумакIуэ гупрэ здишащ. Ахэр къэкIуащ
Iэдакъэ мафIэ нэхухэри, уэздыгъэхэри, Iэщэхэри яIыгъыу.

4Хьисэ къыщыщIыну псори езым ищIэжырти, япежьэри
еупщIащ:

– Хэт фызылъыхъуэр?

5 – Назарет щыщ Хьисэщ, – къыжраIащ абыхэм.

– Сэращ ар, – яжриIащ Хьисэ. Хьисэ абыхэм езыгъэубыдыну
Иудэр абыхэм яхэтт.

[6] «Сэращ ар» жиIэу Хьисэ щажриIэм, ахэр икIуэтыжри, щIым зрадзыхащ.

[7] – Хэт фызылъыхъуэр? – аргуэру еупщIащ Хьисэ абыхэм.

– Назарет щыщ Хьисэщ, – къыжраIащ абыхэм.

[8] – Сэращ ар, нывжесIакъэ? – яжриIащ Хьисэ. – Фызылъыхъуэр сэрамэ, зыри евмыщIэу, си гъусэхэр футIыпщыж.

[9]Хьисэ апхуэдэу щIыжиIар езым Адэ лъапIэм жриIа мы псалъэхэр пэж хъун щхьэкIэщ: «Уэ сэ си IэмыщIэ къиплъхьа цIыхухэм ящыщ зыри сфIэкIуэдакъым».

[10] Симон Петр джатэ иIыгъти, ар кърихщ, дин пашэшхуэм* и унэIутым еуэри, и тхьэкIумэ ижьыр къыпигъэлъэтащ. А унэIутым и цIэр Малхт.

[11] – Уэ уи джатэр дохъутейм илъхьэж, – жриIащ Хьисэ Петр.

– Адэ лъапIэм къызита гугъуехьым и фалъэм итым сефэн хуейкъэ?

### *Хьисэ дин пашэшхуэм и пащхьэм зэрырашар*
*(Маттэ 26:57-58; Марк 14:53-54; Лука 22:54)*

[12]Дзэ пашэр я гъусэу, зауэлI гупымрэ журт хъумакIуэхэмрэ Хьисэ яубыдри, Iэхъулъэхъу иралъхьащ. [13]Аннэ* зи цIэм деж яшащ япэщIыкIэ. Аннэ а илъэсым и дин пашэшхуэу Кайафэ зи цIэм и щыкъу адэт. [14]А Кайафэращ адрей журтхэм мыпхуэдэ чэнджэщ езытауэ щытар: «Дэ ди лъэпкъ псори кIуэд нэхърэ, зы цIыху закъуэ лIэмэ, нэхъыфIщ».

### *Петр Хьисэ имыцIыхуу зэрыжиIар*
*(Маттэ 26:69-70; Марк 14:66-68; Лука 22:55-57)*

[15] Симон Петррэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ нэгъуэщI гуэрымрэ Хьисэ кIэлъыкIуэрт. А лIыуэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэр дин пашэшхуэм и хэгъэрейуэ щытти, дин пашэшхуэм и пщIантIэм дыхьащ Хьисэ щIыгъуу. [16]Петр пщIантIэм дэмыхьэу куэбжэпэм къыIунащ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ лIыуэ дин пашэшхуэм и хэгъэрейуэ щытыр къыдэкIыжщ, куэбжэIут хъыджэбзым жриIэри, Петри пщIантIэм дишащ абы и ужькIэ.

---

18:10 дин пашэшхуэр – еплъ Маттэ 26:3.

18:13 Аннэ – Хьисэ къэхъуа нэужьым 6-15-нэ гъэхэм Аннэ дин пашэшхуэу щытащ. Кайафэ, Аннэ и пхъум и лIыр, 18-36 гъэхэм дин пашэшхуэу щытащ.

[17] – Уэри а лIым и гъуэгу ирикIуэхэм уащыщкъэ? – къеуп-
щIащ куэбжэIут хъыджэбзыр Петр.

– Хьэуэ, сэ абыхэм сащыщкъым, – жиIащ Петр.

[18]Абдежым щIыIэти, унэIутхэмрэ адрей лIыхэмрэ фIамыщI
мафIэ ящIауэ загъэхуабэрт. Петри зигъэхуабэу абыхэм яхэтт.

### *Дин пашэшхуэр Хьисэ зэреупщIар*
*(Маттэ 26:59-66; Марк 14:55-64; Лука 22:66-71)*

[19]Дин пашэшхуэр Хьисэ къеупщIащ:

– Уэ уи гъуэгу ирикIуэхэр хэт хъуну? ЦIыхухэм уэ ебгъащIэ
Iуэхухэр сыт зищIысыр?

[20] – СымыбзыщIIауэ, дунейм и цIыхухэм сахэтащ сэ, сахэ-
псэлъыхьу, – жэуап иритыжащ Хьисэ. – Синэгуэгуми Тхьэм и
унэшхуэми, журт псори щызэIущIэм, цIыхухэм Тхьэм и псалъэ-
хэр щезгъащIэу щытащ дапщэщи. Щэхуу зыри жысIакъым.
[21] Сыт укъыщIызэупщIыр? Псалъэу яжесIар зэхэзыхахэм еупщI.
Абыхэм сэ жысIар ящIэркъэ?

[22]Хьисэ ар щыжиIэм, хъумакIуэхэм ящыщу нэхъ пэгъунэгъур
Хьисэ енэпэфауэри, жиIащ:

– Дин пашэшхуэм щхьэ упэпсэлъэжрэ?

[23] – Мыхъун жысIамэ, сызэрыщыуар къызжеIэ – жриIащ абы
Хьисэ. – Пэжыр жысIамэ, сыт укъыщIызэуэр?

[24]Дин пашэшхуэ Кайафэ деж Аннэ Хьисэ иригъэшащ, Iэхъу-
лъэхъу илъу.

### *Петр Хьисэ имыцIыхуу аргуэру зэрыжиIар*
*(Маттэ 26:71-75; Марк 14:69-72; Лука 22:58-62)*

[25]Симон Петр зигъэхуабэу мафIэм бгъэдэтащ апщIондэху.

– Уэри а лIым и гъуэгу ирикIуэхэм уащыщкъэ? – къеупщIащ
адрейхэр.

– Хьэуэ, сэ абыхэм сащыщкъым, – жиIащ Петр, зибзыщIыри.

[26] Дин пашэшхуэм и унэIутхэм ящыщу зи тхьэкIумэ Петр
къыпигъэлъэтам и благъэ гуэрым жиIащ:

– А лIым уригъусэу жыг хадэм ущыслъэгъуакъэ?

[27] – Хьэуэ, ар пэжкъым, – жиIэри Петр аргуэру идакъым. Ар
зэрыжиIэу, джэд Iуащ.

*Пилат Iэтащхьэм и пащхьэ Хьисэ зэрырашар*
*(Маттэ 27:1-2, 11-14; Марк 15:1-5; Лука 23:1-5)*

28Кайафэ и унэм щIашри, Хьисэ рим Iэтащхьэм и унэшхуэу
преторие зи цIэм яшащ. Нэху щат. Журтхэр преторием щIыхьа-
къым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ IутIыж пщыхьэщхьэшхэр яшхы-
нути, зауфIейну хуейтэкъым.* 29Арати, Пилат Iэтащхьэр* прето-
рием щIэкIри, яжриIащ:

– Мы лIыр сыткIэ вгъэкъуаншэрэ?

30 – Мы лIым щIэпхъаджагъэ ищIауэ щымытамэ, уи деж къэт-
шэнутэкъым, – къыжраIащ абыхэм.

31 – Фшэжи, фи хабзэм тету, ищIам хуэфащэу хьэкум* теф-
щIыхь, – яжриIащ Пилат.

– Дэ зыгуэрым укI тетлъхьэну дыхуиткъым, – къыжраIащ
журтхэм Пилат. 32Апхуэдэу щIэхъуар Хьисэ и лIэкIэ хъунур*
ягуригъэIуэн щхьэкIэ, жиIауэ щыта псалъэхэр пэж хъун щхьэ-
кIэщ.

33Пилат преторием щIыхьэжщ, Хьисэ къригъашэри еупщIащ:

– Журтхэм урапащтыхь?

34 – Ар уэр-уэру жыпIэрэ, хьэмэрэ сэ къыстеухуауэ нэгъуэщI-
хэр къуопсэлъа? – жиIащ Хьисэ.

35 – Сэ сыжурт-тIэ? – жэуап къитыжащ Пилат. – Уи лъэпкъым-
рэ дин пашэшхуэхэмрэ укъысхуашащ. Сыт уэ пщIар?

36 – Сэ си пащтыхьыгъуэр мы дунейм щыщкъым, – жэуап
къитыжащ Хьисэ. – Си пащтыхьыгъуэр мы дунейм щыщу щы-
татэмэ, журтхэм саIэщIэмыхуэн щхьэкIэ, къысхуэлажьэхэр схуэ-
зэуэнт. Ауэ сэ си пащтыхьыгъуэр мы дунейм щыщкъым.

37 – АтIэ упащтыхь? – еупщIащ Пилат Хьисэ.

– Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэу, сэ сыпащтыхьщ,* – жиIащ Хьи-
сэ. – Пэжщ, сэ сыкъыщIэхъуари мы дунейм сыкъыщIытехьари

---

18:28 зауфIеину хуейтэкъым – журтхэм я диным имыт цIыху гуэрым и унэм щыщIыхьэкIэ, мыкъабзэ защI яфIощI.

18:29 Пилат Iэтащхьэр – еплъ Маттэ 27:2.

18:31 хьэкум – «суд».

18:32 и лIэкIэ хъунур – Рим цIыхухэм жорхэм ираIулIурэ бзаджащIэхэр яукIыу щытащ. Еплъ 3:14. «ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр яIэтын хуейщ», жиIэу Хьисэ жыхуиIа псалъэхэм къригъэкIар езыр жорым зэрыраIулIынуращ. Журтхэм укIыкIэу яIар мывэкIэ еуэурэ ягъэлIэныращ.

18:37 «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэу, сэ сыпащтыхьщ», – е «Уэ уи щхьэкIэ жыбоIэ сэ сызэрыпащтыхьыр».

щыпкъагъэм щыхьэт сытехъуэн щхьэкIэщ. Щыпкъагъэм и ужь
ит дэтхэнэри си макъым къедэIуэнущ.
[38] – Щыпкъагъэу жыхуэпIэр сыт? – щIэупщIащ Пилат.

*Хьисэ укI зэрытралъхьар*
*(Маттэ 27:15-31; Марк 15:6-20; Лука 23:13-25)*

Пилат ар жиIэщ, журтхэм я деж щIэкIыжри, яжриIащ:
– Мы лIыр зэрызгъэкъуэншэн лъэпкъ езгъуэтылIэркъым.
[39]Ауэ лъэхъуэщым щIэс гуэр Iутыж мэхуэшхуэ къэс къыф-
хуэзутIыпщыжу фи хабзэщ. Аращи, «Журтхэм я пащтыхьу»
жыхуаIэр къыфхуэзутIыпщыжыну фыхуей?
[40] – Мы лIыракъым дызыхуейр, Вараввэ къытхуэутIыпщыж,
– жаIэри зэрыгъэкIиящ ахэр. Вараввэ зи цIэр хъунщIакIуэт.

## 19-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Пилат зауэлIхэм Хьисэ яригъэубыдри, щIопщкIэ иригъэуащ
абы и ужькIэ. [2] ЗауэлIхэм банэм къыхэщIыкIауэ пащтыхь таж
яблэри, Хьисэ и щхьэм фIалъхьащ. Абэ плъыжь-фIыцIафэ
кIыхь щатIэгъащ. [3] Къыбгъэдыхьэри къыщIэнакIэрт зауэлIхэр:
– Упсэу, журтхэм я пащтыхь! – жаIэурэ.
Ар жаIэурэ, абы енэпэфауэрт.
[4] Преторием къыщIэкIыжри, Пилат журтхэм яжриIащ:
– Зэрызгъэкъуэншэн зыри зэрезмыгъуэтылIэр фщIэн
щхьэкIэ, езыр къыфхущIызош.
[5]Хьисэ банэ тажыр щхьэрыгъыу, абэ плъыжь-фIыцIафэ
кIыхьыр щыгъыу къыщIэкIащ. Пилат цIыхухэм яжриIащ:
– Мис езыр!
[6]Хьисэ щалъагъум, дин пэшэшхуэмрэ хъумакIуэхэмрэ
зэрыгъэкIиящ:
– Жорым еIулI! Жорым еIулI!
– Ар фэ фшэи, жорым ефIулI, – яжриIащ Пилат, – сэ зэрыз-
гъэкъуэншэн лъэпкъ езгъуэтылIакъым.
[7] – Дэ хабзэ диIэщ,* – къыжраIащ журтхэм. – А ди хабзэм
тету лIэн хуейщ ар, Тхьэм и Къуэу зэрызигъэIуам щхьэкIэ.

---

19:7 дэ хабзэ диIэщ – еплъ 3 Мусэ 24:16.

8А псалъэхэр щызэхихым, Пилат хуабжьу къэшынащ. 9Пре-
торием щIыхьэжри, Хьисэ жриIащ:

– Уэ дэнэ ущыщ?

Хьисэ жэуап иритыжакъым.

10 – Уэ укъызэпсэлъэну ухуэмейуэ, ара? – жриIащ Пилат
Хьисэ. – УзутIыпщыжынуи жорым урезгъэIулIынуи лъэкIы-
ныгъэ зэрызиIэр пщIэркъэ?

11 – Ди щхьэщыгу ит Тхьэм къыуимытатэмэ, къызэпщIэнIауэ
лъэкIыныгъэ уиIэнтэкъым, – къыжриIащ Хьисэ. – Апхуэдэу
зэрыщытым щхьэкIэ, уэ сыкъыпIэщIэзыгъыхьам гуэныхь
нэхъыбэ иIэщ.

12Абы къыщыщIэдзауэ, Хьисэ зэриутIыпщыжыным и ужь
итащ Пилат. Ауэ журтхэр зэрыгъэкIийрт:

– Ар бутIыпщыжмэ, кесарым уриныбжьэгъукъым. Пащтыхь
зыфIэзыщ дэтхэнэри кесарым и бийщ.

13 А псалъэхэр щызэхихым, Хьисэ къыщIишри, Пилат хеящIэ
тIысыпIэм тетIысхьащ. А тIысыпIэр здэщыIэ щIыпIэм и цIэр
Лифостротонщ, журтыбзэкIэ Гаввафэщ. 14А махуэр IутIыж ма-
хуэшхуэм и пэ къихуэ мэрем махуэт. Сыхьэтыр пщыкIутIым
дежт ар.*

– Мис фи пащтыхьыр! – яжриIащ Пилат журтхэм.

15 – Iуш, Iуш, жорым еIулI ар, – зэрыгъэкIиящ ахэр.

– Фи пащтыхьыр жорым есIулIынуи? – яжриIащ Пилат.

– Кесарым фIэкIа, нэгъуэщI пащтыхь диIэкъым, – жаIащ
дин пашэшхуэхэм.

16Апхуэдэу щыхъум, Пилат Хьисэ жорым ираIулIыну яIэщIи-
лъхьащ.

### *Хьисэ жорым зэрыраIулIар*
*(Маттэ 27:32-44; Марк 15:21-32; Лука 23:26-43)*

Хьисэ здашэри IукIыжащ итIанэ. 17Хьисэ, и жорыр ихьурэ,
къалэм дэкIри, «Щхьэ къупщхьэ» жыхуаIэ щIыпIэм кIуащ. А
щIыпIэм журтыбзэкIэ Голгофэщ зэреджэр. 18А щIыпIэм Хьисэ
жорым щраIулIащ. ЦIыхуитI ибгъу зырызым къыщыту, Хьисэ
я зэхуакум дэту, жорхэм ираIулIащ.

19:14 сыхьэтыр пщыкIутIым дежт – зэрытха дыдэр зэбдзэкIмэ, «еханэ сыхьэтыр». Абы къикIыр шэджагъуэщ.

19Пхъуэбгъу кIапэм «Назарет щыщ Хьисэу журтхэм я Пащ-
тыхьыр» жиIэу, Пилат и зауэлIхэм трыригъатхэри, жорым тры-
ригъэIулIащ. Ар журтыбзэкIи, алыджыбзэкIи,* латиныбзэкIи
тратхат. 20Хьисэ жорым щраIулIа щIыпIэр къалэм и гъунэгъути,
журтхэм ящыщу а тхыгъэм еджар куэд хъурт. 21Журтхэм я дин
пашэшхуэхэм Пилат жраIащ:

– «Журтхэм я пащтыхьыр» жыпIэу томытхэ, атIэ Хьисэ «Сэ
журтхэм срапащтыхьщ» жиIэу зэрыщытар тетхэ.

22 – Сэ стхар тхауэ щрет, – жиIащ Пилат.

23 ЗауэлIхэм Хьисэ жорым щраIулIым, и щыгъынхэр ящтэри,
дэтхэнэ зауэлIми зы Iыхьэ иратурэ, IыхьиплIу ягуэшащ. Джа-
нэри ящтащ, арщхьэкIэ джанэр мыдауэ, пщэм къыщыщIэдзауэ
и кIэм нэс зы щэкIышхуэу зэIущауэ щытт.

24 – Мыр зэпыдмыгъэжу, пхъэидзэ дывгъэщIи, зытехуэм ет-
тынщ, – жаIащ абыхэм.

Апхуэдэу щIэхъуар Хьисэ теухуауэ Тхьэм и псалъэ тхахэм
хэт мы псалъэхэр* пэж хъун щхьэкIэщ:

«Си щыгъынхэр зэхуагуэшащ,
си джанэм щхьэкIэ пхъэидзэ ящIащ».

А псалъэхэм тетущ зауэлIхэм Хьисэ и щыгъыныр зэрагуэ-
шар.

25Хьисэ и анэри, и анэм и шыпхъури, Клеопэ зи цIэм и щхьэ-
гъусэ Мэриемри, Магдалэ жылэм щыщ Мэриеми Хьисэ и жо-
рым бгъэдэтт. 26Хьисэ и анэмрэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу
нэхъыфIу илъагъумрэ абдежым щыту къыщилъагъум, и анэм
жриIащ:

– Уэ, цIыхубз, мыращ иджы уи къуэр!

27Хьисэ и гъуэгу ирикIуэм жриIащ итIанэ:

– Мыращ иджы уи анэр!

Асыхьэтым къыщыщIэдзауэ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм
ящыщу зым езым и унэм Хьисэ и анэр ишащ, ар псэупIэ хуэхъун
щхьэкIэ.

---

19:19 алыджыбзэ – грекыбзэр арщ.

19:24 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 21:19.

### *Хьисэ зэрылIар*

*(Маттэ 27:45-56; Марк 15:33-41; Лука 23:44-49)*

28И лэжьыгъэр зэрынигъэсар ищIэрти, Тхьэм и псалъэ тхахэм
хэтхэр пэж хъун щхьэкIэ, Хьисэ жиIащ:
– Псы схуолIэ.
29Серчэ изу фалъэ щытт абдежым. ЩIыфэр зэраIуэт хъы-
даным серчэр быдэу зыщIрагъэфщ, хьиссопкIэ зэджэ къамыл
башым ар фIаIури, Хьисэ и жьэм ирахьэлIащ. 30Серчэм щIэфа
нэужь, Хьисэ жиIащ:
– Си лэжьыгъэр нэзгъэсащ.
И щхьэр къыфIигъащIэри, и псэр итащ итIанэ.
31 Мэрем махуэт. КъыкIэлъыкIуэ щэбэтыр махуэшхуэт. Хьэ-
дэхэр щэбэт махуэм жорхэм памыгъэлъын щхьэкIэ, журтхэр
Пилат елъэIуащ:
– Жорхэм ираIулIахэм я лъэдийхэр зэпаудурэ,* хьэдэхэр
жорхэм къыфIахыжыну унафэ щIы.
32Арати, зауэлIхэр къакIуэри, япэрейм и лъэдийр зэпаудащ.
Хьисэ и гъусэу адрей жорым еIулIам и лъэдийри зэпаудащ.
33Хьисэ къыбгъэдыхьэхэри, зэрылIар щалъагъум, абы и лъэ-
дийр зэпамыуду къагъэнащ. 34ЗауэлIхэм ящыщ гуэр Хьисэ и
джабэм бжыкIэ епыджащ. Зэрепыджу лъырэ псырэ къыщIэкIащ
абы. 35Къэхъуар зылъэгъуар а Iуэхум щыхьэт техъуащ, и щыхьэ-
тыгъэри пэжщ. Ар зэрыпэжыр езыми ещIэ. Фэ фIэщхъуныгъэ
фиIэ хъун щхьэкIэщ ар щыхьэт щIэхъур. 36 Мы Iуэху псори ап-
хуэдэу щIэхъуар Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр* пэж
хъун щхьэкIэщ: «Абы и къупщхьэхэм ящыщ зыри зэпыуды-
нукъым». 37Абы нэмыщIу, Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэу
хэтщ:* «Зэпыджам худэплъеинущ».

---

19:31 я лъэдийхэр зэпаудурэ – жорхэм ираIулIахэм я лъэдийхэр щIызэпауду щытар нэхъ щIэх лIэн щхьэкIэщ.

19:36 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ 4 Мусэ 9:12; Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 33:21.

19:37 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэтщ – еплъ Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 12:10.

19:38 Аримафей жылэр – Ерусалим километр 35-кIэ пэжыжьэу, и ищхъэрэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ итащ.

*Хьисэ и хьэдэр кхъэлэгъунэм зэрыщIальхьар*
*(Маттэ 27:57-61; Марк 15:42-47; Лука 23:50-56)*

38 Аримафей жылэм* щыщу, Исуф зи цIэ лIы гуэр щыIащ.
Ар Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм щэхуу ящыщт. А Iуэхугъуэр
щIибзыщIыр журтхэм ящышынэти, аращ. Ар Пилат деж
кIуэри, елъэIуащ:

– Хьисэ и хьэдэр жорым къыфIэсхыжыну хуит сыщI, -
жиIэри.

Пилат хуит щищIым, кIуэри, Хьисэ и хьэдэр жорым къы-
фIихыжащ Исуф.
39 Исуф и гъусэу Никодими къэкIуащ. Никодимщ Хьисэ деж
жэщым къакIуэуэ щытар. Мэ IэфI къызыпих удзу смирнэрэ
алоерэ литрищэу хуэдиз зэхищIари къыздихьащ абы. 40 А тIум
Хьисэ и хьэдэр жорым къыфIахыжри, журтхэм хьэдэр зэры-
щIалъхьэж хабзэм тету, мэ IэфI къызыпих удзхэр и гъусэу,
джэбынхэр хьэдэм ирашэкIащ. 41 Хьисэ жорым щраIулIа
щIыпIэм жыг хадэ щыIэт. А хадэм хьэдэ зэи зыщIамылъхьа
кхъэлэгъуныщIэ итт. 42 Журтхэм щэбэт махуэм зыщыхуагъэ-
хьэзыр махуэт, а кхъэлэгъунэри гъунэгъути, Хьисэ и хьэдэр
абы щIалъхьащ.

# 20-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар*
*(Маттэ 28:1-10; Марк 16:1-8; Лука 24:1-12)*

Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм* пщэдджыжьым жьыуэ,
кIыфI зэхэту, Магдалэ жылэм щыщ Мэрием кхъэлэгъунэм
кIуащ. ЩыкIуэм, кхъэлэгъунэм мывэшхуэр IугъэукIуриикIауэ
илъэгъуащ. 2 Мэрием, ар щилъагъум, Симон Петррэ Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу нэхъ и щIасэмрэ я деж жэри, яж-
риIащ:

– Зиусхьэныр кхъэлэгъунэм къыщIахащ, здахьари тщIэр-
къым.

---

20:1 тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэр – тхьэмахуэ махуэр аращ.

3 Петррэ Хьисэ и гъуэгум ирикIуэ адрей лIымрэ унэм щIэ-
кIри, кхъэлэгъунэмкIэ яунэтIащ. 4 А тIур зэгъусэу щIэпхъуат,
ауэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей лIыр Петр нэхърэ нэхъ псын-
щIэу жэрти, ар кхъэлэгъунэм япэ нэсащ. 5 Зригъэзыхщ, щIэ-
плъэри, джэбынхэр щылъу илъэгъуащ, ауэ кхъэлэгъунэм щIы-
хьакъым. 6 Абы и ужь иту, Симон Петр нэсри, кхъэлэгъунэм
щIыхьащ. ЩыщIыхьэм, джэбынхэр абдежым щылъу илъэ-
гъуащ. 7 Хьисэ и щхьэм ешэкIауэ щыта джэбыныр адрей джэ-
бынхэм ябгъэдэмылъу, щхьэхуэу, зэкIуэцIышыхьауэ нэгъуэщI
щIыпIэ деж щылът. 8 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей лIыр, япэ
нэсар, кхъэлэгъунэм щIыхьащ. Абыи псори илъагъури, и фIэщ
хъуащ; 9 сыту жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэ-
дэу, Хьисэ лIахэм къахэтыджыкIыжын хуейуэ зэрыщытыр
абыхэм иджыри къагурыIуатэкъым. 10 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ-
хэм я деж ягъэзэжащ итIанэ.

### *Хьисэ Магдалэ жылэм щыщ Мэрием зыкъызэрыригъэлъэгъуар*
*(Марк 16:9-11)*

11 Мэрием кхъэлэгъунэм деж щыту гъырт. Гъыурэ, кхъэлэ-
гъунэм щIэплъэну зыщригъэзыхым, 12 мелыIычитI, хужькIэ
хуэпауэ, Хьисэ и хьэдэр здэщылъам деж, зыр и щхьэмкIэ,
адрейри и лъапэмкIэ, щысу илъэгъуащ. 13 Щилъагъум, абыхэм
Мэрием къыжраIащ:

– ЦIыхубз, сыт уэ ущIэгъыр?

– Си Зиусхьэным и хьэдэр щIахащ, здахьари сщIэркъым, –
жиIащ Мэрием.

14 Ар зэрыжиIэу къызэплъэкIри, Хьисэ абдежым щыту илъэ-
гъуащ, ауэ ар зэры-Хьисэр къищIыхужакъым.

15 – ЦIыхубз, сыт уэ ущIэгъыр? – къыжриIащ Хьисэ. – Хэт
узылъыхъуэр?

Мэрием, ар жыг хадэр зыгъэкI лIырауэ къыфIэщIри, абы
жриIащ:

– Зи щIыхь ин, ар щIэзыхар уэрамэ, здэпхьар къызжеIи, сэ
ар къэсхьыжынущ.

16 – Мэрием, – жиIащ Хьисэ.

Ар щызэхихым, Мэрием зэплъэкIри, журтыбзэкIэ жиIащ:

– Раввуни! (Раввуним къикIыр «Дин ЕгъэджакIуэ» жиIэу
аращ.)

[17] – УкъызэмыIусэ, – жиIащ Хьисэ, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Адэ лъапIэм деж иджыри сыдэкIуеижакъым, си къуэшхэм* я
деж кIуэи, яжеIэ: «Сэ си Адэу, фэри фи Адэу, сэ си Тхьэу, фэри
фи Тхьэм  деж сыдэкIуеижынущ».

[18]Ар къыщыжриIэм, Магдалэ жылэм щыщ Мэрием Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм я деж кIуэри, Зиусхьэныр зэрилъэгъуари а
псалъэхэр къызэрыжриIари яхуиIуэтэжащ.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм закъызэрыригъэлъэгъуар*
*(Маттэ 28:16-20; Марк 16:14-18; Лука 24:36-49)*

[19]А махуэ дыдэм, тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм и пщы-
хьэщхьэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр унэ гуэрым щызэIущIащ.
Журтхэм ящышынэрти, ахэр щызэIущIа унэм и бжэхэр къагъэ-
быдэжащ. Хьисэ абыхэм я деж къакIуэщ, жыхафэгум къытеу-
вэри, къажриIащ:

– Фигу ирезагъэ!

[20]Ар жиIэри, и Iэхэри и джабэри къаригъэлъэгъуащ. Зиусхьэ-
ныр щалъагъум, абы и гъуэгу ирикIуэхэр гуфIащ.

[21] – Фигу ирезагъэ! – къажриIащ Хьисэ аргуэру. – Адэ лъа-
пIэм сэ сыкъызэригъэкIуам хуэдэу, сэри фэ фызогъакIуэ.

[22]Ар жиIа нэужь, и гъуэгу ирикIуэхэм епщэри яжриIащ:

– Тхьэм и Псэ ЛъапIэр фигу илъ ирехъу. [23] Гуэныхьхэр зы-
хуэвгъэгъум хуэгъунущ, зыхуэвмыгъэгъум хуэгъунукъым.

*«Уэ узи-Зиусхьэнщ икIи узи-Тхьэщ» жиIэу Фомэ Хьисэ*
*зэрыжриIар*

[24]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым языр, Фомэ,
ТIолъхуэныкъуэкIэ зэджэр, Хьисэ къыщыкIуам, адрейхэм я
гъусатэкъым. [25]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей лIыхэм абы къыж-
раIащ:

– Зиусхьэныр тлъэгъуащ.

– ГъущI IунапIэхэр Хьисэ и Iэхэм ятезмылъэгъуауэ, си Iэ-
пхъуамбэри а гъущI IунапIэхэм тезмылъхьауэ, си Iэри Хьисэ и
джабэм тезмылъхьауэ, си фIэщ хъунукъым, – яжриIащ Фомэ
абыхэм.

---

20:17  къуэшхэр – зы диным итхэр зэкъуэш мэхъу.

[26] Махуий дэкIа нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр аргуэру
унэм щызэрихьэлIащ, Фоми я гъусэу. Бжэхэр къагъэбыдэжа
пэтми, Хьисэ къакIуэщ, я пащхьэ къиувэри, къажриIащ:

– Фигу ирезагъэ!

[27]Хьисэ Фомэ къыжриIащ:

– Уи Iэпхъуамбэр мэуэ къытелъхьэ, си Iэхэми къеплъ. Уи
Iэри къэший, си джабэм къытелъхьэ. Шэч къытомыхьэ, фIэщ-
хъуныгъэ зигъэIэ.

[28] – Уэ узи-Зиусхьэнщ икIи узи-Тхьэщ, – жриIащ Фомэ Хьисэ.

[29] – Сэ сыплъэгъуати, уи фIэщ хъуащ, – къыжриIащ Хьисэ. –
Мы Iуэхухэр ямылъэгъуауэ щыт пэтми, фIэщхъуныгъэ зиIэ
хъуахэр гъуэгу махуэ теуващ итIани.

*Мы тхылъыр щIэттхар*

[30] Мы нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэм нэмыщI, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм я пащхьэм мы тхылъым имыт нэщэнэ гъэщIэгъуэ-
ныщэ куэди къыщигъэлъэгъуащ. [31]Мы Iуэхухэр щIэттхар Хьисэ
Мэссихь Тхьэм и Къуэу зэрыщытымкIэ фIэщхъуныгъэ фиIэ хъун
папщIэщ, Хьисэ и цIэкIэ мыкIуэдыжын гъащIэ фиIэ хъун
щхьэкIэщ а фIэщхъуныгъэмкIэ.

## 21-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ*
*цIыхуиблым закъызэрыригъэлъэгъуар*

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм Тивериадэ гуэлым* деж аргуэру
закъыщригъэлъэгъуащ абы и ужькIэ. Ар зэрыхъуар мып-
хуэдэущ: [2] Симон Петр, ТIолъхуэныкъуэкIэ зэджэ Фомэ, Гали-
лей хэкум ит Канэ жылэм щыщ Нафанаил, Зеведей и къуитIыр,
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ нэгъуэщI лIитI зэгъусэт.

[3] – Бдзэжьеящэ сыкIуэнущ, – яжриIащ Симон Петр адрейхэм.

21:1 Тивериадэ гуэлыр – Галилей гуэлыр аращ.

– Дэри уи гъусэу дынэкIуэнущ, – къыжраIащ адрейхэм.
ИтIанэ ежьэщ, кхъуафэжьейм итIысхьэри кIуащ, ауэ а жэщым
зыри къаубыдакъым.

[4] Нэху щыщам, Хьисэ псы Iуфэм Iуутт, ауэ ар зэры-Хьисэр
и гъуэгу ирикIуэхэм къацIыхужакъым.

[5] – Ныбжьэгъухэ, бдзэжьей къэвубыда? – къеупщIащ Хьисэ.

– Хьэуэ, зыри къэдубыдакъым, – къыжраIащ абыхэм.

[6] – Кхъуафэжьейм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ хъыр
хэвдзи, къэвубыдынущ, – яжриIащ Хьисэ. Ар щажриIэм, хъыр
хадзэри, хъым апхуэдизкIэ бдзэжьей куэд къихьати, къыхахы-
жын яхузэфIэкIакъым.

[7]И гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу Хьисэ нэхъ и щIасэм Петр
жриIащ:

– Мыр Зиусхьэныращ .

Ар зэры-Зиусхьэныр щызэхихым, Симон Петр и щыгъын
щIыIутелъыр зыщихати, ар зришэкIыжри, псым зыхидзащ.
[8]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей лIыхэм бдзэжьей зэрылъ хъыр
къыздалъэфурэ, кхъуэфэжьейкIэ къэсащ. Ахэр псы Iуфэм пэжы-
жьэтэкъым, IэфракIэ щитIым хуэдиз къудейт зэрыIукIар. [9]Псы
Iуфэм къыщысым, фIамыщI мафIэр зэщIэгъэнауэ, абы бдзэ-
жьей пэрылъу, щIакхъуи бгъэдэлъу ялъэгъуащ.

[10] – Къэвубыда бдзэжьейхэм ящыщ къэфхь иджы! – яжриIащ
Хьисэ. [11] Симон Петр кхъуафэжьеймкIэ кIуэри, бдзэжьей инхэр
зэрыз хъыр псы Iуфэм кърилъэфэлIащ. Хъым илъа бдзэжьейхэр
щэрэ тхущIрэ щырэ хъурт. Апхуэдиз илъа пэтми, хъыр итIани
зэфIэтхъакъым.

[12] – ФыкъакIуи, пщэдджыжьышхэр фышхэ, – яжриIащ Хьисэ.

«Уэ хэт ущыщ?» жиIэу, и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ зыри абы
еупщIыну тегушхуакъым. Ар зэры-Зиусхьэныр къащIат. [13]Хьисэ
къакIуэщ, щIакхъуэр къиштэри, яритащ. Бдзэжьейри яритащ.
[14]Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, и гъуэгу ирикIуэхэм
абдеж ещанэрейуэ закъригъэлъэгъуауэ арат.

*Хьисэ Петр зэрепсэлъар*

[15] Шха нэужь, Хьисэ Симон Петр еупщIащ:

– Уэ, Симон, Иуан и къуэ, мыбыхэм фIыуэ сызэралъагъум
нэхърэ нэхъыфIыжу сыплъагъурэ?

– АтІэ, Зиусхьэн, – къыжриІащ Петр. – Сэ уэ фІыуэ узэрыслъагъур уощІэ.

– Си щынэхэр гъэхъу! – жиІащ Хьисэ.

[16] – Симон, Иуан и къуэ, фІыуэ сыплъагъурэ? – етІуанэу еупщІащ Хьисэ абы.

– АтІэ, Зиусхьэн, – къыжриІащ Петр. – ФІыуэ узэрыслъагъур уощІэ.

– Си мэлхэм мэлыхъуэ яхуэхъу, – жиІащ Хьисэ.

[17] – Симон, Иуан и къуэ, фІыуэ сыплъагъурэ? – ещанэу еупщІащ Хьисэ Петр.

«ФІыуэ сыплъагъурэ?» жиІэу, Хьисэ ещанэу къызэреупщІар Петр и жагъуэ хъуауэ, къыжриІащ:

– Зиусхьэн, уэ псори уощІэ. ФІыуэ узэрыслъагъури уощІэ.

– Си мэлхэр гъэхъу, – жиІащ Хьисэ.
[18] – Пэж дыдэр бжызоІэ, уэ уи щІалэгъуэм щыгъуэ уи бгым бгырыпх уэр-уэру щІэпкъузэрти, уздыхуейм укІуэрт. Ауэ жьы ухъумэ, уи Іэхэр пшиинурэ, нэгъуэщІ гуэрым бгырыпхыр уи бгым къыпхущІикъузэнурэ, уздэкІуэну узыхуэмейм уишэнущ.

[19]Хьисэ апхуэдэу щІыжриІар Петр и лІэкІэ хъунур*, Тхьэм и щІыхьыр зэриІэтыну щІыкІэр гуригъэІуэн щхьэкІэщ. Ар ириІуэкІа нэужь:

– Сэ си ужь къиувэ, – жриІащ абы Хьисэ.

*Хьисэрэ езым и гъуэгу ирикІуэхэм ящыщу нэхъыфІу илъэгъуамрэ*

[20] Петр къыщызэплъэкІым, Хьисэ и гъуэгу ирикІуэхэм ящыщу Хьисэ нэхъ и щІасэр я ужь зэритым гу лъитащ. А лІыращ пщыхьэщхьэшхэм щыгъуэ Хьисэ бгъэдэсу Іэнэм здыпэрысыр къеупщІыгъар: «Зиусхьэн, тепщэныгъэ зиІэхэм хэт уезыгъэубыдынур?» - жиІэу.

[21] Петр а лІыр щилъагъум, Хьисэ еупщІащ:

– Зиусхьэн, мы лІыр дауэ хъуну?

[22] – Сэ дунейм сыкъэкІуэжыхукІэ, ар псэуну сыхуеймэ, сыт уи Іуэхуу абы хэлъыр? – жиІащ Хьисэ. – Уэ си ужь къиувэ!

---

21:19 Петр и лІэкІэ хъунур – Петр жорым ираІулІыну аращ къикІыр; зыгуэр жорым щраІулІкІэ, и Іэхэр жорым кІапсэкІэ е бгырыпхкІэ трапхэрт.

23Арати, «Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ а лIыр лIэнукъым», жаIэри
фIэщхъуныгъэ зиIэ къуэшхэм хъыбар ирахьэжьащ. Ауэ «Ар
лIэнукъым», жиIэу Хьисэ Петр жриIатэкъым. Хьисэ къыжриIар
мыращ: «Сэ сыкъэкIуэжыхукIэ, ар псэуну сыхуеймэ, сыт уи
Iуэхуу абы хэлъыр?»
24Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ а лIыращ мы Iуэхухэм щыхьэт ятехъуэри
ахэр зытхари. Абы и щыхьэтыгъэр зэрыпэжыр дэ дощIэ.
25Хьисэ нэгъуэщI Iуэху куэди ищIащ. Сэ зэрыслъытэмкIэ, а
Iуэху псори зырызурэ тхылъ пщIатэмэ, а тхылъхэр мы дунейм
техуэжынтэкъым. Iэмин.